КІуэкІуэ Юрий зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и делегацэр Сочэ къалэм щекІуэкІ Урысей инвестицэ зэхыхьэшхуэм хэтщ

Республикэм и Унафэщі КІуэкІуэ Ю. А. зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и делегацэр дыгъуасэ лъандэрэ хэтщ Сочэ щекІуэкІ Урысей зэхуэсым. «Урысейм и инвестицэ щІыналъэхэм халъхьэ инвестицэхэр: щІыналъэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщІыхьэхэр» докладыр дыгъуасэ пленар зэІущІэм щищІащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий.

ИДЖЫРЕЙ зэхыхьэм кІуэн инэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхэплъэжащ зэман благъэм къриубыдэу зэлэжьыну инвестицэ проектхэм. Абыхэм республикэм и экономикэм и ІэнатІэ нэхъыщхьэ псори - промышленностыр, агропромышленнэ комплексыр, транспортыр, туризмэр, псэупІэ хозяйствэр къызэщІаубыдэ. А проект псоми ящкъ иткІэ къызэрагъэпэщыну лэжьапІэ ІэнатІэхэр мин 15-м ноблагъэ.

Медведев Д. А. бюджет зэхуаку политикэм пыщІа Іуэхухэм ятеухуауэ ноба яІущІэнущ Урысей Федерацэм и субъектхэм я Іэтащхьэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Правительствэм и Унафэщ Іым щыгъуазэ зищІащ ди щІыналъэм щекІуэкІ лэжьыгъэм

«Урысейм и щІыналъэхэм халъхьэ инвестицэхэр: щІыналъэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщІыхьэхэр» Урысей инвестицэ зэхуэсышхуэм щагрэхІуэкІа пленар зэІущІэм и пэ къикуэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий выставкэм и стендхэм еплъащ, апхуэдэу фІэгъэщІэгъуэну щыгъуазэ зищІащ «Кавказым щащІащ» стендым.

Кузнецов Леврэ КІуэкІуэ Юрийрэ еплъащ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкІэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм Сочэ къалэм щекІуэкІ инвестицэ зэхыхьэшхуэм къыщызэригъэпэща «Кавказым щащІащ» экспозицэм

Сочэ-2017 инвестицэ зэхыхьэшхуэм и лэжьыгъэм хиубыдэу дыгъуасэ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и ІуэхухэмкІэ и министр Кузнецов Леврэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ еплъащ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкІэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща «Кавказым щащІащ» экспозицэм. Абы щагъэлъагъуэ округым и мэкъумэш, промышленнэ предприятэ пэрытхэм я продукцэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А., «Кавказ Ищхъэрэм и щІыуэпсыр хъумэнымкІэ, абы хуэсакъынымкІэ центр» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Шюшайте Р. В. сымэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ

Сочэ къалэм щекІуэкІ Урысей инвестицэ зэхыхьэшхуэм и лэжьыгъэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ «Кавказ Ищхъэрэм и щІыуэпсыр хъумэнымкІэ, абы хуэсакъынымкІэ центр» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Шюшайте Р. В. Іэ щІадзащ лъэныкъуитІыр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

АБы щыубзыхуащ республикэм и щІыналъэм мащІэ дыдэ щыхъуа псэущхьэхэмрэ кэкІыгъэхэмрэ зэтегъэуэвэжьынымкІэ, ахэр хъумэнымкІэ зэщІыгъуу ялэжьнухэр. ЩІыуэпсыр хъумэнымкІэ проектэр хуэунэтІащ экологие жэрдэмхэр пхыгъэкІынымкІэ, щІыуэпсым и къуреягъыр щІэнщытыкІыжьнымкІэ, экологие жэуапльнымкІэ щІыхъэр хуэгъэсэнымкІэ.

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІыдзэщІащ Іащ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Хлопонин А. Г., УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Л. В. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

БАРИНОВ Игорь: Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ экстремизмэм пэщІэтынымкІэ профилактикэ лэжьыгъэр нэхъыфІу щекІуэкІ щІыналъэщым

«Известия» газетым дыгъуасэ къытехуа интервьюм ЛъэпкъІуэхуэмкІэ федеральнэ агентствэм и Іэтащхьэ Баринов Игорь щыжиІащ дин егъэлеиныгъэхэр къэмыгъэхъунымкІэ профилактикэ лэжьыгъэр нэхъ тэмэму езыгъэкІуэкІ щІыналъэщым Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр.

«ШЫНАГЪУЭ къахьу дэ къыдолъытэ, псалъэм папщІэ, ислъам диныр къэзыгъэсэбэпыну ухуэдэ щІыпІэ щхьэхуэхэм. Ислъам диныр куэд щІауэ щАІыгъ Тэтэрстаным, Башкортостаным, Къэбэрдей-Балъкъэрым я лэжьэкІэм къызэригъэпльагъэмкІэ, абыхэм я муфтийхэм куэд зэфІагъэкІ егъэлеиныгъэхэр зэрыщынагъуэр, Урысейм и мусЛыымэхэм яІыгъ динымрэ абы къемызэгъ хабзэу иджыпсту къежьахэмрэ я зэщхьэщыкІыныгъэр жэмыхьэтым ягурыгъэІуэным хуэгъэзауэ», - къыхигъэщхьэхуКІащ Баринов И. В.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

УФ-м и Президент Путин В. В. социальнэ Іэнатіэм екъэІа и указхэр гъэзэщІэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр ялэ ит щІыналъэпщІым ящыщщ

2017 гъэм и щІышылэ мазэм «Медиалогия» компанием иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ УФ-м и Президент Путин В. В. социальнэ Іэнатіэм екъэІа и накъыгъэ указхэр гъэзэщІэнымкІэ къэралым щыпашэ щІыналъэу 10-м.

МЕДИАРЕЙТИНГЫМ зэритымкІэ, указхэу «Къэрал социальнэ политикэр пхыгъэкІынымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» №597-р, «Узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм хуэгъэза къэрал политикэр егъэфІэкІуэным и Іуэхукіэ» №598-р, «Урысей Федерацэм щрагъэкІуэкІ демографие политикэр гъэзэщІэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» №606-р, «Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я ІэнатІэхэм яхуэгъэза къэрал политикэр гъэзэщІэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» №599-р гъэзэщІэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыдэкІуэу, нэхъ ерыщу елажьхэм ящыщщ Свердловскэ, Москва, Липецкэ, Мурманскэ, Ростов, Самарэ, Тулэ областхэр, Дагъыстэн Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ.

НОБЭ

♦**1732 гъэм** Петербург Урысейм щыяпэ Кадет корпусыр - дзэм къулыкъу щызыщІэну зи мурад щІалэгъуалэр абы щыхуагъэхьэзыр Іуэхущ Іапі э - къыщыізэІуахащ.

♦**1854 гъэм** США-м и Республикэ партыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1913 гъэм** Даниеи щыщ физик Бор Нильс атомым и планетарнэ зэхэлъыкІэм теухуа и лэжьыгъэр хэлъщІыу ищІащ. А къхэутэныгъэм папщІэ Бор кІыхуагъэфэщауэ щытащ Нобель и саугъэтыр.

♦**1921 гъэм** Москва Іэ щытрадзащ РСФСР-мрэ Афганистанымрэ зэныбжьэгъуныи теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦**1922 гъэм** Мысырыр Инджылызым къызэрыхэкІым теухуа унафэ къащтащ.

♦**1935 гъэм** США-м щыщ химик Каротерс Уоллес Хьюм нейлоныр зэхилъхьащ.

♦**1955 гъэм** къызэІуахащ Ханой - Пекин - Москва - Берлин къалэхэр зэпызыщІэ гъущІ гъэгущІэр.

♦**1956 гъэм** США-м я къыщагъэсэбэпу хуэжьащ зэпэщхьэхуэу лажьэ компьютерхэр зэрызэпащІэ кІапсэр.

♦**1990 гъэм** Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1991 гъэм** Перс псыдэжьІпІэм щекІуэкІа зауэр иухащ.

♦**1993 гъэм** генерал Аушев Руслан Ингушым и президенту хахащ.

♦**1996 гъэм** Урысей Федерацэр Европэм и Совет хыхьащ. Абы хыхьэн щхьэкІэ къыхуагъэув къалэн нэхъыщхьэм - цІыхум и судыр уклІэ мыщІэным теухуам - арэзы техьэун хуей хуауэ щытащ УФ-р.

♦**2010 гъэм** Канадэм щыщ Ванкувер къалэм и Би-Си Плэйс стадионым щызэхуащІыжащ XXI ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. КъыкІэлъыкІуэ апхуэдэ зэпеуэхэр щекІуэкІыну Сочэ къалэм и лІыкІуэхэм абдежым къыщратыжащ Олимп Джэгухэм я ныпыр. ♦Актёр, РСФСР-м щыхъ зиІэ и артист **Смирнов Алексей** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, Сталин Иосиф ипхъу **Аллилуеевэ Светланэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ-уэрэдус цІэрыІуэ **Къанкъуе ФІыцІэ** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦УсакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сонэ Абдулчэрим** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Васильевэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, гу зыфэхэм щІэІэзэ республикэ центрым и дохутыр нэхъыщІхь, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Щэрдан Нодар** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы Іакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Уэтэр МуІэед** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Жэрыкъуэ Борис** къызэралъхурэ илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей хореограф цІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Сигаловэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 10, жэщым градус 1 - 2 щхьэхуэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи жьэр инрэ уи щхьэр цІыкІумэ - уунэхъуащ.

ЛІыгъэмрэ хахуагъэмрэ ягъэлъапІэ

Хэкум и хъумакІуэм и махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэтауэ щагъэлъапІащ. Абы теухуа Іуэхуэхэм щыщІадзащ Налшык къалэм щыІэ «�щІыхьым и мафІэ мыужьых», Совет Союзым и ЛІыхъужьхэмрэ «�щІыхьым и дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэщахэмрэ я фэеплъхэм деж.

ХЭКУМ и щхьэхуитныгъэм зи псэ щІэзытахэм яхуэщыгъуэу цІыхуи 100 бжыгъэхэр дакъикъэкІэ щыму щыта нэужь, удз гъэгъахэр фэеплъхэм тралъхьащ. Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я Унафэщіхэр, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, Іэщэкіэ Зэщіэуэзда къарухэм къулыкъу щызыщІэхэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, курыт еджапІэхэм щІэсхэр, студентхэр.

ЛІыгъэмрэ хахуагъэмрэ щагъэлъапІэ зэхыхьэхэр щекІуэкІащ республикэм и районхэми.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

КІуэкІуэ Ю. А. пщэрылъ зэращищІам тету, Хэкум и хъумакІуэм и махуэм и пэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа щІалэхэм къулыкъу щащІэ, Москва и Іэшэлъашэхэм щыІэ дзэ частхэм ящыщ зым кІуащ республикэм и лІыкІуэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІыр

КъБР-м и лІыкІуэу УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыІэ Быкъыш Ратмир еплъащ дзэ къулыкъур ирахьэкІын папщІэ сэлэтхэм къыхуэзрагъэпэщ Іэмалэхэм икІи частым и командирэм яхуэзащ.

ДИ ЩІАЛЭХЭМ дагъуэ къызыхуащІ яхэткъым. Частым и унафэщІхэм зэрыжаІамкІэ, абыхэм дисциплинэ лъагэ яхэлъщ, дзэ къулыкъум хиубыдэ Іэщіагъэхэр нэхъ нагъэсауэ зэрызрагъуэтыным хущІокъу.

Республикэм и лІыкІуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и цІэкІэ ди лъахэгъу щІалэхэм Хэкум и хъумакІуэм и махуэмкІэ екъуэжьащ икІи ди щІыналъэм, республикэм, я адэанэхэм яхуэфащэу щытыну къыхуриІащ.

ЗэІущІэм и кІэухым абы хэтахэм зэщІыгъуу сурэт зытрагъэхащ икІи Быкъыш Ратмир псомкІи фэеплъ тыгъэхэр яхуищІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Обозревателым и псалъэ

А махуэхэм щыгъуэ

Зыхуэгъэза мурадхэмкІэ зэтемыхуэми, революциІри къуэпскІэ зэпыщІащ

XX лІэщІыгъуэр Урысейм и тхыдэм хыхьащ илъэсищэ и пэкІэ, 1917 гъэм екІуэкІа Февраль, Октябрь революцэхэм я лъэхъэнэу. Абы ди къэралышхуэм и мызакъуэу, дуней псом мыхьэнэшхуэ дыдэ щІащ.

СЫТ революцэхэм я къежьапІэу щытар? А упщІэм жэуап еттын папщІэ, дэ жьжьэ дыІэбжьын хуейщ. Псом япэу белджылы хъуакІэт пащтыхь властыр зэманым къызэремызэгъыжьыр. Илъэс 300-м щІигъукІэ тетыгъуэр зыІыгъа Романовхэ я лІакъуэр псоми яІэщІэужэгъуат. Пащтыхьым Іэщіэлъэт власть псори. Демократие гуэри щыІэтэкъым. Европей къэралхэм я пащтыхьхэм ар псынщІэу къагурыІуэри, езыхэм я лъэкІынигъэм кІуэдыдэкІэ кІэрагъэхуат. Псалъэм и хьэтыркІэ, Инджылызым, Нидерландэм, Данием, нэгъуэщІ къэрал куэдым я Іэтащхьэу щытахэм. Пащтыхь властыр зэхъуэкІынымкІэ, абы и пІэкІэ демократием хуэлажьэ правительство къызэгъэпэщыным куэд щІауэ щІэбэнырт революцэ къарухэр. Абыхэм 1905 - 1907 гъэхэм пащтыхьыр тредзыным къэнэжар зымащІэт. Арщхьэкіэ, япэ урыс революцэр и кІэм нагъэсафэкъым, ауэ зыкъэзыІэта цІыхубэм абы дерс къыхахащ.

Сэмэгу партэм я къарум еплъыжьну Іэмал зигъэтащ 1917 гъэм. А зэманым Япэ дунейпсо зауэр и гуащІэгъуэу екІуэкІырт. Абы зыкІи хуэмыхьэзыр (икІи щхьэусыгуэу гуэри имыІэу) хихьа Урысей фронт псоми къыщыхагъащІэрт. Империе абрагъуэр бэлыхьышхуэ хэхуат. Къыпэшхуэхэм щІакъуэр, нэгъуэщІ ерыскъыхэкІхэр хуабжьу къащемэщІэкІ хъуащ. Апхуэдиз гугъуехьыр зыхуэмышэч гуащІэрыпсэуэхэм щІыпІэ-щІыпІэхэм зыкъыщІэтащ. Петроград и рабочэ мин 90-м лэжьыгъэр щагъэтащ, 1917 гъэм мазаем и 18-м абыхэм я гъусэу уэрамхэм дыхьащ Путилов заводым и лэжьакІуэхэри. ЩІыхьэрым демонстрацэхэмрэ пэкІуэсмрэ кІэ имыІэжу щекІуэкІырт. Итіани Николай ЕтІуанэм дичыхьи идакъым. Мазаем и 25-м и пщыхьэщхьэм абы унафэ ищІащ зыкъэзыІэтахэр гущІэгъуншэу зэтрауІэкІну. Арщхьэкіэ сэлэтхэм ядакъым цІыху мамырхэм яхэуэн. Абы и пІэкІэ Волынскэ полкым и гвардейцхэр полицэм япэуащ.

Думэм и унафэщІ Родзянкэ Михаил Николай ЕтІуанэм жриІащ Правительствэр зэрымылэжьэжьыфыр. Революцэм зримыгъэубгъын папщІэ, абы къигъэуващ жылагъуэм дзыхь зыхуищІ цІыхур зи пашэ правительствэщІа къызэрагъэпэщыну. Арщхьэкіэ, ещ Думэр пІалъэкІэ зэбграгъэкІащ. Конституцэ монархиер зэтраухуэну яІа Іэмалыр благъэкІащ. Революцэр зэтрапІытІэн папщІэ, пащтыхьым къариутІыпща дзэхэр Гатчинэ и деж къыщызэтрагъэувыІащ зыкъэзыІэта гъущІ гъэгу лэжьакІуэхэмрэ сэлэтхэмрэ. Мазаем и 27-м Петропавловск быдапІэр къащта нэужь, белджылы хъуащ революцэр зэрытекІуар. Пащтыхь министрхэр ягъэтІысащ.

ВластыщІэм и органхэр къызэрагъэпэщащ. Арщхьэкіэ ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм хэтхэм пщІэм щыхьыр яІэтэкъым. Аэр зыкуейр Урысейр буржуазие ууэкІэм трагъэхьэнырт. Апхуэдэ щытыкІэм къэралыр гугъуехь инхэм къыхишыфынутэкъым. Экономикэр нэхъри ехуэхырт. Советхэм зыщагъэбыдэрт большевик партым хэтхэм. 1917 гъэм и ГъатхэпэМ щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм нэсыху Урысейм властитІ щыІащ - правительствэм езым илэжьхэр иригъэкІун хуей хъурт Петроград Советым и Іуэху епльыкІэм.

ЕтІуанэ лъэхъэнэм, 1917 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 25-м нэсыху, Урысейм унафэ щыхьыщІар ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм и заукъуэщ. Абы хэтт социалистхэу зызыбжьж эссерхэмрэ меньшевикхэмрэ. Арщхьэкіэ апхуэдэ зэкъуэтыныгъэм жылагъуэр зэщІигъэуІуэфакъым. ИтІанэ къару лъэщкІэ утыку кхихьащ Ленин Владимир зи пашэ РСДРП-м хэт большевикхэр. Абыхэм жэпуэгъуэм и 25-м Петроград и Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэхэр яубыда иужь, белджылы хъуащ Октябрь революцэр зэрытекІуар. ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэр зэбграхуащ, абы и унафэщІ Керенский Александр американ посольствэм и машинэмкІэ щІэпхъуэжащ, матрос фащэ щыгъуэну (дэ школэм дызэрыщІрагъэдж тхьэдэ тхьылъэм зэритар цІыхубэ фащэ щыгъуэущ, ауэ ар мыпэжу къыщІэкІащ). Ар езыр политикэ Іущагъэ гуэри зыхэмылъ цІыхут, зэрысабийрэ зыщІэхъуэпсари артист хъунырт, зэрымыщІэкІэ іпхагапІэм къытехутауэ арат.

Ленин Владимир и пашэу ЦІыхубэ Комиссархэм я Совет къызэрагъэпэщам хыхьахэм я нэхъыбэр щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэрт, политикэ бэнэныгъэм ипсыхьахэрт. Абыхэм занщІэу жалащ Урысейм щыпсэу цІыху псори, ис лъэпкъхэри хуитныкІэ зэрызэхуаГъадэр, къэралыр Япэ дунейпсо зауэм къызэрыхэкІыжьыр. Апхуэдэ политикэм и сэбэпышхуэ кьекІащ империем и щІыпІэ пхыдзахэм щыпсэу лъэпкъхэми.

Октябрь Революцэм гъэунэхуныгъэ зыхэлъэхэр къыпэплъэрт. Апхуэдэу щытащ Граждан зауэр. Антантэм щыщ къэралхэр къызыдэІэпыкъу хужь зэщІэхъееныгъэм щІидзащ, генерал Корниловым 1918 гъэм и щымахуэм Дон псым и Іуфэм зыщыгъэбыда иужь. Абы пэщІагъэувэн папщІэ къызэрагъэпэщын хуей хъуащ Дэз Плъыжьыр. ЦІыхубэм щыщ диныгъэ къаруущІэм Корниловым и мызакъуэу, ижьжьІэ зэхихьутащ Колчаки, Деникини, Врангели, Юденичи, нэгъуэщІхэми я дзэхэр. ИтІанэ белджылы хъуащ къимыгъэзэжыну Октябрь революцэр зэрытекІуар. Дауи, Антантэм диІыгъ бийхэр иужькІи пыкІакъым я мурадым. Арщхьэкіэ ахэр властыщІэм пэлъэщакъым.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, къухьэпІэ хэзрахэр шынащ езыхэм я дежи Урысейм щыІам хуэдэ революцэ къыщыхъункІэ. Аращ псэуныгъэ и лъэныкъэкІэ реформэ инхэр ирагъэкІуэкІынымкІэ къызыхэкІар. Апхуэдэу щыщыткІэ, Октябрь революцэм и сэбэп абыхэми екІащ.

Зи гугъу тщІы Іуэхуэхэр къыщыхъуар илъэси 100-кІэ узэІэбжьІыжмэщ. СССР-р къызэрагъэпэща иужь, большевикхэм зыми пимыкІуэтыну хэрат абрагъуэ зэтраухуащ. Абыхэм я Іэужьхэр мыкІуэдыжьыну тхьідэм къыхэнащ. Хуабжьу ди жагъуэ хъууэ мыбдежьм къыщыдогъэсэбэп «тхьідэм къыхэнащ» псалъэхэр. Граждан зауэми Хэку зауэшхуэми щыхь пылъу къыхэкІа СССР-р акъыльнышагъэкІэ якъутэфащ цІыху зыбжанэм. Ари XX лІэщІыгъуэм екІуэкІа революцэу къэпльытэ хъунущ. Ауэ ар нэгъуэщІ псалъэмакъщ.

ШАЛ Мухьэмэд.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКІ

№№35-36 (23.444) ● 2017 гъэм мазаем (февралым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Щэнхабзэм и лъапІэныгъэхэр псоми зыхащІэн папщІэ

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм иджыблагъэ щекіуэкіащ 2016 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэр къыщапщэж, илъэсыщІэм ящІэнухэр щаубзыху зэІуІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыщыпсалъэм зэхэхауэ къытеувыІащ яІэ ехъулІэныгъэхэм. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, гъэ кІуам гулъытэ нэхъ зыхуащІахэм ящыщщ Іэхуащ Іапіэхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэныр, профессиональнэ гъуазджэм, щІыхубэ творчествэм зегъэужьныр, республикэм щыпсэу дэтхэнэми щэнхабзэ лъапІэныгъэхэр зыхегъэщІэныр, нэгъэущІхэри.

ЩІыналъэм жылагъуэ-щэнхабзэ гъащІэр жыджэру щокІуэкІ. Гъэ кІуам ди творческэ гупхэр зэхьыхьэ куэдым хэтащ. Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ къызэрыщытхэр ильэс 71-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ дубзыхуэ щэнхабзэ программэр зэпэщу дгъэззэщащ. Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэр, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр, Славян тхыбзэм и махуэр, Сабийхэм ящащхьэщыжьным и дунейпсо махуэр, Урысейм и махуэр, Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэр екІуу екІуэкІащ. Адыгэхэм я щыгъуэщІэж махуэм, Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэм, КЪБР-м и Къэралыгъуэр ильэс 95-рэ щрикъум ятеухуа зэхьыхьэхэр зэхэтщащ.

Дунейпсо, урысейпсо, хэгъуэгу проектхэм хьихьэу фестиваль зыбжанэ республикэм щедгъэкІуэкІащ. Апхуэдэхщ РСФСР-м и щІыхубэ артист ТІыхъужь Алий и фэеплъу къызэрагъэпэща «Улыбка друзей» Кавказ Ищхьэрэ фестиваль-зэпеуэр, Урысхэм я щэнхабзэм и фестивалыр, Темыркъан Юрий и цІэр зэрихьэу классикэ музыкэм и дунейпсо фестивалыр. Щэнхабзэмкіэ министерствэр жыджэру хэтащ Нэзрэн щекІуэкІа «Кавказ джэгухэр» щэнхабзэ фестивалми. Республикэм щыпсэу куэдым гукъинэж ящыхъуащ дунейпсо щэнхабзэм я гуащІэ хэзыльхьахэу Темыркъан Юрий, Евтушенко Евгений, Шемякин Михаил сымэ хэту къызэрагъэпэща зэІуащІэхэр, апхуэдэуи Валаам къуЛъшырыфым и хорым и концертыр.

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым, Композиторхэм, Театрым и лэжьакІуэхэм, Сурэтыщіхэм, ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэр зыхуэдэм, абыхэм я мыхьэнэм тепсэлъыхьащ министрыр.

- Си гуапэу къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт гъэ кІуам творческэ цІыху 600-м я стипендием хуэдитІкІэ зэрахуэхдгъэхъуар, - жиІащ Къумахуэм. - Абы къыщынэмыщІауэ, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакІуэ цІыху 15-м сом мин щырищ, зэфІэкІ лъагэ къэзыгъэлъэгъуа ныбжьыщІэ 35-м дэтхэнэми сом минрэ щитхурэ еттыну яхуэдгъэуващ.

Ди щэнхабзэм и фІыпІэр щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэлъэгъащ. Апхуэдэу Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр Ставрополь щІыналъэм, Дагъыстэным, Адыгеим щыІащ. Кулиев Къайсын и цІэр зезыкьэ Балъкъэр къэрал театрым и зэфІэкІыр щигъэлъэгъуащ Кърымым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополъем. Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал театрыр Шэшэн, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Ставрополъем щыІащ. СпектаклыщІэ гъэувыныкІэ ди театрхэм яІа къалэнхэр ягъэззэщІащ.

Республикэм и щыналъэхэми щэнхабзэ зэхьыхьэр жыджэру щекІуэкІащ. Тэрч, Бахьсэн, Дзэлыкъуэ щыналъэхэм гъэрэ щыІэрщыІэзэкІыр дахэу щагъэлъэпІащ. Прохладнэ щІыналъэм «Литературный перекрёсток» творческэ зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщащ, Лэскэн районым щІыхубэ творчествэмкІэ «Лэскэн пшэплъэр» фестиваль щызэхэтащ, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм «Мираж» рок-фестиваль щыІащ, адрей щІыпІэхэми Іэхэу щхьэпэхэр щекІуэкІащ.

ЗыІуэ гугъуехьхэм я гугъу щыщІым министрым жиІащ щэнхабзэ муниципальнэ Іэхэущіапіэхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр къызэрытІэсхъар, апхуэдэ унэхэр жьы зэрыхъуар икІи абы и лъэныкъуэкІэ къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я къудзэхэм захуигъэзащ щхьэж и щІыналъэм абы и лъэныкъуэкІэ щыщыІэ щытыкІэр къихутэу, ар зэребгъэфІакІуэ хъуну Іэмалхэм егупсысыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым музей 20-м нэблагъэ итщ, абы щыщу 3-р къэралым ейщ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и къудамэу 8, зы уней музей диІэщ. Псори зэхэту музейхэм хьэпшып 198525-рэ щІэлъщ. Абыхэм я лэжьыгъэм арэзы укъищІми, языныкъуэ унэхэр кхъахэ хъуащ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм 2017 гъэм зыхуигъэувыж къалэн пэрытхэм хохьэ жылагъуэм, псом хуэмыдэу къыдэкІуэтей щІэблэм, псэкупсэ, хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъэтыныр, я творческэ зэфІэкІым зегъэужьныр, абыхэм зыкъыщагъэлъэгъуэн утыку етыныр.

Гулъытэ ин зыхуащІынуэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 460-рэ зэрырикъум иращІэкІыну дауэдапщэхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъыжьхэм я юбилейхэр гъэлъэпІэныр, къызэралъхурэ мы гъэм ильэси 100 ирикъуэу КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ Кулиев Къайсынрэ лъэпкъ литературэм и классик Шортэн Аскэрбийрэ ятеухуа зэхьыхьэхэр къызэгъэпэщыныр.

Къумахуэ Мухьэдин коллегием хэтхэм гу лъатэну къыхуриджэкІ 2016 - 2018 гъэхэм щэнхабзэ Іэхэущіапіэхэм Іэхэутхьэбзэ зэращІэм и фІагъыр къэпщытэнымкІэ лэжьыгъэр мы гъэм библиотекхэм, киновидео Іэхэущіапіэхэм, ЦІыхубэ художественнэ ІэщіагъэхэмкІэ республикэ центрым яхуэгъэзауэ зэрыщытынур. Апхуэдэ лэжьыгъэ муниципальнэ щІыналъэхэм щыІэ щэнхабзэ Іэхэущіапіэхэми щрагъэкІуэкІынущ.

ХЬЭЛЫШХ Анна.

Къумахуэ Мухьэдин

Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

● Коллегиехэр

● Фэеплъ

Зэманыр ІуэхукІэ зыгъэнщІа

Темыр (Мамхэгъ) Рае и гъащІэм, и дуней тетыкІам, хэлъа хьэл дахэм, гуапэгъэм, адыгагъэм, лъэпкъым хуиІа лъагэуныгъэм хуэфащэ псалъэ къыхуэбгъуэтыну тыншкъым, ауэ нэхъ гугъужщ абы адыгэбзэ щІэныгъэм, тхыдзм яхуилэжьа Іуэху щхьэпэхэм нэгъэсауэ утепсэлъыхьынри. ЕтІуанэм сыкъытеувыІэмэ нэхъ сфІэиригъэущ. еджагъэшхуэхэм я лэжьыгъэхэм, къахутахэм цІыху куэд щыгъуазэкъыми.

ПСОМИ ящІэ Рае нэмысышхуэ зэрыхэлъар, бын хьарзынэ зэриІар, пщІэ зыхуащІ унагъуэ къызэрыхэкІар. Абы хуэзфІэкІащ къыщалъхуа Жьакуэ къуажэми щыыса Хьымэрэ къуажэми дэсхэм фІыІуэ закъригъэлъагъун. И щхьэгъусэ Темыр Умар ильэс куэдкІэ щыпсыкъуэхуэ пэрытащ. Рае абы хуэфащэу, сыткІи зыщІигъакъуэу, Іэхэу Іэджи щхьэщихыу къызэдгъэуэгурыкІуащ а тІур. Мыбдеж газетым еджэхэм гу лъегъэтэнут зы Іуэхугъуэм. Совет лъэхъэнэми нобэрей зэманми къулыкъу зыІигъхэм, зэфІэкІ ин зиІэхэм я фызхэм ящыщ Іэджэм «я напщІэм тель» хабзэщ къамылэжьа екъулІэныгъэхэр, егъэлея пагагъэр. Темыр Рае зыми дильэгъуэкъым апхуэдэ хьэл, зэи хэІэбэртэкъым и щхьэгъусэм и Іуэхухэм. Пэжщ, къэхъурт Умар ельэІуурэ къащхьэщыжьын зимыІэ цІыхухэм щадигъэІэпыкъу. Псалъэм папщІэ, сэ Москва аспирантурэм сызыгъэкІуар Темыр Умарщ. Рае абы жриІат си адэр зауэм зэрыхэкІуэдар, интернатым сызэрыщеджар (езы Умари а интернатым щеджащ, нобэ «зауэм и бынхэр» жьхуаІэ щІэблэм ящыщщ). Ар нобэ къыздэсым си гум фІыуэ яхуитщ Раерэ Умаррэ. Си закъуэкъым а тІум я сэбэп зрагъэкІар, гъэзу тэмэм трагъэхьар.

Рае и гуащІэри и гъащІэри нэхъыбэу зытриухуар адыгэбзэр джынырщ, абы и Іуэху зыхэмыбзкэр къэхутэнырщ. Ар къалэн нэхъ гугъуэхэм ящыщщ. Ди зэманым адыгэбзэм тепсэлъыхьхэр нэхъыбэ хъу зэпытщ, абы яхэтщ бзэр зимыІэщІагъэхэри, ар зымыджахэри, езымыгъэджкэри. Абыхэм я жагъуэ сщІыну сыхуейкъым, ахэри тогуэвыхь адыгэбзэр зэрытІэщІэкІым, ауэ бзэм зэрызиужьыным теухуауэ зэдэІуэн хуейр псом япэ щІэныгъэлІэхэщ, Къумахуэ Мухьэдин хуэдэхэрщ.

Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу адыгэбзэм елэжьхэм япэ игъэщІапхъэщ Темыр Рае. Ар абы и Іэщ Іагъэт, и Іагъэр. Ежьмыбгъэжу къыхутэрт адыгэбзэр щІыпІэ зэхуэмыдэхэм къызэрыщагъэсэбэпыр, инжыджэдсхэм я псэлъэкІэм хьэлэмэтагъуэ хэлъыр, адыгэхэр зэпэІэщІэ зэрыхъуам къиша зэщхьэщыкІыныгъэхэр, адыгэбзэмрэ абазэбзэмрэ зэрызэхущытыр, яхэтащ псалъалъэ зэхэзылъхьэхэм. Къумахуэ Мухьэдин и проекткІэ томитІ хъууэ «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» и фІэщыгъэщІэу 2006 гъэм къыдэкІащ къэхутэныгъэ ин, пщІэшхуэ зыхуащІ. Абы ихуащ Темыр Рае и лэжьыгъэсхьэпэ «Язык черкесов, адыгов КЧР». Ар и щыхьэтщ Рае еджагъэшхуэ пэрытхэм зэрыхабжэм. Тхылъ щхьэхуэ зыбжанэ, статья куэд дыдэ итхащ Рае, ахэр еджанІэхэм къыщагъэсэбэп. Сэри университетым адыгэбзэр щыщІэгъэджым тегъэщІапІэ сщІаи яхэтщ.

Бзэ щІэныгъэм и закъуэкъым Темыр Рае лъэужь дахэ къызыхинар, атІэ и мыхьэнэр зыкІи нэхъ мащІэкъым абы адыгэ тхыдзм хуилэжьам.

ГъэщІэгъуэнщ адыгэм ди Іуэху зехьэкІэр. Дэр нэхъ тхыдэ бей зиІэ лъэпкъ щыпсэуркъым Кавказ Ищхьэрэм, ауэ абы хуэфащэ, тхыдзм елэжь щІэныгъэлІ диІэкъым. Зи блэкІар жыжьэ нэмыс ди гъунэгъуэм я тхыдзр къзэзыхтэ щІэныгъэлІэкІэ я куэдыкІейщ. (Ди жагъуэ зэрыхъуащ, я мащІэкъым щымыІэ къэзыгупсысхэри). Апхуэдэ щытыкІэм иригузавэу къыщІэкІынти, Темыр Рае адыгэхэм ятеухуа тхыдз щІэныгъэми и гуащІэ хилъхьащ. ФІэщхъуныгъэ хэлъу, узыІэпишэу тетхьыкащ беслъэнейхэм я къэкІуэкІыкІам, архив тхыгъэхэр къигъэсэбэпурэ, нэхъыжьхэм япкърыупщІыхьурэ.

Тхыдзм щыщу Рае и къару нэхъыбэ зыхилъхьар беслъэнейхэм я къекІуэкІыкІарщ, абы теухуауэ итхахэм щІэныгъэлІхэмрэ критикэмрэ уасэшхуэ хуащІащ. Адыгэм я тхыдзм, я хэкум, я псэукІэм, пасэм тетхьыхьахэр хамэ щІэныгъэлІхэрщ, я нэгу зрагъэужьыну, зекІуэу ди хэкум пІалъэ кІэщІкІэ къихьахэрщ. Пасэм тхыбзэ зэрыдимыІам къыхэкІкІэ, езы адыгэхэм, Іуэрыпуатэ мыхъумэ, щІагъуэ тхауэ къагъэнэфакъым. Аращ ди фІэщыгъэцІэхэр, щІыпІэцІэхэр щытрфІэкІуэдыр. Урыс-Кавказ зауэм щыгъуэ абыхэм я нэхъыбэр урысхэм зэрахъуэкІащ. Адыгэ щІыпІэцІэхэм зэранышхуэ ирагъэкІащ пащтыхь колонизаторхэм я унафэкІэ ди щІыгум щыщ Іыхьэшхуэ зыпыса лъэпкъхэми: къэрэшейхэм, балъкъэрхэм, ингушхэм, осетинхэм. Адыгэм я нэхъыбэр Уэсмэн империм щикІыжьым хэкум къинахэри зэкІэщІэнащ, щыгури къэзакъхэм зэхуагуэшащ, я Іыхьэ къалъысащ зи цІэ къитІуа лъэпкъхэми. Абыхэм яхъуэжащ ди фІэщыгъэцІэхэри. Уеблэмэ «хэІэбащ» адыгэ Іуэрыіуатэми, езым яйуэ къыщІрагъэдзыну хэтщ пасэм къытэкІа цІыху цІэрыІуэхэри (псалъэм папщІэ, Черкасскэ унэцІэ зезыхьа адыгэхэр). Къэрэшейхэм «Гуащэгъагъ уэрэдыр» (мар абазэ бзыльхъугъэм адыгэбзэкІэ иусащ) «зыльагъэсащ», Іэдииху чэщанэри зымей къэрэшейхэми нэгъуейхэми я тхыдзм хагъэувэну хэтщ.

Зи гугъу тщІы Іуэхур гъэбелджылыным и зэфІэкІ хилъхьащ Темыр Рае. Абы и брошюрэ «К этимологии имени «Адиюх» зыфІищам ФІэщхъуныгъэ хэлъу сэтей щищІащ «Іэдииху» чэщанэр къэбэрдеипщ ХьэтІохъущокъуэ Темрыкъуэ зэриухуари, ар щауху ильэсри (1761 гъэм, Лавров Л. зэрыжиІэмкІэ, чэщанэхэм а зыращ щащІар белджылыуэ къалъытэр), Іэдииху и образыр адыгэ Іуэрыіуатэм убгъуэуэ зэрыхэтри, чэщанэр зытрагъэува щІыпІэм пасэрей дыдэ «Къалэжь» быдапІэ зэрыщыІари. Мы чэщанэм и щІэр фІэзыщар къэрэшейуэ зытха «Хаджилаев Х. И., нэгъуейхэрауэ тезыгъэчыныхь Булгаровэ М. А. сымэ къагъэсэбэпар псалъэм и мыхьэнэ закъуэращ (ари зэрымытэмэмыр Рае къеГъэльагъуэ, къыщІегъащ ахэр бзэм и хабзэм зэребгъкъуэр). Абыхэм жаІэхэр щІэгъэбыдакъым Іуэрыіуатэмкіи тхыдзтхэм я къэхутэныгъэхэмкІи. Темыр Рае мы лэжьыгъэм деж тхыдзтх нэсу зыкъыщигъэлъэгъуащ, абы щІэгъэкъуэн ищІащ бзэр куууэ зэрищІэр, къигъэсэбэпащ щІэныгъэлІхэм я Іэдакъэщ Іэкі тІощым нэс. Рае и даузгъуэм хуэмыдэу аргумент къихьхэр езым и щхьэзакъуэ гупсысэм хуихькъым, ахэр ирепх пщІэ зиІэ ежьагъэшхуэхэм жаІам, аращ итхэр зэрыпэжым шэч къыщыхтедмыхьэр. ЩІэныгъэлІхэм, еджагъэшхуэхэм къахокІ я лъэпкъ лъагъуныгъэм зи нэхэр къыщхьэрипхъуа. ЦІыхум и сабийр егъэлеяуэ фІыуэ илъагъумэ, ар сэхъуджа мэхъу. ЩІэныгъэр бззэрым е политикэм ещхьу пщІы упсыпІэкъым. Уи гъэрыкъуэм я зэрыхъунщІ, чэщ и илъэсхэм щІэныгъэлІхэм къахэкІ хъуащ «пщІм льаькъуэ щІэзыгъэувэну» хэтхэр. Апхуэдэхэм Темыр Рае япэщІэтащ зи гугъу тщІы лэжьыгъэ щхьэпэхэмкІэ.

Рае и гъащІэ псор лэжьыгъэкІэ гъэнщІауэ щытащ, аращ абы бзэщІэныгъэми этнологиеми лъэужьыфІ къыщыхьинфари. Ар дунейм тетащ щІыху хьэлэту, и лъэпкъми, и щхьэми пщІэ яхуищІыжу, езыри куэдым фІыуэ къалъагъуу. А лъагъуныгъэ къилэжьащ и гупсысэмкІэ, адыгэм хуилэжьамкІэ. И бынхэр зэрыгушхэн дуней тетыкІэ иІащ абы. Ар зимыуасэ щыІэкъым.

БАКІУУ Хьанджэрий,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

● ТхылъыщІэ

«Кавказым и уэрэджыІакІуэ»

Я махуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекІуэкІам хиубыдэу Дагъыстэным и Іэтащхьэ Абдулатипов Рэмэзан «Кулиев Къайсын. Илъэси 100» и тхылъыщІэм и лъэтеуэ Налшык щащІащ. Ар къыщыдэкІащ «Дагестанский писатель» тхылъ тедзапІэм.

«КАВКАЗЫМ и уэрэджыІакІуэ» фІищащ Абдулатиповым балъкъэр усакІуэ цІэрыІуэм хуитха эссем.

Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым тхылъым къыщыхьа мы псалъэхэм укъыщеджэкІэ: «Къэбэрдей-Балъкъэрыр лъэпкъ дахэхэм, зэчий ин зыбгъэдэль цІыхуфІхэм я щІыналъэ тельыджэщ». Абдулатиповым я гугъу ещІыж къуэш пэлъытэу, ди щІыналъэм щыщу иІа ныбжьэгъуэхэм, нобэми пэжу къыбгъэдэтхэм.

- Лъэпкъыр къэпцІыхуну ухуеймэ, абы и усакІуэм и тхылъыр къызэІухи, сатырхэм ящІэлъ макъамэмкІэ лъэпкъым и хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр зыхуэдэр къэпщІэнуц. Кавказыр усакІуэхэм я хэкущ. Бгырысхэр гъэсэныгъэ ткІий зэрахэлъым емыльытауэ, зэхэщІыкІ куу зиІэхэщ, гъащІэм и дахэр зыльагъуфхэщ. Ди япэ ита нэхъыжьыфІхэм я усэхэр тхыдэм и лъабжьэ зэрыхъуам и мызакъуэу, гупсысэ кууклэ гъэнщІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу щытщІкІэ, КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ, Іуащхьэмахуэ и сыджитІым хуэдэу, ди нэгу щІэтщ, - жиІэ Абдулатиповым.

Кулиевым текухуауэ тхылъым и псори хэкупсэ нэсым и къалэмым къызэрыщІэкІар иІаущ. Ди лъэпкъхэм я зэщхьэщыкІныгъэри я фІыпІэри кууу къызыгурыІуэ Абдулатипов Рэмэзан Кулиевым щытепсэлъыхькІэ, бгырыс псоми ди гугъу ищІу къыпщохьу.

Кулиев Къайсын хьэршым и планетэхэм ящыщ зыуэ къэплъытэмэ, абы екІуу бгъэдэтщ и ныбжьэгъу тхакІуэхэу КІыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул, Карим Мустай, Михалков Сергей, Адижев Анвар, Гребнев Наум, Айтматов Чингиз, Абу-Бакар Ахьмэдхъан, Ахмедов Магомед сымэ, нэгъуэщІхэри.

Дагъыстэным и цІыхубэ усакІуэ Ахмедов Магомед и псалъэхэр мыбдеж къыщыпхьину къозэгъ: «Кулиевым и усэхэр, духьэм хуэдэу, кьабзэщ, псэм къыбгъэдокІ, уеблэмэ абы и усэхэм я ритмымкІэ езы усакІуэм и гур кьыззэреуэр кьыпхуэщІэнущ».

Мазэ зыбжанэ иІэжщ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ ильэси 100 ирикъуэм. Абы и пэ къихуэзу Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэм и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъ гъэщІэгъуэныр щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэфІ хъуащ.

ЩАУЕЙ Ланэ.

Ныбжьыщ Іэ зэчиифІэхэм я зэпеуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ «АкъылыфІэхэм я зэпеуэ» зэхьэзэхуэр. Налшык къалэм и курыт еджапІэ 14-м щІэс ныбжьыщІэхэр зыхэтар.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным хуэгъэхьэзырыныр Іэщ Іагъэ къыхахынымкІэ чэнджэщагъу яхуэхъунымкІэ управленэмрэ студентхэм я советымрэ. Зэпеуэр гъэщІэгъуэну икІи щІэщыгъуэу екІуэкІащ. Абы хэтахэм я къалэн нэхъыщхьэу щытащ тхыдзм, щэнхабзэм, гъуазджэм теухуа упщІэхэм жэуап иратыныр. НыбжьыщІэхэм щІэныгъэ ябгъэдэльын зэрыхуейм и закъуэтэкъым зэхьэзэхуэм къалэну кьигъэувыр, атІэ я гупсысэкІэкІи, я гушыІэкІэкІи зэхьэзэхуахэщ. НэхъыфІу кьалъытащ 14-нэ гимназием щеджэхэр, етІуанэ увыпІэр зыІэрагъэхьащ 7-нэ школым, 3-нэр хуагъэфэщащ 23-нэ еджапІэм.

Ныбжьыщ Іэ зэчиифІэхэр игъэльэпІэну зэпеуэм зыкъригъэхьэлІащ КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Іэуес. Ар еджакІуэхэм ехъуэхъуащ адэкІи ехъулІныгъэфІхэр яІэну, ЕГЭ-м пэлъэщыну, кьэралыр зэригушхуэн цІыху кьахэкІыну. Зэпеуэм щытекІуэхэм Къумыкъум яритащ кубокхэмрэ щытхъу тхылъхэмрэ.

Мыпхуэдэ зэІущІэхэр еджакІуэхэм ядгъэзекІуэ-кІыным мыхьэнэшхуэ иІэщ хэкупсэу, лъэпкъыпсэу, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу быгъэхъэнымкІэ, абыхэм я зэфІэкІыр къэхутэнымкІэ.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

Флотым и адмирал Ушаков Фёдор

(1745 - 1817 гъгъ.)

460

Хьдзэлі щэджащэ, Урысей флотым и адмирал Ушаков Фёдор адыгэпщ Ридадэ и щІэблэм щыщщ. Флотым и пашэу ар зыхэта зауэ зэпэщІэтыныгъэ 38-м щыщу псоми и бийхэм щатекІуащ.

Ушаковым къыхуащІ пщІэр езым и акъылыфІагъэм къыхуихьащ, и хахуагъэкІэ кІэлэжьыжащ. Унафэщі Іэкіуэлъакіуэр цІэрыІуэ зыщІа, и Іулыджьм нэхъри щыхэхъуа зауэхэу тхыдэджхэм къыхагъэщхэм ящыщщ Урысей флотым Тыркымрэ Франджымрэ зэманзэмыдэхэм ядригъэкІуэкІахэр.

Щэнхабзэ Гъуазджэ Литературэ Щэныгъэ Анэдэлъхубзэ

«Адыгэ псалъэм» и къудамэ

Шыхулъагъуэ

Гукъэкіыжхэр Гъуэгуанэ тхыгъэхэр Хъыбархэр

● Литературэм и тхыдэ

Зыхэщіэныгъэмрэ стилистикэмрэ я Іэмалхэмкіэ адыгэ усыгъэм художественнэ образхэр зэрыщызэфіэгъэувар

Адыгэ хэкум ис лирик нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм ящыщ, зи усэ гъэпсыкІэрэ гупсысэ къэІуэтэкІэкІэ лъэпкъ тхыльеджэм я гум дыхьэ Мыкъуэжь Анатолэ илъэс 60 щрикъуэ 2016 гъэм дунейм къытехьащ бзэ щІэныгъэлхэу Къэмбэчокъуэ Іэдэм, Гъубжокъуэ Дианэ, Мэшыкъуэ Еленэ сымэ эддатха «Зыхэщіэныгъэмрэ стилистикэмрэ я Іэмалхэмкіэ адыгэ усыгъэм художественнэ образхэр зэрыщызэфіэгъэувар (Мыкъуэжь Анатолэ и усэхэм ялкъ иткІэ) тхыльыр. Лэжьыгъэр зи Іэдакъэщіэкіхэм ар зыхуаунэтІар зыхэщіэныгъэмрэ стилистикэмрэ бзэм щагъэзащіэ къалэнхэр, адыгэ ткачІуэхэм я бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей къэрал университетхэм я адыгэ къудамэхэм щызыдж студентхэр арами, тхыльым щІэупщІэшхуэ щиІэ хъуащ бзэм, литературэм елэжь щІэныгъэлІхэм, школ егъэджакІуэхэм, адыгэ литературэм дихьэх ди лъэпкъэгъу куэдым я деж.

Щэныгъэ тхыльыр, дауи, публицистикэкъым: езым и къэІуэтэкІэм нэхъ иг-ъэзэгъауэ нобэ ди щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ идолъхьэ.

БЗЭ ЩІЭНЫГЪЭМ «экспрессивность» фІэщыгъэщІэр зэрихьэу щызекІуэ гурыІуэгъуэр ар семантикэрэ стилистикэрэ я лъэныкъуэкІэ псалъэухам хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къиГъэсэбгкІэрэ псалъэр жызыІэм и зыхэщІэныгъэхэр и псэлъэгъум и деж зэрыихьэс Іэмэпсымэщ. Ар апхуэдизкІэ цыхум и зэхэщІыкІым, и акъылым, уеблэмэ и гупсыскІэ псом зэрызебгъэхъуэжьыр Іэмал лъэрызехьэщи, бзэ щІэныгъэм къищымынаущ, цІыху гъащІэм ехьэлІа Іэнатіэ куэдым мыхьэнэ ин дыдэ щеГъуэт. А Іэмалыр къэзыгъэсэбэпыр зэпсэльэныгъэм хэт цІыхуитІ-щы мыхъуу лъэпкъ псом и тхыльеджэхэм зи усэхэмкІэ е прозэмкІэ захуэзыгъаэз тхакІуэр е усакІуэр арамэ, ар цІыхупсэр, зэхэщІыкІыр, гупсысэр къызэІэзыІэтэф къару лъэрызехьэу къоувыф.

Зыхэщіэныгъэр («экспрессивность» мыхьэнэр къикІыу аращ а гурыІуэгъуэм ди лэжьыгъэм дыззэрыщеджэнур) къызэрэпэща мэхъу фонетикэми, лексикологиеми, фразеологиеми, морфологиеми, синтаксисми я Іэмалхэмкіэ. Адыгэ бзэ щІэныгъэм и деж-кІэ мыхьэнэшхуэ иІэ пэтми, зыхэщІэныгъэр зищІысымрэ ар къэбэрдей-шэрджэсыбзэм къызэрэпэща зэрыщіхъу Іэмалхэмрэ джын щІадза къудейщ. А Іуэхушхуэм и Іыхьэ щхьэхуэхэм ехьэлІэпауэ нобэкІэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм щыщыІэр Къэмбэчокъуэ Іэдэм, Гъубжокъуэ Дианэ сымэ къыдагъэкІа щІэныгъэ лэжьыгъэ зыбгъупщІщ. КІэщІ дыдэу укъытеувыІэмэ, ахэр теухуащ адыгэ псалъэухэм экспрессиер къыщыгъэпсэГъуэ зэрыхьу Іэмал нэхъыщхьэхэм, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм зыхэщІэныгъэр къыщыГъэщІыныжкІэ антонимхэм, синонимхэм, зэгъэпщэныгъэм, эпитетхэм, метафорэхэм, троп лІэужьыгъуэ «нэхъ цІыкІухэм», экспрессиекІэ Іэнщіа морфемэхэм яГъэдэлъ зэфІэкІхэм, зыхэщІэныгъэр бзэщІэныгъэм и категорие щхьэхуэу зэрыщытым, нэгъуэщІхэми.

Темэм нэхъ пэлэщІэу е зэхьэлІар къэбэрдей-шэрджэсыбзэр мыхьэу адыгеибзэр арауэ къапщтэмэ, къэбгъэльагъуэ хъунущ Къумахуэхэ Мухьэдинрэ Зарэрэ къыдагъэкІаяу адыгэ Іуэрыіуатэм и бзэм, адыгэ литературобзэм и зыужьыкІэм, адыгэбзэхэм я функциональнэ стилистикэм траухуахэр, Урыс Хьэтэлий и «Адыгэбзэмкіэ практическэ стилистикэр», Тхьэрэкъуахъуэ Инус и «Адыгеибзэм и стилистикэр», ХьутІэжь Заудинрэ Суйдым Бесльэнрэ бзэм и изобразительно-выразительнэ Іэмалхэм щыщу тропхэм траухуа лэжьыгъэр.

Ауэ адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я Іэдакъэщіэкіхэм хэт художественнэ образхэр зэфІэгъуэвэнымкІэ зыхэщІэныгъэм игъэзащІэ къалэнхэм теухуауэ нобэр къыздэсым лэжьыгъэ щхьэхуэ гуэри дунейм къытехьауэ дыщыгъуазэкъым. Абы и лъэныкъуэкІэ щІэныгъэлІхэр мыхьэхэткІэ зыльэмыІэса а Іуэхугъуэм щыщ зы Іыхьэ зэпкърыхыу лъэпкъ тхЫльеджэм я пащхьэ итлъхьэнырщ ди лэжьыгъэр зытедухуар.

Адыгэ усыгъэм художественнэ образ купщІафІэхэр къыщыгъэщІынымкІэ зыхэщІэныгъэр щІэгъэкъуэн къызэращыфырр кьыщытхутэм дэ пщалъэ, тегъэщІапІэ тщІар зи усэ гумащІэхэмкІэ лъэпкъ тхЫльеджэм я гум дыхьэ Мыкъуэжь Анатолэ и тхыгъэхэрщ.

Усакіуэ Мыкъуэжь Анатолэ

Усакіуэм и дуней еплъыкІэмрэ къигъэщІ образхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ и усэхэр къыгурэхыпІэ имыІэу ехащ нобэрей гъащІэм, цІыхум я зэхэтыкІэм, гупсысакІэм, дуней тетыкІэм, гурыщІэ-гупсысэм, я гуфІэгъуэм, гуІэгъуэм, хъуэпсапІэм. Ахэр лъэпкъ поэзием къыохьлыдыкІ япкърыльэ гурыщІэ куумкІэ, акъыл жаныемкІэ, псэ къабзагъыемкІэ. Зи лэжьыгъэ купщІафІэхэмкІэ тхЫльеджэм фІы дыдэу яцІыхуа критик Къэрмокъуэ Хьэмид тэмэму гу зэрыльытащи, цІыхум и гущІэльапсэм нэпльысыбф, абы и гурыгъу-гурыщІэхэр къыщІэзыгъэльэф, и фэм дэкІымрэ и псэр зыгъэхыщІэмрэ псальэ купщІафІэхэмкІэ къэзыІуэтэф уэкІуэ набдзэгубдзапльэщ Мыкъуэжь Анатолэ. Аращ абы и тхыгъэхэр адыгэ усыгъэм и льагапІэхэм ящыщ зы щІэхъуар.

Усакіуэ нэсым и дэтхэнэ усэ сатырри гъащІэм кьыхэкъузыкІарэ езым и гум, и псэм кІуэцІрыкІыу цІыхубэм деж нэхъэсыжа гупсысэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, гъащІэм къыщыхъу Іуэхугъуэхэр усакІуэпсэм и гуфІэгъуэкІэ е и гухэщІкІэ гъэнщІарэ абы и Іуэху еплъыкІэкІэ, и акъылкІэ, и философиекІэ зэгъэзэхуауэ егъэзэж тхЫльеджэм деж. Аращ усакІуэм е тхакІуэм и дуней тетыкІэ, дуней еплъыкІэм сыткІи щытехуэр абы и кьалэмыпэм къыщІэкІ тхыгъэ сатырхэр. Сыт хуэдэ-тІэ, абы и лъэныкъуэкІэ убгъэдыхьэмэ, езы Анатолэ и дуней еплъыкІэр? Сыт абы фІэмахуэмрэ фІэмыгъуэмрэ? НэгъуэщІхэм усакІуэм хужьагъ тегъэщІапІэ дымыщІу езы Анатолэ «Адыгэ псалъэ» газетым 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м ирита интервьюм къыщыхигъэща а Іуэхугъуэхэр зэрыжиІа дыдэм теу къэтхьмэ, дызытепсэлъыхьыр нэхъ фІэщ щыгъуафІэ хъуну къыщІэкІынщи, фи пащхьэ идолъхьэ «ЛІыгъэ иІэщ сэ зыгуэрым сымыладыгэу сыкъыщІридзыфмэ» фІэщыгъэщІэр зыгъуэта а зэпсэльэныгъэм щыщ Іыхьэхэу усакІуэм и дуней еплъыкІэр нэхъ Іупщу къызыхэщу гу зылъыттахэр:

- Анатолэ, уи тхыльыщІэм («Къэрэгъул бжьыхьым») и фІэщыгъэщІэр щІэщыгъэщи кІи куэдым уэзыгъэгупсысщ. Уэ езыр уэзрыхуейм хуэдэу тхыльеджэм къыгурыІуэну къэплъытэрэ абы и мыхьэнэр?

- Ди зэман ябгэм, зэхэзэрыхьам ЦІыхугъэмрэ Дахагъэмрэ хэмыкІуэдэн, ди лъэпкъымрэ ди анэдэлъхубзэмрэ хэмыкІуэдэжьи, жьыІурыхьэгъуэ зымыгъуэтыж Усыгъэр хуиту «къэбэуэжьин» папщІэ, сэ, псалъэр си Іэщэу, абыхэм я къыщхьэщыжакІуэу, я къэрэгъул бжьыхь сыкъоув. Аращ сэ а фІэщыгъэщІэм къызэгъэкІар. Апхуэдэущ ар тхЫльеджэмэ къыгурыІуэну сызэрыхуейр.

- Уэ уи усэхэм ящыщ зым щыжьБоІэ дунейр «здэзармырамкІэ еджэрэзэкІыу». ДэнэкІэ-тІэ здэщыІэр «ара» лъэныкъуэр?

- ДунейкІэ зэрджэр, цІыхур зищІысыр, дыкъыздикІар, дызДэкІуэжьнур - а Іуэхугъуэхэм дунейр къызэрыунэхурэ цІыхур йогупсыс. Арщхьэкіэ я нэхъ Іуф дыдэхэми нобэр къызэдэсым а упщІэхэм жэуап тэмэм иратыфауэ пхужьІэнуКъым. ИгъащІэ лъандэрэ емрэ фІымрэ тэрэзэ тасым щызэпошачэ - дэтхэнэр иришэхуяну, цІыху къэс ди Іуэху бгъэдыхьэкІэрщ, ди Іуэхущіафэрщ зэлъытар. «Зы шэху уэздыгъэ цІыкІу пыбГъанэмэ, нэхъыфІщ кІыфІыгъэм утебгэу ущыс нэхър», - жиІэгъащ Конфуций.

А кІыфІыгъэр къызыхэкІ щхьэусыгъуэхэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, дунейм къыдекІуэкІ хабзэ пхэнжхэр сэ, си акъылым къызэритІасэкІэ, усэ зыбжанэм къыщыгъэлъэгъуащ. Ахэращ дунейр «здзармрамкІэ еджэрэзэкІыу» жызэзгъэІари. А хабзэ пхэнжхэм фІыкІэ зытхуегъэхъуэжмэщ дунейр «здзарамкІэ» еджэрэзэкІыу къэплъытэ щыхъунур.

- Усакіуэр зи уІэгъэхэр зыгъафІэ щхьэемыгугъуу куэдым къащохъу. Уэ дауэ уеплърэ абы? Дэтхэнэ цІыхуми хуэдэу, усакІуэри щІэхъуэпсу къыщІэкІынщ насыпым...

- Усакіуэ нэсым и гум дырхъуэ тезыщІэр цІыхубэм ятелъ гугъуэхъыщ, ягъэв хьэзабырщ. Аращ абы жэщи махуи псэхугъуэ къезымытыр, аращ абы бэм телъ уІэгъэм зэреІэзэну псалъэ-хущхъуэгъуэхэр къыщІиуЛъэпхъэщІр, и псалъэр зэм уэрэду, зэм гъыбзэу щІиГъэІур.

Усакіуэ нэсым и дежкІэ щыІэкъым щхьэ закъуэ насып. Абы и насыпыр къыгурэхыпІэ имыІэу ехащ щІым цІыхуу тетым я насыпым, бэм я насыпым. ИкІи езым и гум къыщирихьэкІ дуней хьэрэмыгъэнэшэм, уэзщІам ещхь хьуауэ мы дызытет дунейр илъагъунырщ абы и хъуэпсапІэ нэхъыщхьэр.

- ЦІыхум къыдекІуэкІ хьэл-щэнхэм ящыщу сыт хуэдэхэр нэхъ уи жагъуэ?

- ЦІыхухъу Іужажэ, шынэкъэрабгъэ, зи псалъэм темытыжь. ЦІыхубз жьэ бзаджэ, техьэтекІ, пцІыІуэпцІыщэ.

Мыльхур мурад нэхъыщхьэу гъащІэм ущиІэ зэрымыхъунур, ар дахагъэм и зы Іыхьэ къудейуэ фІэкІа зэрыщымытыр ныбжьыщІэхэм кьагурыгъэІуэпхъэщ. Дахагъэ нэсым и хэщІапІэр цІыхупсэрщ.

- Нобэ адыгэбзэм и Іуэху зыІутым куэд тогъэзвыхь. Уэ сыт жыпІэн абы теухуауэ?

- Илъэс зыбжанэ ипэкІэ сэ зы адыгэ къулыкъущІэ срихьэлІауэ щытащ, гуп дыхэсу. Абы жиІэрт: «Сэ адыгэбзэкІэ сыкъеджэфырыкъым, ауэ адыгэм хъун эзримытхынур сощІэ». Ари сыт хуэдизу зэрыжиІэр - пагагъэ гуэр и нэгум кьищу. «Сэ адыгэбзэр гъащІэм зыкІи сэбэп къыщысхуэхъунукъым», - жиІэри ари кьыдыщІигъужат. Е зиунагъуэрэ, сыт «сэбэп», сыт «фейдэ» уи лъэпкъым, уи анэдэлъхубзэм Іуэхур щынэсам и деж! Анэ уиІэну, адэ уиІэну фейдэкъым жыпІэм хуэдабзэщ ар. Шэч хэлъкъым абы и бынри езым ещхь зэрыхъужынум. Банэ и пІэ удз гъэгъа къикІэркъым.

«ЦІыхушхуэ ихьэжкІыну зи фІэщ мыхъуж лъэпкъым и Іуэджыгъуэр къэсащ», - жиІэгъащ лІы Іущ гуэрым. Мы зи гугъу тщІыр псэкІэ зэрыныкъуэдыкъуэм шэч лъэпкъ хэлъкъым. Ар, езым имыщІэж щхьэкІэ, къэунэхуу хуежьа цІыху лІэужьыгъуэщІэм (генотип) щыщщ: тепльэкІэ адыгэу, купщІэкІэ зищІыс дыдэр зэхэгъэкІыгъуейуэ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэ ахьмакъэкъ мызэкІэ куэд хъуркъым.

Урыс усакІуэшхуэ Евтушенкэ Евгений жиІащ: «Если будет Россия, значит буду и я». Дэ нэгъуэщІущ ар зэрыжьитІэпхъэр:

Псэр зэрыхэтыр Іэпкъльэпкъым
ЦІыхугур бгъэм къыщеуэхущ.
ЗэрыщІэнур ди льэпкъыр
Уэ пхуэдэ щІалэ щыІэхущ.

ЛІыгъэ иІэщ, сэ зыгуэрым сымыладыгэу сыкъыщІригъэдыкІмэ!

- Зы къэрал уху экІэм дыкъытекІри нэгъуэщІ къэрал ухуэкІэм дыхуэкІуащ. Уэ къэплъытэрэ демократие нэс здэщыІэ хабзэрылажьэ къэрал дыщыпсэуу?

- ЗэхъуэкІыныгъэм къыдэкІуа мыгъуагъэхэмрэ абы бэр зыІуигъэува Іэнатіэмрэ псори дыщыгъуазэщ. Абы лъандэрэ цІыхубэр къыщІэзыгъэчынкІэ хъуну щытыкІэ гугъу къэралыр мызэ-мытІуэ иуващ. АдыгэбзэкІэ мыпІэмэ, а щытыкІэ гугъур «Зы лІыр джэдыгуибгъурэ лІыбгъур джэдыгуншэу» жыхуиІэращ. А зэхуэмыдэныгъэхэр кІуэдыжу, зи гуащІэ хьэлэлкІэ псэужхэм я щхьэр лъагэу ялъэгъуэ хьуа мужьКІащ демократие нэс здэщыІэ хабзэрылажьэ къэрал дыщыпсэууэ къэплъытэ щыхъунур.

МЫКЪУЭЖЬЫМ и жэуапхэм уахэплъэрэ и усыгъэхэм уакІуэцІрыплъыхмэ, гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым мыпхуэдэ зы Іуэхугъуэ телъыджэм: Анатолэ езым и дуней еплъыкІэм, и гупсысэкІэм къыпачам хуэдэу ещхьыжщ и тхыгъэхэм хэт лирическэ лІыхъужьхэми я щытыкІэр, я «бзуэкІэр», дуней зыхэщІэкІэр. Усакіуэм и тхыльибгъуми щызэхуэхьэса усэхэр зытегъэпсыхьа Іуэхугъуэкіэ, ящІэлъ философскэ гупсысэкІэ зэщхьэщыпхыну и ужь уихьэрэ я унэтІыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ цІэ ептыжмэ, ахэр мыпхуэдэ фІэщыгъэцІэхэр зиІэ гупышхуэурэ зэщхьэщыкІынущ:

1.«Дунеижьу фІыр зыхудиплъапІэр мэкІэрахъуэ пхэнжу - къэплъэнэфщ»

АДЫГЭ тхакІуэ Бещтокъуэ Хьэбас тэмэму гу зэрылъытащи, цІыхубэм, лей зытехьэм, дэкъуэм къыщыжьынр адыгэ усыгъэм къыдэгъуэгурыкІуэ хабзэщ. Апхуэдэ къыщыжакІуэ, гущІэгъуныр къаІэныр зыІэт усэхэр я мащІэкъым Агънокъуэ Лаши, ПащІэ Бэмырзи, Щоджэнцыкіу Алии. Нобэрей ди литературэм я хабзэр Мыкъуэжь Анатолэ хуэдэу щызыукъуэдиИф къэгъуэтыгъуафІэкъым... А нобэрей дунейкІэ дызэджэм и хьэуар Мыкъуэжьым хуэдэу кууэ езышэхыфауэ ди литературэм хэтри закъуэтІакъуэщ. Хейр мысэм хиутэу, сабийм фоч ирагъапщэу, губзыгъэр зэхэщыкІынышэм иригъаджэу, дин Іуэхухэм Іимансызыр тепсэлъыхьу, нэхугъэ къэзыгъащІхэр кІыфІым хэсу зыльагъуэ усакІуэм и лирическэ лІыхъужьым зыкъеІэтэр, гъащІэм тепщэ щыхъуу щІэзыдза апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэм пэщІэувэну: «ЗгъэбзэнущІ усэр маисэу, - Сраужылщ сэ цІыху хейм». Ар хуейщ хабзэ пхэнжу ми ди гъащІэр мыгъуэ кьытущызыщІхэр щІым темытыжыну, акъылыфІэр, и щхьэр игъэлъахъшэу, ахьмакъым и бжэщхьэІум темытыну. ХегъапІэр щІыхур псэущхьэу дунейм тетым къащхьэщызыгъэкІыу хэлъ лІыгъэ, цІыхугъэ, напэ, гущІэгъуэ, гуапагъэ, зыхэщІыкІ хуэдэхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ зэрыхъуи, абыхэм ялъ мылькумрэ къулыкъумрэ зэрищым:

Махуэ къэсыхункІэ - нэкІу фэрыщІ,
Махуэ къэсыхункІэ - цІыху мыгъасэ...
Дунеижьыр екІакІуэу къыісфІощІ,
Тебгэжа къыісфІощІыр и дыгъуасэм.
И дыгъуасэр псэкІэ нэхъ къуейт,
И дыгъуасэм напэр щынэхъ лъапІэт.
Иджы дэнкІи зыщыплъыхь - дунейм
Мыльку фІэкІа иІэжжъым нэгъуэщІ плъапІэ.

Зи «дыгъуасэм тебгэжауэ къыщыхъу» дунеижьым лирическэ лІыхъужьыр набдзэгубдзапльэу кІуэцІроплъри, гуэныхьрэ хьэзабу дунейм телъ псор щызэтрихьауэ гъащІэм кІуэцІрызыш мафІэгужьым ар иregъапщэ:

Гъащіэ-мафІэгужьым ер
щыжьантІэрыкІуэщ,
Гъащіэ-мафІэгужьым щиІутІыжщ
нэфІ-нейм:
И тІысыпІэ гъурхэм щогурым
тхьэмыщкІэр,
И купе лыдыжхэм зыщатІыжьыр бейм...
Гъащіэ-мафІэгужьым псэр щызэхаутэ,
Ельытауэ мылъкум щащІыр зэхэгъэж.
Нэхъыфіати, жыпІэу,
сыкъимытІысхьатэм,
Гъащіэ-мафІэгужьым уигу зрегъэбгъэж.

ИкІи илъагъу мыхъумыщІагъэр апхуэдизкІэ куэдыщэ къыщхъури, а псор щызекІуэ дунейуэ цІыхухэр фІыкІэ зыщІигъуным, уеблэмэ и къекІэрэхъуэкІыкІэ дыдэри мытэмэмыж къыфІощІ:

Дунеижьу фІыр зыхудиплъапІэр
МэкІэрахъуэ пхэнжу - къэплъэнэфщ.
Щхьэщыхуэат куэд щІауэ ар щыхупІэм,
Зи псэр нэхуэхэм хуамыщІам гулъэф.

Мылькур тхьэпэлъытэ зыщІу напэмрэ цІыхугъэмрэ дурэш кІыфІым дэзыдзэжахэм я зэхэтыкІэ хъуам кьеГъэУІэбжьри йогупсыс:

Алыхь льапІэ, мэхъу си фІэщ щэчыншэу, -
ЩІыр дахагъэщ къызыхуэбгъэщІар.
Уэзплъэкіыу укъеплъэкІыжьыукІэ
Еплъ Іиблис мыбы щызэІищІам!

ИкІи Дыкъэзыгъэщіам ирехьэлІэр и льэІу нэхъ ин дыдэр:

Ди щхьэщыгум дыгъэр къизыІыгъэу
Зи Іэмыркіэ щІыр къекІэрэхъуэкІ,
Пэлъэщауэ е-бзаджэйм цІыхугъэр
ЩІы хъурейр зэгуэрым нэху къеГъэкІ.

2. «Уафэ къащхъуэр ирегуфІэ»

УСАКІУЭ щэджащэм и литературэ ІуэхущІафэхэр щыщІипщытыкІым тхакІуэ цІэрыІуэ ІутІыж Борис тэмэм дыдэу гу зэрылъитащи, дунейм и Іуплъапіэ дахэм хуэзгъэсса гупсысэ нэхуэхэмкІэ къыщІедгэри, а гупсысэ нэхуэхэм яхэщІапІэсабиигъуэмрэщІалэгъуэмрэ пэІэщІэ зэрыхъу ельытауэрэ усакІуэр а Іуплъапіэ щхьэкІэплъыкІэм пхырыплъу хуожь, гъащІэр Іэфірэ гуфІэгъуэ защІэу зэрызэхэмылъыр кьелъагъу, а къилъагъуэмрэ зыІууэхэмрэ ельытауэ зехьэжь. И пшынальэми. «ГъащІм и философиекІэ» зэджэ тенджыз ГъунапкъэнщэМ хуэм-хуэмурэ усакІуэр хуеІэ.

Пэж дыдэуи, Мыкъуэжьым и Іэдакъэщіэкіхэр дунейм къыщытехьа зэманкІэ зэхэбгъэкІмэ, гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым: усакІуэм и ныбжьыр нэхъ хэкІуэтэку абы и гупсысэхэр нэхъ зытегъэщІа хъур цІыхум я зэхуаку къыдэхуэ зэхущытыкІэ нэхъ хьэлъэхэрщ, дунейм щызекІуэ Іуэхугъуэ нэхъ зэфІэхыгъуейхэрщ; нэхъ и льабжьэІуэкІэ Мыкъуэжьым и философие лирикэм теухуа Іыхьэм гу зэрыщылъытащи, ахэр зытегъэпсыхьар емрэ фІымрэ, пэжымрэ пцІымрэ, нэхумрэ кІыфІымрэ, гъащІэмрэ ажалымрэ я зэхущытыкІэрщ. Ауэ Анатолэ и тхыгъэхэм мымащІэу ущрохьэлІэ гъащІэр гуфІэгъуэ мыуухьжу псэ зыпытым къащащыхьу ныбжьым щитам итха усэхэми. Ахэдзэхэщ, къапщтэмэ, «СогъэщІагъуэ», «Іугъуэ», «Макъэр», нэхъ иужьыІуэкІэ дунейм кьытехьа «Си шыпхъуи», «Іущэжьу уэрэд» усэхэр.

«Троп зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ художественнэ образхэр зэрызэфІэгъэува щыкІэхэр» зыфІэтща, ди лэжьыгъэм и Іыхьэ щхьэхуэм нэхъ гупсхэуу щызэпкърытхынущ мы усэ гупым я къэгъащІыкІэм хэлъ щхьэхуэныгъэ хьэлэмэтэхэр. Иджыкіэ жьІтІэпхъэр мыращ: адыгэ поэзием ущрохьэлІэр объект е субъект щхьэхуэм ехьэлІауэ тхыгъэ зыбжанэм къыщытезыгъэзэж контекстхэм образыр щыхагъэхьэ Іэмалым. Индивидуализированный контекстКІэ щоджэр абы урысыбзэм. А Іэмалым и къэгъэсэбэпыкІэр къыщыпхутэфынури щхьэхуэу хэха тхыгъитІ-щы мыхъуу, тхакІуэм е усакІуэм и творчествэ къапщтэрэ ищхьэкІэ зи гугъу тщІа усэхэм уапрыплъмэ, апхуэдэ образ хьэлэмэту абыхэм якІуэлрод гуфІэгъуэм, псэ щабагъэм и образыр. Ар гуфІэгъуэщ, мыщІэ цІыкІуу гущэм кьыхэщ сабийм, лирическэ лІыхъужьыр зыщыгуфІыкІ и шыпхъу гумащІэм, зи нэгу нэщхьыфІагъэ къищу быным яхуэпщафІэ анэм, фІыуэ зэрылъагъу ныбжьыщІитІым я насыпым щыгуфІыкІ удз гъэгъахэм, зи бзаймкІэ щІым гуапэу къедэхащІэ дыгъэм ехьэлІауэ.

Мыкъуэжьым и лирическэ лІыхъужьыр щогуфІыкІ къэзыухъуреихь дунейм; абы и псэм хэпъщ къишкІырыкІыу ежах псы щыкІыІ и даущыр, къуалэбзум я уэрэд мыухьжыр, уафэ лъащІэнэшэм къигуфІыкІ дыгъэр, къыдэгъуэгурыкІуэ ныбжьэгъу пэжэр, къэзылъуа, къыдалъхуа цІыху хьэлэмэтхэр. Зыщ абы и хъуэпсапІэ нэхъыщхьэр: цІыху гъащІэм къыдекІуэкІ апхуэдиз насыпым ер Іэ щІыІэкІэ къыхэмыІэбэнырщ:

Сабий къалъхунум псэкІэ щыгуфІыкІыу
ЦІыхубзэр насыпыфІэу ирещІу.
Ауэ ирехъу щІыр гуауэм къыдэмыскІэу -
Мы щІылъэм шэ фий макъ къыщремыІу.

(КІэлъыкІуэр 4-нэ нап.).

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.).

3. Философскэ лирикэм щыщ усэхэр

«МЫКЪУЭЖЬЫМ и усыгъэм Iупщ1у хэплъагъуэ ещанэ лъагапIэщ «философие лирикэкIэ» уэздж1э хъуну усэ гупыр, - итхыгъащ IутIыж Борис. - Псом ящхьэращи, хамэщIэплъ лъагъуэкIэ хуэмыкIуэу, езым гурэ псэкIэ хишыжа лъагъуэм тету а лъагапIэм хуэкIуащ Мыкъуэжьыр. Гъащ1эм и гъэунэхуп1э гугъу дыдзэкэм къыщихута гъэхэрщ Мыкъуэжьым и философие лирикэм хъарзынэ зыщиубгъуар».

Гъащ1эм и философиекIэ гъэнщ1а апхуэдэ тхыгъэхэщ «Аращ и хабзэр дунеижьым», «Щ1ым гуфIэгъуэм лъэсу къыщIекIуэхьыр», «Iэгуилпл1э», «Автобусым», «Уп1щIэ», «ГуфIэгъуэ защ1эу уэрэд», «Сыт щIекIуэкIыр псори», «Аушыджэр джабэм кIэрыт кхъэжьым», «Мазэ ныкъуэм къыпитIкIуI нур мащ1эм», «Си щхьэц IыцIэр дыжьыным и фэгъуу», «Сабий цIыкIуц цIыхугур», «Фо хьэкIуэ, щхьухькIэ зэхэщ1ауэ» усэхэр.

ЦIыху гъащ1эм и дэтхэнэ дакъикъэми щыз1эпщ1эвуауэ л1энкъэнэну щыз1эпэщ1эт емрэ фIымрэ, пэжымрэ пщIымрэ, нэхумрэ кIыфIымрэ, цIыхугъэмрэ напэнщагъэмрэ, езы гъащ1э дыдэмрэ ажалымрэ - аращ Мыкъуэжьым и философие лирикэм лъабжьэ хуэхъур. УсакIуэм и псалъэр апхуэдизкIэ кIэщ1щ, и гупсысэр куущи, усэ сатыриплIм гъащ1э по ирегъэзагъ, уеблэмэ гъащ1экIэ зэджэр зы цIыхум и дуней къытехьэгъуэмрэ дуней екIыжьгъуэмрэ я зэхуаку дзлъ зэманкIэ зэфIэмыкIыу, ар кIэи пэи зимыIэж, дунейри ахърэтри зэпызыщ1эф къэхъугъэу зэрыщытыр наIуэ къытщещI:

Сыхуейщ сэ куэдрэ сыпсэуну, -
Щ1ым тетщи фIыуэ слъагъу цIыху куэд.
СылIэн хуей хъуми, сымышынэ,
Щ1ым щ1элъщи фIыуэ слъагъу цIыху куэд.

ИщхьэмкIэ зи цIэ къыщитIуа усэхэр лъэпкъ литературэм и апхуэдэ тхыгъэхэм зыкIи емыщхь зыщ1 Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу дэ къыдолъытэ ахэр зи Iэдакъэщ1экI Мыкъуэжьы Анатолэ гъащ1эм нэ жанкIэ кIуэцIрыплърэ абы хэлъ Iущ1ыгъэхэм я зыужьхэ къыжьэдыкIыу цIыху щхьэхуэм, псом япэу и лирическэ лIыхъужьым и дуней тетыкIэ, дуней еплъыкIэ, хьэл-щэн гуэрхэм зэрахуихьыфыр. УсакIуэм гъащ1эм къыхиха а Iуэхугъуэр, гупсысэр кууу зэпкърехри, гъащ1эм и зыужьыкIэр къыщ1ыIуэта философскэ мыхьэнэ зэхъыщхьэр тхыгъэм щIелъхьэ:

«**Хужьщ», - жиIам цIыхугум**
«**ФIыщ1эщ», - жи акъылым.**
Сыхагъэтщ бэлыхьым,
Схуэзгурымыlуэу.

УсакIуэм и мащ1экъым цIыхур сыт щыгъуи фIыкIэ зыщыгуфIу гъащ1эм уащхъуэдэмыщхъуэу къыхуздихьыныкIэ хъуну гуаузм ехьэлIа сатырхэр:

Фо хьэкIуэ, щхъухькIэ зэхэщ1ауэ,
Къытхуэбгуэшыныр уи нэрыгъщ.
Уи IэфIым зыщ1ыдмыгъэнщ1ауэ
Уи дыджыр Iум къытфIоззэрыхь.

Шым мэшэсри мэбзэхьыж гуфIэгъуэр.
Гуауэр лъэсу ди пщIантIэм докIыж.

4. «ЛIыгъэ иIэщ, сэ зыгуэрым сымыадыгэу сыкъыщIригъэдзыфмэ?»

ИАДЭЖЬ хэкур, щапIа и лъахэр, къиз1ыхэкIа лъэпкъым и бзэр, и гурыгъу-гурыщ1эхэр - аращ еплIанэ гупу кIыхьдгъэкIа усэхэм купщIэ яхуэхъур. Абы хохьэр «Уи Хэкур дэнэ?», «Бзэ кэсэсыхукIэ лъэпкъщи, сфIэфIщ щызэхуагъадэр», «Пхэмылъыж цIыхугъи адыгагъи», «Мы пшахъуэщIым и дыгъэм укъес», н. усэхэр. Мыкъуэжьым и лирическэ лIыхъужьыр зыми пимыщ1 и лъахэм щIыхуэзрэзыр абы гъащ1э кIыз1эрыритам, зэрипIам, Гъэгу тэмэм зэрытригъэувам я закъуэжьым. Абы ещIэр: нобэ зэкунщэ хъумэ, ар езыр зыми ищIысыжьнукъым, зы махуи псэужьфынукъым. Хэку зимыIэр, е, иIэпэми, абы лъагъуныгъэ хузимыIэр, хузымпэжыр цIыху насыпынишэц, абы узэрщ1ыгугъын щIэкъым. Аращ Анатолищ1ихтыр:

Пхэмылъыж цIыхугъи адыгагъи,
Къулыкъу щэнтхэм Iупъхьэкl3 уошэс.
Укъилъхуат уи анэ сабий дыгъэу,
Къыпхэзыщ1ыкIар уэ хэт нэжэс?

Гъунапкъэншэщ Мыкъуэжьым и лирическэ лIыхъужьым и адэжь Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр. IэмалынышагъкIэ хамэ хэку зауэ Iэнатlэ щцIэрытми, и щхьэр, и псэр зэрихъуэмэныркъым ар зэгупсыскIэ: «Къущхьелъыхъуэу зэуапIэм гущ1эгъу, Къэмихьуа - бгырыс хьэлтэкъым ар...», атIэ нэгъэущ1, и псэр щинэми, уэсту и Лъахэм къыхуигъанэр:

Адыгэщ1, адыгэщ1, сэ псэм пэсщ1,
Си насыпти уэ гъащ1эр пщ1эстам...
Адэжь Хэку, псэр щыхэкIиэ хамэщ1,
Щ1ыгъэфIэж си пкъы тIэкIур уи куэщ1.

УсакIуэм и лIыхъужьыр ирогузавэр и анэм къыдилъхуа и бзэм хуэфэщэн пщIэ щимыгъуэтыж щIыпIэ щихуэ, зэман ирихьэлIэ щIэхъщIэхыырэ зэрыхъум, я сомитI я кIапэ зэтехауэу зэралъэгъуам е къулыкъущIэ ныкъуэ зэрыхъуфам щхьэкIэ закъыфIэжу «фи-и-й, хэт и адыгэбзэ? Сыт си сынокым абыкIэ ебгъащ1энур? Английскэ ирагъэдж, пщIэкIэ цIыху къыхэтщтауэ, арац нобэ нэхъ фейдэр» жызыIэхэр мымащ1эу лъэпкъым къызэрыкIыр. Аращ и лирическэ лIыхъужьым и псалъэкIэ усакIуэм щIыжиIэр:

Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу
Зы адыгэ анэ дыкъилъхуащ...
Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,
Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар.

5. «ЛIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм мы си плIэр къысфIиухуащ»

ЛЪЭПКЪЫМ и дэтхэнэ бын нэсми и пщIэр зыIэтыр, и щIыхьым хэзыгъаохъуэр и щхьэ закъуэр зэрригъэфIыным зэрытелажьэркъым, атIэ и лъахэм хуищ1э Iуэху пыухыкIадр, абы и зыужьыныгъэм хуищIыф хэлъхьэныгъэр. Хэкум и кIуэ пажэм я пэ иригъэщIыр кIыз1ыхэкIа лъэпкъым и Iэфlымрэ и гуащ1эмрэщ, армыхъумэ и щхьэ закъуэ екъулIэныгъэхэркъым. Апхуэдэ щIыху щэджащ1эхэм я пашэжщ усакIуэ нэсыр. Абы псэкIэ зыхещIэ къэзыухъуреихь гъащ1эм щызекIуэ къабзагъэри, щIыхугъэ нэсри, гугъуехьри, зэхуэмыдэныгъэри. Ар псэкIэ пэщIэтщ залымыгъэмэ щIыхуэгъэншагъэмрэ, щхьэзыфIэфIыгъэмрэ пщIымрэ мы дунейм тепщэ зэрыщ1ымыхъуным. Аращ, езыми зэрыжиIожащи, «мы зэман ябгэм щIыхугъэмрэ дахагъэмрэ хэмыкIуэдэн, жьыIурыхьэгъуэ зымыгъуэтыж Хсыгъэр хуиту «къэбзуэжьи» папщIэ, псалъэр и Iэщ1у, абыхэм я къыщхьэщ1ыжакIуэу, я къэрэгъул бжыхьу» къыщ1эувыфри:

УсакIуэм кхримыдзэ мылъкуи дыщи,
УсакIуэр псэ къудейкIэщ1 зэрыпсэур.
Пщ1ыхь Iэфl фыхэту нэхуэгр фэ щывгъэщкIэ
Абы зэрегъэзахуэ дуней псор.

Нэхъ ищхьэIуэкIэ зи гугъу тщIа, «Адыгэ псалъэ» газетым ирита интервьюм Анатолэ щ1ыжиIэгъащ: «Уэсэн щыщ1эздзагъащ1эхэм сэри си гугъэу щытащ усакIуэм и гъэгур захуэрэ бгъуфIэу, алэрыбгъу щабэ ипхъуарэ и бгъуитIымкIэ удз дахэкэр кьегъэкIакIуэу. АрщхьэкIэ уи ныбжьыр хэкIуэтэху нэхъри кхыбгуроIуэ я гъэгур зэрыдзгъэзеигъуэр, зэрыбыркъуэшыркъуэр, къургъакъкIэ зэрыгъэщIар. А гъуэгум и хьэлъагъуэр сэ иIъэс зыбжанэ ипэкIэ къэс1ыгъэу щытащ мыпхуэдэ сатырхэмкIэ:

ЦIыху мелуанхэм я гуауэр
Згъэвыну къысхуиухащ.
ЛIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм
Мы си плIэр къысфIиухуащ.

УсакIуэм и лирическэ лIыхъужьыр дунейм къыщ1ыхъу мыхъумыщIагъэхэр псэкIэ къэзымыщ1э, пэжым и телъхъэ къудейкъым, атIэ абы и мурад быдзщ1 езыр ем ебгъэрыкIуэну, бзуанIэ лъэпъ иримытыи абы пэщ1этыну:

Ем езэуэныр си натIэу
Сыкъытехьащ мы дунейм.
Згъэбзэнущ уэсэр маисэу, -
Сраузчылщ сэ цIыху хейм.

Гъэщ1эгъуэнщ усакIуэм и образыр Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм къызэрыхэщыр: ар хъэзыхъуреихь цIыхухэм нэхърэ кудкIэ нэхъ гу пщIанэу, зы «псалъэ жагъуэми хуэукIыну» щыIэ пэтми,

Езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм,
ИБжынущ къехъулIаиуэ и хъуэпсапIэр.
Згъэбзэнущ уэсэр маисэу, -
Сраузчылщ сэ цIыху хейм.

Гъэщ1эгъуэнщ усакIуэм и образыр Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм къызэрыхэщыр: ар хъэзыхъуреихь цIыхухэм нэхърэ кудкIэ нэхъ гу пщIанэу, зы «псалъэ жагъуэми хуэукIыну» щыIэ пэтми,

Езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм,
ИБжынущ къехъулIаиуэ и хъуэпсапIэр.
Ирагъэ лелэгъуафIэщ икIи Iущ1щ,
УсакIуэм и гур щIым и щыблэIушщ.

6. «Егъэлеяуэ мы щIылъэм фIыуэ цIыхуитI щыслъэгъуащ»

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ и лирикэр кууу щIиджыкIыу абы и псэкупсэр зыхуэдэм щыгъуазэ хуэ нэужь, адыгэ щIэныгъэлI Къэзэр Хьэмид гу лъитащ: «УсакIуэ нэсхэр закъуэтIакъуэххэщ. А закъуэтIакъуэм ящ1ыщ Мыкъуэжь Анатолэ. Сабий хеищэм ярейуэ, цIыху щабэ, цIыху Iэсэ дыдзщ1 Мыкъуэжьым и усэхэм къыхэтэджыкI лирическэ лIыхъужьыр. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ тетхыхьми, Анатолэ и Iэужьым нэпкъыжьэ хуэхъу нэщэнэ зызымыкъуэжьэхэри щIыIэщ: Захуагъэр, ЦIыхугъэр, Дахагъэр. ИкIи Мыкъуэжьым и лирикэм. Адыгэ пщащэ цIыкIум и теплъэ нэхур, и образ теплъыджэр, абы лирическэ лIыхъужьым хуиIэ гурыщIэ къабзащ1эмрэ фIыпл1агъуныгъэ куурэ сыт и лъэныкъуэкIи фIэщ щIыгъуафIэу, гуапэу икIи Iэкlуэлъакlуэу къыщ1эзфIэгъэуващ «Уи щхьэгъубжэм си нэр къыскухтехьым», «Ублэкlрэ пэт», «Дэнэ укъикIа?», «Уэрэжьэжрэ», «Зэгуэр уэ уи гум хъумэ сыкъихьэж» усэхэм. Мыкъуэжьым и лирическэ лIыхъужьыр и гущIэм щызеуэ гухэлъым апхуэдизкIэ зэщIищтащи, зэгуэр пэIэщIэ зыхуэхъуа пщащэм хуиIэ лъагъуныгъэм хоткIухь, кьанэ щымыIэу:

Сэ нобэ сщыщу зыри симыIэж:
Къэнащ уи деж си гуауи си гуфIэгъуи,
Къэнащ уи деж си лIыгъи си гуапагъи,
Си нэм и нэхури, си псэм и хуабагъри -
Иджы уи деж сэ сыкъыщ1ыхъхьэж.

Егъэлеиншэу жыIэнщи, адыгэ усыгъэхэм къахэгъуэтэгъуейщ зи щытыкIэкIэ апхуэдизу лъэрызехьэу къэгъащIа образ - лъагъуныгъэм и образ.

Гъунапкъэ зимыIэ гурыщIэ лъэщкIэ къыз1эфIэгъэуващ «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегиер. Абы къиIуатэр мы дунеишхэм къызытеуфэрэнкIэжа лъагъуныгъэм и гуIэщ, а гуIэгъуэр зигу кьиригъкI усакIуэм и гъыбзэ мыухыжщ.

Троп зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ художественнэ образхэр зэрызэфIэгъэува щIыкIэхэр

Егъэлщэныгъэм и къэгъэсэбэпыкIэр

ДЭТХЭНЭ такIуэми, усакIуэми и тхыгъэм щ1ызэфIигъэувэ художественнэ образыр къэгъэщIыным хуэлажьэр образнэ псалъэ къудейкэмрэ бзэм и оборот щхьэхуэхэмрэ я закъуэкъым: ахэр фIэщ щIыгъуафIэ щIыным кIэ, нэхъ узэщIа хъунымкIэ, тхыгъэм къыщIыIэта Iуэхугъуэр щекIуэкI щIыпIэм, зэманым я нэпкъыжьэхэр къэгъэлъэгъуэ хъунымкIэ кьалэнышхуэ ягъэзащIэ эпитетхэм, зэгъэпщэныгъэхэм, метафорэхэм, бзэм и поэтическэ фигурэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм къэгъэлъэгъуэну яхуэзфIокIыр псалъэр жызыIэр зытепсэлъыхьым зэрыхущытыр, къызэрыщ1ахъур.

Усакlуэм кьигъащ1 образхэм тегъэщIапIэ яхуищ1 зыхэщ1эныгъэр дунейм кьыз3рытехьэ Iэмал нэхъыщIхьэхэм ящ1ыщ1 псалъэм щIэлъу щыта мыхьэнэм ипIэкIэ ассоциативно-образнэ мыхьэнэщIэ игъэтынкIыр. Апхуэдэр зи къэхъукIэр метафорэрэщ. Ауэ метафорэр езыр егъэпщэныгъэ, эпитет жьхуаIэхэм хуэдэ тропхэм лIэужьыгъуэ нэхъ къызэрыгъэкIэм ящхьэ тетыж троп зэхэлъщ. Метафорэм зыхэщIэныгъэр кьигъэлъэгъуэн щIыхуэзфIэкIыр абы и кIуэцIкIэ мыхьэнитI зэуэ (мыхьэнэ нэхъыщхьэр мыхьэнэ зэдзэкIарэ) зэрыщыз3трихьэрщ.

Егъэпщэныгъэм зыхэщIэныгъэр къыз3рыгъэпэщщыр мыхьэнэ зэпэгъунэгъу зиIэ предмет, лэжьыгъэ, хьэл-щэн н.къ. хуэдэхэу тIу е нэхъыбэ зэрызэрригъапщэрщ. Апхуэдэм дежи ирагъапщэмрэ зрагъапщэмрэ яхэлъ лексическэ мыхьэнэхэр тIуми къахуонэжыр, ауэ а зэгъэпщIтIым зэтехуэу хьэл-щэн зыбжанэ зэрахэлъым Iэмал кьрет зригъапщэм и хьэл-щэн, дуней тетыкIэ, дуней еплъыкIэ, н.къ. иригъапщэм хэлъу тхыльеджэм я пащхьэ ирилъхьэну.

Егъэпщэныгъэм и кьалэныр псалъэр зыкIэр зытепсэлъыхь предметым и щытыкIэ нэхъыщхьэр, ар зищIыс дыдэр белджылы къищIыныр, а предметыр зэщхь нэгъэущ1 предметым иригъапщэкIэрэ:

Къэхъуакъым цIыхум сыщеф1гъуэ.
Зым си зэран езмыгъэкIа.
АтIэ сыщ1эуэу я нэм *бжэгъуу,*
Жагъуэгъу сэ дэнэ къыс1хуикIа?

Къуэгъэнапlэм укъыкъуэукIащ,
ЛIыукI хьэлу, сэр къыз3къуэппхъуэтри.

Щыбгъэлыдри уи сэр и щIыбагъым,
Гъуэбжэгъуэщу зыбгъэбзэзыхжащ.

Сыт щIекIуэкIыр псори сыз3рыхуэмейуэ?
Мурад ину сщIахэр щ1эщ1эжкIр *жьгъейуэ*?

Егъэпщэныгъэм и лIэужьыгъуэу Мыкъуэжьым къигъэсэбэпыр я зэхэлъыкIэкIи я къэхъукIэкIи зэщхьэщокI. Апхуэдэу, къыхэбгъэкI хъунущ:

1. Зи щхьэ хущыт псалъэ щхьэхуэу къэкIуа егъэпщэныгъэхэр:

Гъащ1э-мафIэгужьым *гужьу* дыз3редзэр.

Згъэбзэнущ уэсэр *маисэу,*

Сраузчылщ сэ цIыху хейм.

2. Зи щхьэ хущыт псалъэхэм *хуэдэ(у), ещхьу, щIыкIэу, хабзэу* послелогхэр пыувэкIэрэ къэхъуа егъэпщэныгъэхэр:

Сэ сыщIохъуэпсыр *ещхьу куэдым,*
Щ1ым къытезнэну си фэеплъ.

3. Псалъэ зэпхакIэ е синтаксическэ оборот зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къэгъэлъэгъуа зэгъэпщэныгъэхэр:

Бзу дамэншэу сыщызеуэу щIым
ЩесхьэкIынуц къысхуэна си гъащ1эр.

Шэ мыгъуэу уэ хъуиутIыпщари
Гъущ1 пльаугъ си гум къинащ.
Уэрыншэу мы дунеижьым
Ныбжь пэншэу сыкъытенащ.

Ди кхъухьыр уардэт, *хуэдэ тенджыызышхуэм*
Темыт тфIэщIыкIу, исхэр дригушхэрт.

4. Псалъэуха псокIэ къэгъэлъэгъуа егъэпщэныгъэхэр. Абыхэм «параллелизм» фIэщ1ыгъэщIэр зэрахьэр. ПараллелизмкIэ зэджэр ар текстым и Iыхьэ зэхьэлIахэм щыщ дэтхэнэми къыщ1ыIуэта гупсысэхэр я мыхьэнэкIэ, купщIэкIэ зэпэгъунэгъуэрэ апхуэдэ щIыкIэкIэ зэхуэгъэкIуа хъуа гупсысэм зы поэтическэ образ щхьэхуэ къыщигъэщ1ыкIрырщ. (Краткая литературная энциклопедия, 1968: 591). Мы Iэмалри хъарзынэу къыщыгъэсэбэпащ Мыкъуэжьым и усэхэм:

АкъылкIэ сэ
ФIы дыдзу къызгуроIуэ:
Пэ зиIэм иIэщ кIэ -
ЦIыху гъащIэр кIэщIщ.

Слъэгъуакъым зэи упIейтейуэ.
Гуфlэгъуэ нэпс е гуауэ нэпс
Си фIэщ схуэмыщ1 къыпфIыщIэкIауэ -
Фэеплъ гъэжам урещхьыркъэпсщ.

Ауэ ажал щымыIэу гум къызжеIэр.
Мы гъащIэр кIэншэу абы къысфIегъэщI.

Мы пшахъуэщIым и дыгъэм укъес,
Мы пшахъуэщIым жьыгъуркIыр щофий.
Шэ фижьхъэм ди гъыбзэр яус,
Ди ныбжьэгъуэр ди куэщIым щодий.

ИщхьэмкIи къызэрыщ1ыдгъэзгъуащи, егъэпщэныгъэр бзэм къыхохъукIыр а) предметыр зрагъапщэ объектым *ещхьу, хуэдэ(у), нэхьей, щIыкIэу,* н. къ. послелогхэр пыувэкIэрэ; б) апхуэдэ дыдэ зрагъэпщэ объектым *-уIуэ* аффиксхэр пыхьэкIэрэ:

Щэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр
Зи Iэмырым кьыдекIэрэхъуэкI,
Хабзэ пхэнжьэу мы ди гъащIэр мыгъуэ
Къытущ1ыщ1экIэ убгъащ1ыщ1эуэкI.

Си уэгум *пшагъуэу тельми гухэщIыр,*
Сынпlупlъамэ - ябгъэхыкIыж.

Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Уафэм кIэрыщIащ.
Вагъуэ щIыкIуэр *щыгъуэ*
Зэбгрыщэщащ.

Евгъапщэт:

ФIыуэ слъагъум ещхьу,
Iэпл1эр схуз3ыупхыу къохъу.

Тенджызым ещхьу зэм сыкъоукъубей,
Зэми сосабырыж, *тенджызым хуэдэу.*

Зэрынэрылъагъущи, зрагъапщэ объектым пыувэ *-уI-уэ* суффиксхэми *ещхьу, хуэдэ(у),* щIыкIэу послелогхэми зыхэщIэныгъэр къэгъэкъунымкIэ я гъэгъэсэбэпыкIэр егъэлеяуэ мащIэ дыдэщ. Ауэ усакIуэхэм ахэр кьызэрагъэсэбэпыи и куэдагъ е пщIыкIуэкIэ убгъэдыхьэмэ, гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэкъым усыгъэхэм, прозэм къыщхьэщ1ыкIыу, *-уI-уэ* аффиксхэм куэдкIэ нэхъыбэрэ узэрыщIихьэлIэм. Псом хуэмыдэу ар щынэрылъагъущ Мыкъуэжьым и усэхэм: егъэпщэныгъэр морфологием и Iэмалхэмкlэ (*-уI-уэ* аффиксхэмкlэ) къыщ1ыз3ръпщ1ам и щапхъэу хьблы къэпхъыу лексикологием и Iэмалхэмкlэ (послелог гупымкIэ) къэгъэщ1ауэ зэгъэпщэныгъэ зыхэлъ зы щапхъэщ1 усэхэм яхэбгъуатэр. Ар зэхьэлIауэ дэ къытщ1ыхьэр ритмикэм и гъунапкъэхэмкIэ зэщ1экъуза хъу усэ сатырхэм *-уI-уэ* аффиксхэр нэхъ къыз3рыщ1ыгъэсэбэпыгъуафIэрщ. Аращ и образхэр къыз3фIэгъэувэн папщIэ тегъэщIапIэ ищ1 зыхэщ1эныгъэхэм я зы лIэужьыгъуэ егъэпщэныгъэр морфологием и Iэмалхэмкlэ къыгъэщIынымкIэ Iэмалтэ нэхъ щIыкIэтауэ-лыр.

Метафорэм и къэгъэсэбэпыкIэр

ЗЫХЭЩIЭНЫГЪЭР къэгъэщIынымкIэ тропхэм ящыщу нэхъ Iэмал гъэрызехьэ дыдэр метафорэрщ. Абы хуэзфIокIыр зы предметым и мыхьэнэр зыщ1эщ1 предметым иригъэлIэкIэрэ зы Iуэхугъуэр нэхъ къыщIэгъэлъауэ нэгъэущ1 Iуэхугъуэм и щытыкIэкIэ къигъэлъагъуэу апхуэдэ щIыкIэкIэ зыхэщIэныгъэр къигъэщIын, псалъэр жьыIэр зытепсэлъыхь предметыр е къэхъукъащIэр псалъэр зыжьриIэм и деж Iупщ1у, нэхъ нэрылъагъуу, щэч къытехьэныгъэ Iъэпкъ хэмылъу нихьэсыну. Бэщ1эныгъэлI икIи драматургъ цIрыпIуэ IутIыж Борис тэмэму гу зэрылIытащи, метафорэкIэ гъэпса бзэр - ар жьпIэ хъунущ щIагъыбзэ зиIэ бзэуэ, сыту жьпIэмэ, образыр нэхъ зыхьыуигъащIуэ къэгъэлъэгъуа хъун щхьэкIэ, а Iэмал дыдэр, щIагъыбзэр, мыбы къэгъэсэбэпа щохъу. Абы и къэхъукIэри мыращ: пкъыгъуэ е къэхъукъащIэ гъэрхэм хуахъ, ауэ зыхуахьым ар зэрыхэтыр зэхьэкIаущ, гъэпщкIуаущ, щIагъыбзэ щIэлъу. Арагъэнщ ар егъэщхьыгъэ гъэпщкIуауэ къыщIалъытэри.

Метафорэм къежьапIэ хуэхъур, дауи, дунейм и пкъыгъуэ, къэхъукъащIэ сыт хуэдэхэр зэгъэщхьыныр. Абы къыхокI метафорэр «егъэщхьыгъэ гъэкIэщIауэ» къэзылъытэ гуэркэри зэрыщыIэр.

Пэжщ, метафорэмрэ егъэщхьыныгъэмрэ зэхэгъэкIыгъуэй щхьэу щыIэщ, ауэ, зыкъомкIэ зэхуэкIуэ щхьэкIэ, ахэр зыкъым. А тIур гъунэгъу нэхъ зэхуэзыщIыр я къэхъукIэ-зэхэлъыкIэр мыхьуу, къагъащ1 мыхьэнэхэрщ. Я къэхъукIэзэхэлъыкIэм тепщIыхьмэ, метафорэхэмрэ егъэщхьныгъэхэмрэ зэщхьэщокI. Синтаксис и лъэныкъуэкIи морфологие и лъэныкъуэкIи егъэщхьныгъэхэр зэпкърыпх мэхъу, метафорэхэр абы хуэщIакъым.

(КIэлъыкIуэр 5-нэ нап.).

ЗыхэщIэныгъэмрэ стилистикэмрэ я IэмалхэмкIэ адыгэ усыгъэм художественнэ образхэр зэрыщызэфIэгъэувар

Анатолэ, абы и щхьэгъусэ Маринэ, япхъу Ланэ цIыкIу, и къуэш Арсен сымэ. *1989 гъэ*

Мыкъуэжьым, Анатолэ, Шырыт СулътIан, Бекъул Токъан, Хьэх Сэфарбий, Къамбий Зуфар *(щытхэщ1),* Ержыб Аслъан, Сыкъун Хьэсэн, Мырзэкъан Суфян *(щысхэщ1). 1985 гъэ*

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр 3, 4-нэ нап.).

Метафорэм предметыр егъэбелджылы а предметым къыгуэхыпІэ имыІэу хэлъ, хэпща щытыкІэхэмкІэ, хьэл-щэнхэмкІэ, теплъэхэмкІэ. Художественнэ образхэр щызэпхІигъэувэкІэ а троп лІэужьыгъуэр икъукІэ Іэкіуэлъакіуэу кьеГъэсэбэп Мыкъуэжьым:

Мэртэзей щихухэм, ноби къыфхуэщыгъуэу,
Я тхьэмпэ щхъыщхъэр щэхуу *къаІэпоху.*

Сэ солъагъур фІыуэ хьэкІэкхъуэкІэр,
А бзэмыІухэм сытыр я дуней.

Си нанэу си нанэ *дыщэ,*
Сыщіалэу си фэр мэкІуэд.

Си *насып гува, си гъащІэ, си псэ,*
Си гуфІэгъуэ,
Дэнэ укъикІа?

И образхэр къызэфІигъуэвн папщІэ щІэгъэкъуэн къишІ метафорэхэр къызэрыГъэлъэгъуа псалъэ лъэпкъыгъуэхэмрэ ахэр усэ сатыр-псалъэухахэм зэрыхэувэ пкъыгъуэхэмрэ я лъэныкъуэкІэ убГъэдыхьэмэ, нэхъыбэ дыдэрэ метафорэу усакІуэм кьигъэсэбэпыр щыІэщІэхэрщ. Апхуэдэ образэм метафорэхэр Мыкъуэжьым и усэхэм къыщокІуэ сказуемэм и кьалэн яГъэзащІэу:

Ябпэщыкіэ уи нитІыр *мафІитІт.*

Сэ зэманыжьым *сриклэухщ.*
Сэ зэманыщІэм *срищІэдзапІэщ.*
Сэ лІэщыгъуитІым *сральэмыжщ.*

Ахэр ЩокІуэфэ, псалъэухам подлежащэу хэуваУэ:

Сэращ къэкІуэнум и *кхъухь тедзапІэр.*

Дополненэу:

Зи гущІэгъур ин!
Дунейм и *шхуэІур* залымыгъэм
къыітхуІэщІэгъэкІ.

Уи нитІыр уи псэм и гъуджэт.
ЩІэплъагъуэрт *дыщэ* Іуэнтіа.

Апхуэдэ метафорэхэр кьакІуэ хабзэщ зыгъэлъагъуэ *а, мо, мы,* еигъэ къэзыгъэлъагъуэ *си, ди* цІэпапщІэхэм ящІыгъуу е зыхуэгъэзэнныгъэ мыхьэнэ кьагъэлъагъуэу: Маринэ, Людэ, *тхьэрыкъуэ пщэхуитІ,* апхуэдэу пасэу щхьэфыльэтэжахэ?

Метафорэ-щыІэцІэхэм нэмыщІ, Мыкъуэжьым и усэхэм кУдрэ ущрохьэлІэ а кьалэн дыдэр зыгъэзащІэ плъыфэцІэхэм, причастием, причастнэ оборотхэм:

Дунеижьу фІыр зыхудиплъапІэр
МэкІэрахъуэ пхэнжу - *къэплъэнафщ.*

Мазэ ныкъуэм къыпытКуК нур мащІэм
Си пэш кІуэцІыр фагъуэу кьеГъэнэху.

ЦІэхэм нэмыщІ, глаголми метафорэ кьалэн щагъэзащІэ Мыкъуэжьым и усэхэм:

И Іэлъэщі кІапэм щэху дыдэу
И нэпсхэр *кІуэцІитГэпщкІуат.*

ИкъукІэ образэнщ икІи эмоциональнэщ Мыкъуэжь Анатолэ и усэбзэр. Ар къызэзыгъэпэщ Іуэхугъуэхэм ящыщу усакІуэм игъуэу икІи Іэкіуэлъакіуэу кьигъэІурыщІэ псалъэ зэрыуэхэр, жьІэкІэ дахэхэм усэм лъэпкъ фащэ щатІагъэ, ар цІыхубэ усыгъэм и гъунэгъу ящІ, сыту жьпІэмэ, ахэр езыхэр лъэпкъ фащэм щыщ Іыхьэщи.

ЖьІэгъуэ е псалъэжь гуэрым и мыхьэнэр образым хуиныкІэрэ усакІуэм и персонажым хилъхьэ хьэл-щэнхэр гъащІэм ирехьалІэ, езы авторым абы хуиІэ хущытыкІэри къыдегъащІэ:

Усакіуэр бегъымбарым екъэехуэу
Тхьэм и Іэмыркіэ къытехьащ дунейм.
Арщхьэкіэ щихькъым ар -
флъагъунущ щыуэу,
Щыуагъэм бегъымбар пэт хуэмыхей.

«Сымытхми усэ,
Сэри зыхьзощІэ абы зыхищІэр», -
ЖьІфІэу *хъийм фимыкІ.*

Зэману зэманыжь бзаджэм...
Іимани, дини имыІэ,
Тебзащ и напэм кІэжьаж...

Зы щыкъуей гуэр кьэлъейрэ
Кьихуэмэ-щэ си нэгум,
Джэгу пэт нэ крахур.
Щхьэ укъыздэджэгурэ?

Ауэ фразеологизм, псалъэжь хьэзырхэр кьиштэрэ и усэ сатырхэм хигъэувэ кьудейкІэ зэфІимыгъэкІыу абыхэм Анатолэ «авторым и фразеологизм» зыфІащауэ литературоведением щызекІуэ Іэмал телъыджэм хуэди кхъежьыкІыф: «усакІуэм е тхакІуэм кьиІуатэр нэхъри щІигъэхуэбжьэн, кьигъэщІ образхэр нэхъ лъэрызехьэ, гукъинэжьыгуафІэ хъун папщІэ, фразеологизмхэр, псалъэжьхэр е псалъэ зэрыуэхэр зэкІэщІеч, абы экспрессиекІэ гъэнщІа псалъэхэр хетхэри а псори усэ сатрыхэм хегъэувэж. Абы щыгъуэми апхуэдэ фразеологизмхэр къыщеззГъми къыщымызэгъми къыщымыгъэсэбэпауэ мыхьэнэкІэ зыхуэкІуэ контекстырщ зыхитхэр. Абы щыгъуэщ апхуэдэ фразеологизм «зэгъэзэхуахэм» зыхэщІэныгъэшхуэ къащыпкърыкІыр».

Делэ къэзылъу и гуэн лъапэ щыщІегІэж, Зыр лІэкІэ адрейм зилІэжьыркъым, Зи гупкІэ уисым и уэрэд жьІэ, Бегъымбар пэтрэ щоуэ, ЗылІ джэдыгуибгъурэ лІибгъу джэдыгуншэу псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм къатрещІыкІри Анатолэ кьигъэщІ образхэр мыпхуэдэ сатырхэмкІэ зэфІегъэувэ:

НэхъыфІу схэлъыр уэрэд гуапэу
Кьыісхуэгъэнамэ, си насыпт.
Нэхъыкіэу схэлъыр си гуэн лъапэ
ЩысхущІэтІэжтэм, си насыпт.

Зэкъуэшхэу Мыкъуэжь Анатолэрэ Арсенрэ я анэ КІуэр я гъусэу. *1985 гъэ*

Анатолэ Налшык дэт епщыкІущанэ гимназием и еджакІуэхэр и гъусэу. *2013 гъэ*

ЗыхэщІэныгъэмрэ стилистикэмрэ я Іэмалхэмкіэ адыгэ усыгъэм художественнэ образхэр зэрыщызэфІэгъэувар

Фэрыщіхэри зыгуэркІэ насыпыфІэщ:
Зыр лІэкІэ зым дунейр къытемыунКІыфІэ.

Хуеякъым хъуну хьэкІэпыч ар.
Хьэрычэтыщіи мыхъуфа.
Зи гупкІэ исым и уэрэди
Фэ фэщхьу, демыжьууфа.

Щыуагъэм бегъымбар пэт хуэмыхей.

(ГъащІэ!) *ДжэдыгуибгъукІэ зы лІым*
ухуэупсэу
Къыумыгъанэ джэдыгуншэу лІибгъу.

Адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэм ущрихьэлІэ хабзэщ усэр зэфэзэщу метафорэу зэхэгъэувауэ. Апхуэдэ гъэпсыкІэ яІэщ Мыкъуэжьым и «ГъащІэ-мафІэгужь», «Изрэ ныкъуэрэ» усэхэм. Анатолэ и лирическэ лІыхъужьым гъащІэр къызэрыщыхъыр гъуэгу пыухыкІа лъэпкъ къэзымылъхъуэу, къэгъэшыпІэхэм пхэнжу къыщызыгъэшу кІуэ мафІэгу зэхэфыщІаижьщ. А мафІэгум фІыр ем щытекІуэркъым, хейм и судыщІэр мысэрщ, гъащІэм щытепщэр мылъкур зибэрщ. Абы щекІуэкІ лейм, зэхуэмыдэныгъэм лирическэ лІыхъужьым и щхьэр ирегъэужэгурэ, «прэби, сыкъимыгІыСхьэхами нэхъыфІти мы мафІэгужьым» жригъэІэу игурэ и щхьэрэ зрегъэбгъэж:

ГъащІэ-мафІэгужьым гужьу дызэредз,
ГъащІэ-мафІэгужьым гущІэр зэрегъэшх.
ТфІэфІ-тфІэмыфІ жьхуэпІэр
щайуэ къримыдзэу,
ЩхьэрыуІыпщу макІуэ, пхэнжурэ егъэш...

ГъащІэ-мафІэгужьым ер
щыжьантІэрыкІуэщ,
ГъащІэ-мафІэгужьым щиІуТІыжщ
нэфІ-нейм...
ГъащІэ-мафІэгужьым хабзэ щызэмыкІуэ...
ГъащІэ-мафІэгужьым напэ щызэІуащэ...

ГъащІэ-мафІэгужьым псэр щызэхаутэ,
ЕлъытауэкІ мылъкум щащІыр зэхэгъэж.
НэхъыфІати, жьпІэу сыкъимыгІыСхьатэм,
ГъащІэ-мафІэгужьым уигу зрегъэбгъэж.

ГъащІэ-мафІэгужьу хейжэм я щІыунэ,
УдэфА-сэхъуаэхэм я дуней жэнэт.
Ди зэхуэдэ унэу, уей, емьнэунэ,
Ди унэкІэ хъунум и жэуап къыдэт.

Бзэщ1эныгъэм хабзэ щыхъуауэ, метафорэхэр я къэгъэщІыкІэ елъытаКІэ зэщхьэщагъэкІри абы я лІэужьыгъуилІ къыхагъэкІыр: псэ зыІуМыт предмет щхьэхуэхэм я пІэкІэ псэ зыІуМыт нэгъуэщІ предметхэм зэреджэр метафорэу къыщцыхьаахэр; псэ зыІуМыт предметхэм я пІэкІэ псэ зыІут псэущхьэхэм я цІэкэр метафорэу къыщыгъэсэбэпахэр; псэ зыІут предметхэм я метафорэу псэ зыІуМытэгъэ къыщцыхьаахэр; псэ зыІут псэущхьэ щхьэхуэхэм я метафорэу псэ зыІут нэгъуэщІ псэущхьэхэм я фІэщыгъэщІэхэр къыщцыкІуаХэр.

А гупилплм щыщу Мыкъуэжьым и усэхэм нэхъыбэрэ узыщрихьэлІэр иужь ит метафорэ къэгъэщыкІэ Іэмалищырщ. Анатолэ нэхъ кьигъэсэбэпу жьхуэтІа а метафорэ къэгъэщыкІищым я зым нэгъуэщІкІи йоджэ литературэм елэжь щІэныгъэлІхэр: олицетворение, персонификация, прозопопея. Ар псэ зыІут псэущхьэхэм я дуней тетыкІэр, хьэл-щэнхэр усакІуэм псэ зыІуМыт предметхэми щахилъхьэфырщ, псэншэ предметхэр и усэ сатырхэм «къыщигъэпсэуфырщ»:

Дунеишхуэ, умыІэуэлъауэ.

Хуейщ *дыгъэр бзийкІэ гуэшэну,*
ЩІым гуапэу *кьедэхэщІэну.*

Уафэ къащхъуэр ирегуфІэ.

Мыкъуэжьым кьигъэсэбэп метафорэ къэгъэщыкІищым щыщу етІуанэм хэлъ щхьэхуэныгъэр - ар предмет псэншэм и теплъэ, плъыфэ. н.къ. хуэдэхэр псэ зыІутым, псом япэу цІыхум, хуэхьа зэрыхъурщ. Абы хохьэ зи мыхьэнэкІэ дахагъэ, хуабагъэ, Іэфыгъэ - псэм фІэфІ зыхэщІэныгъэкъэ псалъэхэр: *мазэ, дыгъэ, нэ, псэ, дуней, дыщэ,* н.къ. Абыхэм япытынкІэ хъунущ *Іэфі, шыр, цІыкІу* хуэдэ плъыфІэцІэхэр, еигъэ къэзыгъэлъагъуэ **си** цІэпапщІэр:

Жей, *си Іэфі, си фІыгъуэ,*
Жей, *си гурыфІыгъуэ,*
Си къудамэ цІыкІуу къыдэжа!
Жей, *си нэху, си дыгъэ,*
Жей, *си насып щыгъэ,*
Си удэ гъэгъа цІыкІуу къыхэжа!

Жей, *си дыщэ кІанэ,* жэщыр зэгъэжащ.

Мыкъуэжьым и усэхэм къыщигъэсэбэпа ещанэ Іэмалымкіэ къызэфІэгъэува метафорэр зыихэт усэхэм я щапхъэу къэпхь хъунущ мыхэр:

Хуеякъым хъуну *хьэкІэпыч ар.*
Хьэрычэтыщіи мыхъуфа.
Зи гупкІэ исым и уэрэдым
Фэ фэщхьу, демыжьууфа.

ЦІыху щэджащэм дзы къытхуебгъэлъыхъуэу
Іимансызыр *щихъыу* умыгъэІу.

Нэгъуэщі троп лІэужьыгъуэхэм я къэгъэсэбэпыкІэр

ЕГЪЭПЩЭНЫГЪЭМРЭ метафорэмрэ нэмыщІ усакІуэм и тхыгъэхэм увыпІэ хэха щаубыд метонимие, синекдоха, эпитет, перифраз, оксюморон, гиперболэ хуэдэ троп лІэужьыгъуэхэми.

Метонимием и лІэужьыгъуэу бзэм узыщрихьэлІэхэм ящыщу Анатолэ нэхъ кьигъэсэбэпхэм ящыщщ мы къэкІуэнухэр:

- субъектым кьигъэщІа хьэпшыпым, предметым и пІэкІэ ар къэзыгъэщІам и цІэр кьиІуэнкІэрэ дунейм кьытехьа метонимиехэр:

Шопен къевгъауэ, *Моцарт* севгъадаІуэ,
Бетховен и сонатэр зэхэзвгъэх.

- лжжьыгъэр щагъэзащІа зэманым и пІэкІэ а зэманым яГъэзащІа лжжьыгъэр къыщыгъэлъэгъуа метонимиехэр:

Мы *щІыр щымыджэмыпцІэм щегъэжьауэ*
Тхьэ лъапІэр дуней Іэзухуэм елэІащ.

ИкъукІэ Іэкіуэлъакіуэу Мыкъуэжьым и усэхэм щІэгъэкъуэн къыщищІ тропхэм ящыщщ предметхэмрэ лжжьыгъэмрэ образнэу зыгъэбелджылыф **эпитетыр**. Эпитет кьалэныр яГъэзащІэу усэхэм ущрохьэлІэ щыІэцІэхэм, плъыфэцІэхэм, псалъэ зэпха псоми. Апхуэдэ эпитетхэр усэ сатырхэм кьыщокІуэ сказуемэу, зэрызыхуаГъазэ псалъэу, зэрызыхуаГъазэ псалъэ зэпхэу, н.:

Тхьэмпэ гъуэжьхэр жьы *Іубыгъуэ* хуэлІэу
Къаруунщэу щІэгъуэлъхьащ жыг щІагъ.

Усакіуэм и гур щым и *щыблІэуащ.*

Усакіуэр хуэукІынущ псалъэ *жагъуэм.*

Мазэ *тхьэгъу лъэныкъуэр* уафэм
кІэрыщІащ.

А уи *нэ-мафІитІыр* си гум щхьэ къеІа?

Куэд щІауэ сщІымыгъуж пщащэм
сыт и псэукІэ?
Бжьыхьэм *уэшх-нэпсхэр* щишыІэм
щыс, дэнэщхьейуэ?

Си стІолыщхьэу *бампІэм къызэгуичым*
Телъ тхылъымпІэ хужьхэр ушкІумпІащ.

Ищхьэмкіэ къыщытхьа щапхъэхэм къызэрыхэщщи, эпитетхэм я нэхъыбэм образнэу яГъэбелджылыр предметхэрщ. Ауэ Мыкъуэжьым хуэзфІокІыр лжжьыгъэри эпитетхэмкІэ игъэбелджылыну. Апхуэдэжэм деж цІэхэм кьадэкІуэу эпитетхэм я кьалэныр яГъэзащІэ хабзэщ деепричастиехэми, наречиехэми, глаголхэми:

Уи гъыбзэжьхэр нобэми *тхыдэм*
къыхоІукІыр.
Си бзэм сэрэ дызэтІолъхуэныкъуэу
Зы адыгэ анэм дыкъилъхуащ.

Пхэмылъыж цІыхугъи адыгагъи,
Къулыкъу шэнтхэм Іулъхьэкіэ *уошэс.*

Бзэщ1эныгъэм эпитетхэр щызэщхьэщагъэкІ хабзэщ псоми кьагъэсэбэнрэ авторым езым кьигъэщІауэ. Ялэ гупым хыхьэхэм ящыщщ *псалъэ дыдж, гугъэ Іэфі, псалъэ дыгъэл* жьыхуэтІэхэм хуэдэхэр. Иужьрей эпитет-псалъэ зэпхам дыкъытеувыІэмэ, *дыгъэлу* щытынкІэ хъунур мэкъущ. Ауэ «фЫ» мыхьэнэ къикІыу ар Анатолэ хегъэувэф усэ сатырым:

Псалъэ *дыгъэлхэм* сахэплъыхьрэ
Кьахэзгъэтамэ зы налкъут,
Яхуемыгъэхыу я тэмакъым
А псалъэ закъуэр сфІагъэпуд.

Ди пщІыхьэпІи къыхэхуэртэкъым гъащІэм и жьыбгъэ *Іэлым* ди гугъэ *Іэфіхэр* щыкъуейуэ губгъуэжьым ирипхъжьыну.

Усакіуэм езым кьигъэщІа эпитетхэм я щапхъэ хъунущ мыр:

...ГуІэфІтещІэжыр
Гъуэлэжа гугъэр зыдэтІэпІыжу
Темыуж гуауэр тщхьэщызыгъэущ.

И тхыгъэхэм щызэфІигъэувэ хуэдэ хуэдэ ящыщ1эныгъэр нэхъ нэщІыса, гукъинэж хъун папщІэ, Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэхэм икъукІэ гулъытэшхуэ щахуещІ **перифразым** - бзэм махуэ къэс къыщагъэсэбэп псалъэхэм синоним яхуэхъу, псалъэр зыхуэзгъэзэм нэхъ щІэщыгъуэ щыхъун папщІэ кьагъэсэбэп гурыІуэгъуэхэм. Перифразым кьагъэлъагъуэ уса-кІуэр зытепсэлъыхь предметым, Іуэхугъуэм, кьэхъукъащІэм и фІэщыгъэщІэ дыдэм и пІэкІэ ар адрей предметхэм, Іуэхугъуэхэм, кьэхъукъащІэхэм нэхъ щІэгъэщхьауэ, егъэлеиуэ къащхьэщызыгъэкІ, ауэ икІи тынш дыдэу къызэрыпхуэцІыху цІэр (мыхьэнэр):

Маринэ, Людэ - тхьэрыкъуэ пщэхуитІ,
Апхуэдэу пасэу щхьэ фыльэтэжахэ?
ГущІэгъу къыфхуищІу *дитым зи Іумэт*
СфІощІ дуней ябгъм фытришыжауэ.

Зытелъхэм набдзэ фэ франэхъ гуакІуэт.

Эпитетхэм хуэдэу, предмет-разхэри псоми кьагъэсэбэнрэ авторым кьагъэщІауэ зэщхьэщокІ. ГъащІэгъэунэщ абы и лъэныкъуэкІэ гу лъыптэну: езыхэм кьагъэщыжа перифразхэмкІэ зи образ телъыджэхэр адыгэ поэзием къыхэлыдыкІ Щоджэнцыкіу Алийрэ Іутіыж Борисрэ ябгъуэрыувэфащ Мыкъуэжь Анатолиі. Абыхэм я усэ сатырхэм перифразхэр текстым щыхоувэф псалъэухам и сыт хуэдэ пкъыгъуэуи. Псом хуэмыдэу Мыкъуэжьым ар кьегъэсэбэп зэрызыхуаГъазэ псалъэм, псалъэ зэпхам я кьалэн игъэзащІэу. Къэбгъэлъагъуэмэ, Тхьэм зэрызыхуиГъазэ перифраз гъэщІэгъуэныщэу, зыхэщІэныгъэкІэ гъэщІагъуэ абы кьегъуэт пщІым щІигъу:

ЩІэрхъ гудзэнщэу дунеижь абрагъуэр
Зи Іэмыщым къыдекІэрэхъуэкІ,
Хабзэ пхэнжжэу мы ди гъащІэр мыгъуэ
КьытщызыщІхэр щІым щытхуэзхъуэкІ.
Зи гущІэгъур ин! Дунейм и шхуэІур
Залымыгъэм кьытхуІэщІэгъэкІ,
Нэмысынщэм цІыху гъэсам и нэкІур
ЩІихулыкІыу хуумыдэ афІэкІ.

Ди щхьэщыгум дыгъэр къизыІыгъэу
Зи Іэмыркіэ щІыр кьекІэрэхъуэкІ,
Пэлъэщауэ е-бзаджэм цІыхугъэр
ЩІы хъурейр зэгуэрым нэху кьегъэкІ.

Мы щІымрэ уэмрэ зэтезыІыгъэу
ИгъащІэ лъандэм сызыхуэпэж!
Зи насып фалъэр ублэрэкІахэм
ГуІэфІтещІэжкІэ кьахуэгуэпэж.

Зи гущІэгъу ин! ЩІэмычэу сынолъэІур.
ХъымпІар сыкъэпщІкъым -
си гур хыбогъэщІ.

Тхакіуэр е усакіуэр зытетхыхь предметым е къэхъукъащІэм хилъхьэ зыхэщІэныгъэр нэхъри щІигъэхуэбжьэн папщІэ къигъэсэбэп Іэмалхэм ящыщщ а зытепсэлъыхь предметым и инагъыр, и щытыкІэр, и зэфІэкІхэр, н. ямылейуэ игъэбгъуэныр е игъэмэщІэныр. Апхуэдэ Іэмалхэм зэреджэр *гиперболэрэ* (гъэкуэдныныгъэр) *литотэрэщ* (гъэмащІэныгъэр). А Іэмалитіым щыщу Мыкъуэжьым и творчествэм узыщрихьэлІэр гиперболэрщ. И лирическэ лІыхъужьым фІыуэ илъагъум хуиІэ псэ Іэфіагъым, лъагъуныгъэм и кууагъыр къэгъэлъэгъуэн мурадкІэ а Іэмалыр икъукІэ Іэкіуэлъакіуэу Анатолэ кьыщегъэсэбэп «Жэщ хьэлъэ» усэм:

Сыхэлъщ сэ пІэм.
Гур къызолъэІур,
Мы си бгъэм хъуауэ имыхуэж:
«ФІыуэ слъагъу пщащэм и лъыхъуакіуэ
Нэтэджи, кхъыІэ, дегъэжьэж...»
Сыщ1эгу сэ ящым.
Гур мэлъаІуэ,
Ар хъуауэ унэм щІэмыхуэж:
«ФІыуэ слъагъу пщащэм и лъыхъуакіуэ
НыщІэкІи, кхъыІэ, дегъэжьэж...»
Сыдэтщ сэ щІыбым.
Гур мэлъаІуэ,
Мы щІыщхуэм хъуауэ темыхуэж:
«ФІыуэ слъагъу пщащэм и лъыхъуакіуэ
СутІыпщи, кхъыІэ, сегъэжьэж».

Мыкъуэжьым и лирическэ лІыхъужьым и псэгъуу дунейм ехьыжам хуиІэ лъагъуныгъэ мыухыр, гурыщІэ щІэнэшэр къигъэлъэгъуэн папщІэ Анатолэ гиперболэр куэд дыдэрэ кьыщегъэсэбэп «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кІэншэ» поэмэ-элегием. Мис абы и зы щапхъэ:

«Мы си гущхьэу Іуащхьэу къэбэгар
Кхъащхьэ пхуэхъури, си Маринэ мыгъуэ.
Мыгъуэлэж гъэгъауэ хэссэжащ
Си гухэлъхэр, си Маринэ мыгъуэ.

Иджыри кьэс зи гугъу тщІахэм нэмыщІ, Анатолэ и усэхэм ущрохьэлІэ усакіуэм икъукІэ Іэзагъыишхуэ хэлъу къигъэлъагъуэ нэгъуэщІ зы троп лІэужьыгъуэ. Оксюморонщ абы зэреджэр - мыхьэнэ зэпэщІэуэ зиІэ псалъэ зэпхахэм кьагъэщІыф эпитет лІэужьыгъуэщ. Ауэ дэ нэхъ тфІэкъабылыр мыхьэнэ зэпэщІэуэ зиІэ псалъэхэр - антонимхэр - усакіуэм къызэригъэсэбэп щІыкІэм хухэтха Іыхьэм хиубыдэ едзыгъуэ щхьэхуэм оксюморонхэм Мыкъуэжьым и усэхэм щагъэзащІэ кьалэнхэр щызэпкърытхьнырц.

Лексикологиемрэ морфологиемрэ я Іэмалхэмкіэ къэхъуа зыхэщІэныгъэмкІэ къэгъэщІа образхэр

Экспрессивнэ аффиксхэм я зэфІэкІкІэ къэхъуа зыхэщІэныгъэр зи лъабжьэ образхэр

КЪЭЗЫУХЪУРЕИХЬ предметхэмрэ къэхъукъащІэхэмрэ цІыхум зэрызэхигъэкІ хабзэр лІэужьыгъуитІыщ: ахэр е фІыщ, гуапэщ, гурыхьщ, е Іейщ, жагъуэщ, гурымыхьщ. Псалъэр жызыІэми зытепсэлъыхьым ирит оценкэр къызыхихыр а лІэужьыгъуитІым языкэзыірщ.

Анатолэ и тхыгъэхэм мымащІэу ущрохьэлІэ плъыфэцІэм, щыІэцІэм, щытыкІэ къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцІэм кьытекІа наречиехэм суффикс зэмылІэужьыгъуэхэр япыуэкІэрэ зыхэщІэныгъэр кьэгъэлъагъуа щыхъуу. Абы щыгъуэми зыхэщІэныгъэ мыхьэнэр нэхъ Іупщу къызэпкърыкІыр экспрессие зыпкърылъ суффиксхэр зыпыуа щытыкІэ къэзыгъэлъагъуэ папщІэ, абы куэдрэ кьегъэсэбэп апхуэдэ аффикс зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм щыщ зы Іыхьэм чэм имыІэу кьагъэлъагъуэр е гуапагъэ защІэщ е гуемыІуныгъэщ. Ауэ Анатолэ хуэзфІокІ а зы аффикс дыдэр кьигъэсэбэпкІэрэ жиІэм зэм гуемыІуныгъэ, зэм гуапагъэ, фІэфІныныгъэ мыхьэнэхэр хилъхьэну. Псалъэм папщІэ, суффикс **-жь**-м и мыхьэнэ нэхъыщхьэр гуемыІуныгъэ кьигъэлъагъуэнырщ:

Мы дунеи***жь***ыр, уи жьыщхьэм кьеплъу,
ЩыхущІегъуэжи щыІэщ кьыуищІам.

Мы дунеи***жь***ым фІы щІэмылъ и нэгум,
ГъэпцІагъэрщ гъуазэ закъуэу кьыхуэнар.

ГъащІэ-мафІэгу***жь***ым гу***жь***у дызэредзэ,
ГъащІэ-мафІэгу***жь***ым гущІэр зэрегъэшх.

Псэм и къулеягъэрщ мылъкукІэ узэджэнур,
ГъущІыкІэ***жь***ы дыщэр, абы елъытауэ.

Ауэ а аффикс дыдэм фІэлІыкІыныгъэ е гъэиныныгъэ мыхьэнэ иІэуи кьыщегъэсэбэп усакіуэм и тхыгъэхэм:

Адэ***жь*** Хэку, псэр щыхэкІмэ хамэщІ,
ЩыгъэфІэж си пкъы тІэкІур уи куэщІ.

Адэ***жь*** и щыхьым фримыуэркъ,
А щыхьым хэлъхьым фи фІыщІэ лъэпкъ.

Ди лъэпкъы***жь*** щэджащэурэ
ЛІыгъэри зи бащэ,
Уи гъыбзэ***жь***хэр нобэми
Тхыдэм кьыхоІукІыр.

Зи Іуфэм сабиигъуэр щефхьэкІа
Тэрчы***жь***ым фи лъакъуапІэхэр екъымэ.

Псалъэр жызыІэр зытепсэлъыхьым фІыуэ хущытыныгъэ кьигъэлъагъуэу бзэм кудрэ кьыщокІуэ ***-кІей*** суффиксыр: *дахэ - дахэкІей, дэгъуэ - дэгъуэкІей.* Ауэ а мыхьэнэ нэхъыщхьэм нэмыщІ, зыхэщІэныгъэм и зы Іыхьэу щыт щІэгъэхуэбжьэныгъэри (интенсивность) Іэкіуэлъакіуэу а аффикс дыдэмкІэ Анатолэ кьыщегъэсэбэпуэ и усэхэм:

ЩыхуэзфІэкІ-щихьэмтетыгъуэм
ИІащ ныбжьэгъуу куэды***кІей***.

(КІэухыр 6-нэ нап.).

ЗыхэщIэныгъэмрэ стилистикэмрэ я Iэмалхэмкlэ адыгэ усыгъэм художественнэ образхэр зэрыщызэфIэгъэувар

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 3 - 5-нэ нап.).

А щIэгъэхуэбжьэныгъэ мыхьэнэ дыдэр Мыкъуэжьым къызэрегъэпэщ уэсэ сатырхэм хэт щыIэщIэ, плыифэцIэхэм суффикс - ***щэ*** япигъэувакIэрэ:

ЩIегъэкIыр нэпс хеи***щэ*** пщащэ цIыкIум -
Щысхьыншэу зи нэмысыр хаутам.

Си лъэпкъым зыкъыщIэжыну,
И щIыхьыр иЫгъыжыну
Гугъэ IэфIы***щэ*** сыгъэщI.

Сабий быдзафэу емыызгъыр
Мамыру папщIэкIэ жеин,
Уэрэд дахА***щэ*** анэм щIыгъуу
Гущащхьэм хуейщ сэ щызгъэIун.

А суффиксэм къадэкIуэу, Мыкъуэжьым и усэхэм ущрохьэлIэ псалъэхэм ***зыгъэ***-префиксыр пыувэкIэрэ зыхэщIэныгъэр къыщыгъэщIа сатырхэми:

Мы дунеижьыр зищIысыр
зы цIыхум къыгурыIуакъым.
КъыгурыIуаяI жызыIэм фымыщI
къывжиIэр фи фIэщ,
Зегъэгубзыгъэ, армыхъумэ
зы мастэ къыгурыIуакъым.

Си шыпхъу гумащIэ,
Си шыпхъу нэхъыщIэ,
Хущхъуэрэ щхъухьу зэхэлъщ дунейр,
Ер си щэрэзхэр, ***загъэ***фэрыщIу,
Къызэрытхэтыр пщIэну сыхуейщ.

Уи зэхэщIыкIыр фIым хуэмыпсыхьамэ,
Дахагъэ уи гум хъыщIымышIамэ,
УцIыхуэкъым, хуеймэ, уэ урепащтыхь.
Узырикlыц, уфIэфIыху ***зыгъэ***алыхь!

Зыпыувэ псалъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэм а префиксым хелъхьэф «зэфIэкIкIэ, акъылкIэ, нэгъэущI Iуэхугъуэшхуэ гуэркIэ зэи узыльэщIэмыхьэну гъэрым и пIэм уиту зыкъыызыщыбгъэхъужын» жихуиIэ мыхьэнэ кIэрыдзэныр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэхъуа псалъэм къиГъэлъагъуэр гуенныгъэщ. Ар апхуэдэу щIыщытыр зеэзыгъэщхь субъектыр зызриГъэщхьым хуэдэ зэи зэрымыкъуфынур зэрыбелджылырщ, апхуэдэ зегъэщхьныгъэ-щIэкъуныгъэми ауан фIэкIа нэгъуэщI зэрыхыумыIъагъуэрщ: ***зыгъэ***-щIалэр, ***зыгъэ***-губзыгъэр, ***зыгъэ***-лIын; ***зыгъэ***-бэлыхьын; ***зыгъэ***-пщын; ***зыгъэ***-тхьэмыщкIэр; ***зыгъэ***-муслымэрын, н.

Ауэ мыбын гу лъытэн хуейщ: *зыгъэ*-аффиксым зыхэщIэныгъэ хэщыкIыр ар щыIэщIэм е предметым и акъыл, хьэл-щэн, н.къ. зыгъэбелджылы плъыфэцIэм щыпыувэрщ. А префиксыр глаголым пыту къыщыкIуэм деж апхуэдэ псалъэм къиIуатэр и мыхьэнэ нэхъыщхьэ къудейрщ, экспрессие лъэпкъ хэмылъу: *зыгъэ-пскIын; зыгъэ-хьэзырын; зыгъэ-джэлэн*, н.

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм къыщыгъэсэбэпу ищхьэмкIэ зи гугъу щытщIа суффиксхэм нэмыщI, адыгэбзэм зыхэщIэныгъэр къыщызэгъэпэща мэхъур нэгъуэщI суффикс зыбжанэкIи. Псалъэм папщIэ, зыпыувэ псалъэхэм егъэлеиныгъэ мыхьэнэ халъхьэф *-й, -лэ, -рилэ, -ринэ* суффиксхэм: псалъа-*лэ*, уэ-*лэ*, хуабе-*й*, кIуэдыкIе-*й*, гъы-*ринэ*, н. ФIэфIыныгъэ къегъэлъагъуэ *-кIуэ* суффиксым: жьакIуэ, гуакIуэ, IэкIуэ, IэкIуэльакIуэ. Псалъэр зыхужаIэм хуаIэ гуемыIуныгъэр белджылы иращIу къагъэсэбэп хабзащ *-лэ, -цэ, -пцIэ, -джэ, -зэ, -шэ, -къ/-къэ* суффиксхэр: узыншэузыншалэ, делэ - делалэ, щхьэцэ, жьакIацэ, пщацэ, пащIацэ, пцIапцIэ, ныбапцIэ, нэджэIуджэ, тепIъаджэ, назэ, щхьэзэ, нашэ, бгышэ, тхышэ, щIыбышэ, пащIакъэ, ныбзкъ, н.

ГъэщIэгъуэныращи, зи тхыгъэхэм щыщу дэтхэнэ сатырри тIэуи щэи щIэтпщытыкIа МыкъуэжьмкIэ и жьIэр тхылъеджэм нэхъ зыхэщIэгъуафIэ ящищIын хьисэпкIэ мы иужь-рейхэм щыщ зы суффикси зэ закъуи къиГъэсэбэпауэ дрихьэлIакъым. Пэж дыдэуи, Мыкъуэжьым и образхэр щызэфIигъэувэкIэ нэхъ тегъэщIапIэищIзыхэщIэныгъэхэркъызэрыгъэщIар лексикологием, фразеологием, синтаксисым я Iэмалхэрщ, псом хуэмыдэу тропхэм я къэгъэсэбэпыкIэрщ.

Мыкъуэжь Анатолэ. *2016 гъэ*

Сурэтыр **Пэтlуащlэ Феликс** *ищlащ.*

Синонимхэмрэ антонимхэмрэ я Iэмалхэмкlэ образхэр къэгъэщIыным хэлъ щхьэхуэныгъэхэр

ЗЫХЭЩIЭНЫГЪЭМ и къызэгъэпэщакIуэу художественнэ тхыгъэхэм зыубгъуауэ къыщагъэсэбэп ***синонимхэр*** - зы псалъэ лъэпкъыгъуэм щыщхэу е псалъэ зэпхауэ зы мыхьэнэ е мыхьэнэ зэпэгъунэгъу зыхэлъхэр. Синоним зэхуэхъуф псалъэ зыбжанэм къызэрагъэпэщыф синонимический ряд жьIуаIэр. Апхуэдэ рядым хыхьэ псалъэхэм щыщу зыр зыхэщIэныгъэкIэ зэрыгъэнщIар сыт щIигъуи нэхъ мащIэуц. Абы къыхэкIкIэ сыт хуэдэ контекстым хэтми, абы и мыхьэнэр нэхъ гурыIуэгуафIэщ. Апхуэдэ псалъэм и семантикэр рядым къыдыхэт адрей синонимхэм ящIэщIын, яубгъур, яиIуатэм уасэ хузыщI (оценочность) мыхьэнэ щIагъур. Псалъэ щхьэхуэхэм къадэкIуэу синонимическэ рядым хэтынущ псалъэ зэпхахэри фразеологизмхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри рядым хэт псалъэ нэхъыщхьэм нэмыщI, рядым къыщыкIуэ адрей псалъэ псоми синоним яхуэхъуфым хуейщ.

Рядым хэт псалъэхэм ящыщу зыр адрейм мыхьэнэкIэ зэрызэрихьэкIыф елъытакIэ ахэр зэщхьэщагъэкI синоним нэсрэ зи псалъэ гуэгъум и мыхьэнэр икIэм нэс къызэкIуэцIызымыхьэф синонимхэу. Синоним нэсхэщ, псалъэм папщIэ, *мафIэдз - геныч, хыв - ихьэз, хьэлу - мэжаджэ* хуэдэхэр.

ЕтIуанэ синоним гупыр зэщхьэщагъэкI лIэужьыгъуэ зыбжанэу. КъэбгъэлIагъуэмэ, ямэ лIэужьыгъуэм щыщщ *иудын - гъэджэлэн - гъэукIуриин* жыхуэтIэхэм хуэдэ семантическэ синонимхэр. Абыхэм къагъэлъагъуэр зы предметщ, Iэзыгъуэщ е къэхъукъащIэщ, къарыкI мыхьэнэм хэлъ зэтемыкуэзныгъэри мащIэ дыдэщ. Апхуэдэ рядым хыхьэ синонимхэм яхэщыпыхьуэр усакIуэм хуэзфIокI жиIэну зыхуей дыдэр мыхьэнэкIи жьIэкIэкIи зыхуей хуэзауэ зыхьелъеджэм деж нихьэсыну.

ЕтIуанэ лIэужьыгъуэм хьыхьэхэм зэреджэр стилистическэ синонимщ. Ахэр ямэ гупым хэтхэм нэхърэ зыхэщIэныгъэкIэ нэхъ гъэнщIащ, бзэм и стиль зэхуэмыдэхэм щагъуэт къэгъэсэбэпыкIэкIи зэщхьэщокIхэр; гъащIэм и къэхъукъащIэ гуэркIэ къызэрагъэльагъуэм къыдэкIуэу псалъэр жызыIэм а къэхъукъащIэм хуиIэж хущытыкIэри Iупщ I къащIыф. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, мы къэкIуэну стилистическэ синонимхэр: *лIэн - и псэр щинэн - дунейм ехыжьын - ихьэдэр ихуэн - щIым щIыхьэн - хьэдрыхэ кIуэн,* н. Зи гугъу тщIы синоним лIэужьыгъуитIми мымащIэу дыщрохьэлIэр Мыкъуэжьым и усыгъэхэм.

Анатолэ и усэхэм къыщигъэсэбэп синонимхэм къахэбгъэщхьэхукI хъунущ псалъэхэм зэкIэлъыкIуэу къытрамыгъэзэжьын папщIэ абыхэм я мыхьэнэгъуу къэхьа синонимхэр:

Дунеишхуэ, *умыIэуэлъауэ,*
Дунеишхуэ, сынолъэIу, *эыущэку.*

Мыкъуэжьым кьигъэсэбэп синонимхэм я нэгъуэщI лIэужьыгъуэщ гъэтэмэмыныгъэ кьалэн зи пщэ къыдэхуэ синонимхэр. Апхуэдэ кьалэн синонимхэм щагъэзэщIэфыр ахэр мыхьэнэкIэ зэпэгъунэгъу зыщI Iуэхугъуэм, къэхъукъащIэм и образ убгъуа къыщагъэщIырщ. Гъэтэмэмыныгъэ кьалэныр синонимхэм щагъэзащIэр псалъэуха щхьэхуэм и кIуэлIкIэщ:

Гъатхэу, дунейм и щIэрэщIэгъуэу къыттепсыхащ насыпыншагъэшхуэ; Сыт хуэдэ Iэхуми *гупсэхуу, зэпэшчачэ* уегупсыст икIи зэкIыпIэм я нэхъ тэмэмыр къыхуэбгъуэтырт; Арщхьэкlэ гъащIэр *зэубзахэм, зыхуэбзэфIахэм* сащымыщ; *Укъэмыдзыхэ, укъэмыхьыщIэ,* Си шыпхъу нэхъыщIэ, Си шыпхъу гумащIэ; Я пщIыхьэпIэ къыхэхуауэ пIэрэ цIыху *псэ къабзэхэм, псэ дахэхэм* къабгъэдэкI нурым я дунейр къигъэнэхуу?

Синонимхэм яГъэзащIэ апхуэдэ гъэтэмэмыныгъэ кьалэныр псом хуэмыдэу щынэрылъагъущ «семантическая градация» жыхуаIэ Iэзыгъуэм. Апхуэдэм деж синоним зэхуэхъу псалъэхэм щыщу зым кьиIуатэ мыхьэнэр адрейм игъэтэмэм къудейкIэ зэфIэмыкIыц, а мыхьэнэр нэхъри щIегъэхуабжьэ. ЗыхэщIэныгъэр къэгъэщIыныкIэ градациоННэ рядым и зэфIэкIкIэр нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм щыщщ. Апхуэдэм деж рядым хэт дэтхэнэ синонимми нэхъри щIегъэхуабжьэ, Iупщ ещI ипэ ит синонимым кьиIуатэр. А Iэмалыр псом хуэмыдэу усакIуэм къыщецхъуIэр абы зыхэщIэныгъэ ин дыдэхэр зыхэлъ гурыщIэ кууэр къыщыIуатэрщ. ГъэщIэгъуэныращи, апхуэдэ рядхэм Анатолэ хегъэхьэф синоним кьабзэ зэхуэхъуф псалъэхэм нэмыщI, икIэм нэс синоним зэхуэмыхьу, ауэ къарыкI мыхьэнэкIэ зэпэблагъэ псалъэхэри: *Илъэс куэдкIэ псэхугъуэ къыззымыта, си псэр дзапэкIэ сэзыгъэIыгъа* сатырхэм иджы я увыIэпIэ кьагъуэтыжащ - тетщ иджы ахэр уи фэеплъ сыным; *Усхьумэфакъым,* Маринэ, *сыпхуэхъуфакъым мэIуху;* Жьы хъуэхэщ *ихьыр ажалым,* мыдрейхэр *гъащIэм еукI; Гухэлъ уэрэдхэр зыфIэзауану, зи ныбэ зыкъуэху иримыкъужхэм* а псор кьазэрыгурымыIуэр, кьагурыIуэну зэрыхуэмейр дгъэщIагъуэрт; *Дыззакъылэгъут, псэкIэ дызэгуэгъут.*

Зы мыхьэнэ мыхъуу мыхьэнэ зэпэгъунэгъу къззыгъэлъэгъуэф синонимхэрщ зыхэщIэныгъэр къэгъэщIыным нэхъ хэлэжьыхьыфхэр, сыту жыIэмэ а мыхьэнэ зэтемыхуэхэм языкъэзыр контекст щхьэхуэхэм IэкIуэлъакIуэу хэбгъэувэфынырщ зыхэщIэныгъэм кьежьапIэ хуэхъужьыр.

Синонимхэм ехьэехуэу, уеблэмэ абыхэм япэ ищу пIэрэ, жиигъэIэу зыхэщIэныгъэ щхьэхуэхэр къэгъэщIыным Анатолэ хегъэлэжьыхь ***антонимхэри***. Апхуэдэ зэфIэкI антонимхэм щIагъуэтыр абыхэм мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ зэпэщIэуэныгъэм гупсысэр шэрыуэ, щIэщыгъуэ, щIэгъэхуэбжьа зэрахуэщIырщ. Абы и щIыхьэтщ мы щапхъэхэр:

Иджы си нитIыр текIыжащ,
Уи хужьи, фIыцIи я зэхуэдэу.

Къэхъуакъым насып псори зым ириту,
Къыдет гуфIэгъуи пIащIэу *тIэщIехьыж.*

Акъылыфlэр, и щхьэр игъэлъахъшэу,
Тумыгъэт *ахьмакъхэм я бжэщхьэIу.*

Балигъхэр зэгурымыIуэм
Сабийм я лажьэр сыт?

Сызыгъэгуфlи сызыгъэхыщIи
Уэ пхуэдэу зыщIэ темыт дунейм.

Хущхъуэрэ щхъухьу зэхэлъщ дунейр.

Къыхэдзи *гъыбзэу уэрэд* дахащэ
Яжеlэ цIыхуу къызэхуэсам.
ФIылъагъуныгъэу хузиIам гъащIэм
И мафIэ пщтырым сызэрисар.

ХэщIрэ нобэ уигу е унэщхъыфIэ?

ГъущI хъарым ириубыдэну
А бзур зыфIэфIи щыIэни,
Апхуэдэу хъумэ, усыгъэм
Уэрэдкъым - гъыбзэщ жиIэнур.

Дызэресэжауэ бзэм къыщыхэдгъэкI антонимхэм къащхьэщыкIыу тхакIуэ-хэм, усакIуэхэм къагъэсэбэп хабзэщ контекст щхьэхуэхэм фIэкIа антоним щызэхуэмыхьу псалъэ зэхьэлIаХэмрэ авторхэм езыхэм къагъэщIыжа антонимхэмрэ. А антоним лIэужьыгъуитIми зыхэщIэныгъэр къэгъэщIыныкIэ, тхыгъэм хэт образхэр къызэфIэгъэувэныкIэ ябгъэдэлъ зэфIэкIырхуэдкIэ нэхъыбэщ антоним къызэрыгъэIхэм ейм нэхъри:

(ГъащIэ), *Фо* зыкIуэ, *щхъухькIэ зэхэщIауэ,*
Къытхуэбгъэшыныр уи нэрыгъщ.

Зи закъуэу гугъу ехьам зыпэщIымыс,
Уи фочри пэлъэщынкъым абы и сэм.

ЩIэгущIэгъуншэр гъащIэр сыт апхуэдэу? -
УIэгъэ птелъмэ, *шыгъукIэ* егъэхьуж.

Сэ щысхуэмышэчхэр *пIалъэкIэ* дунейм
Дауэ зэрыпшэчыр уэ *игъащIэ лъандэм?*

Мы сатырхэм къыщыхэгъэща *фо - щхъухь, фоч - сэ, уIэгъэ - шыгъу, пIалъэкIэ - игъащIэ лъандэм* псалъэхэм, ахэр къызыхэтха контекстым щыхэмытыжым деж, мыхьэнэ зэпэщIэуэ къарыкIыркъым. Ахэр антоним зэхуэзыщIыр контекстырщ.

Мыкъуэжьым и творчествэм ущрохьэлIэр антонимхэм я къагъэсэбэпыкIэм ехьэлIа нэгъуэщI зы Iэмал гъэщIэгъуэни. УсакIуэм и усэхэм щыхуэзфIокI псалъэуха псохэр антоним зэхуищIыну:

Сыту мащIащэ-тIэ цIыхугур
гуфIэныным папщIэкIэ зыхуейр,
Сыту мащIащэ-тIэ цIыхугур гуIэным
папщIэкIэ зыхуейр.

Шым мэшэри мэбзэхьк гуфIэгъуэр,
Гуауэр лъэсу ди пщIантIэм докIыж.

Мы иужьрей щапхъэм антоним зэхуэхъуу Iыхьипл I хэтщ: *гуфIэгъуэр - гуауэр; шым мэшэри - лъэсу; шым мэшэри мэбзэхьк - лъэсу ди пщIантIэм докIыж.* Къэтхьа псалъэухаитIым къызэдгъэщхьэхукIаХэм языныкъуэхэр антоним къызэрыгъэкIщ, адрейхэр контекстуальнэ антонимщ. А псом ищIыIужкIэ, езы усэ сатыритIыр зэрыщыту къапщтэмэ, ар зэрызэхэт псалъэухаитIри антоним зэхуохъухэр: *1. Шым мэшэсыжри мэбзэхьк гуфIэгъуэр. 2. Гуауэр лъэсу ди пщIантIэм докIыж.* Мы сатыритIым хэлъ зэпэщIэуэныгъэр зэриудэкIкIэрэ усакIуэм хуэзфIэкIащ насыпымрэ насыпыншагъэмрэ, гуфIэгъуэмрэ гуIэгъуэмрэ къыгуэхьпIэ имыIэу щызэгуэща гъащIэм и образыр къызэфIигъэувэну.

ИщхьэкIэ щызэпэкрытха щапхъэхэм я лъэпсэгъущ мы къэкIуэнухэри:

Дауэ ар, езым гу лъызмытэжу
Сэ си ныбжьыр зэрыхэкIуэтар?
Гъатхэ хадэм ситу си гугъэжу
Бжьыхьэ мэзым сыкъыщIэхутащ.

Сыхуейщ сэ куэдрэ сыпсэуну,
ЩIым тетщи фIыуэ сльагъу цIыху куэд.
СылIэн хуей хъуми, сымышынэ,
ЩIым щIэльщи фIыуэ сльагъу цIыху куэд.

Нэхъыфlу схэлъыр уэрэд гуапэу
Къысхуэгъэнамэ, си насыпт.
Нахьыкlэу схэлъыр си гуэн лъапэ
Щысхущlэтlэжтэм си насыпт.

Иужьрей сатырым зыхэщIэныгъэр Iэмал тIуащIэкIэ къыщыдзэгъэпэщащ. Ялэрауэ, мыбы хэтщ усакIуэр зыхэлэжьыхьа «Делэ къэзылъху и гуэн лъапэ щыщIетIэж» псалъэжьыр. ЕтIуанэрщи, образыр антонимхэм къагъэлъагъуэ зэпэщIэуэныгъэмкIэ уэзщIащ.

Лексическэ антонимхэр лъабжьэ яхуохъур оксюмороныгъэ антитезэмрэ. ТIуми я тегъэщIапIэу щытынущ къызэрыгъэкI антонимхэри контекстым щыхэзыф fкIа антоним зэхуэмыхьу псалъэ зэхьэлIаХэри. Мыкъуэжьым къигъэщI образхэм псэщIэ яхилъхьэн, ахэр зыми ямышхьын папщIэ усакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэм ящыщщ ***оксюмороныр*** - мыхьэнэ зэпэщIэуэ зиIэ псалъэ зэпхакъым къагъэщIыф эпитет лIэужьыгъуэр. Ар *уэс пщтыр, гуфIэгъуэ нэпс, уэлбанэ дыгъэ, бгъэ дамэншэ, жьэгу мафIэншэ, тхьэгъуш бзэншэ* жыхуэтIэхэм хуэдэхэрщ:

Слъэгъуакъым зэи упIейтйуэ.
ГуфIэгъуэ нэпс е гуауэ нэпс
Си фIэщ схуэмыщI къыпфIыщIэкIауэ.
Фэеплъ гъэжам урещхьыркъэпсщ.

Лъагъуныгъэм гу дэмыубзэрабзэр
Жьэгу мафIэншэм сытKIи ещхьыркъабзэщ.

Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм ущрохьэлIэр оксюмороным кьалэнитI щигъэзащIэу: езым и кьалэн дыдэмрэ егъэпщэныгъэм и пщэрылъхэмрэ:

Узидамэт.
Си гуфIэгъуэр зым
КъезмыгъащIэу сытт уэгу
къащхьуэ лъащIэм.

Анатолэ и тхыгъэхэм щымащIэкъым зи сатыр кьэс зэпэщIэуэныгъэ мыхьэнэ хэлъу зэфIэувэ усэхэри. Апхуэдэщ, палъэм папщIэ, «Дунеижь» тхыгъэр:

Е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдзэу
Уей, дунеижь!
ЦIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъэкъуэту
Уей, дунеижь!
Акъылыфlагъэр зыфIэделагъэу
Уей, дунеижь!
ФэжьIужь делагъэр зыхуэхъужауэ
Уей, дунеижь.
НэмыкIытагъэр зи жьэгу щыпэкIуу
Уей, дунеижь!
ЕмыкIур екIуи хэзыгъэгъуащэу
Уей, дунеижь!

Антитезэр - ар псалъэ зэпхам хэлъ гупсысэм зэуэ, егъэлеяуэ зэпэщIэуэныгъэ мыхьэнэ щигъуэт жыIэгъуэщ. Оксюмороным хуэдэу, антитезэми зыхэщIэныгъэр хэпщIыкIыу щIегъэхуабжьэр:

Къызэпта акъылым егъэз *уэри щIыри.*

Си деж уэ зыри къыщымылъыхъуэж,
Сыпсэуми хуэдэ сэ сыщымыIэж.
Сэ нобэ сщыщу зыри симыIэж:
Къэнащ уи деж си гуауи, си *гуфIэгъуи.*

Сызыгъэгуфlи, сызыгъэхыщIи
Уэ пхуэдэу зыщIэ темыт дунейм...
Сабийхэм ещхьу псэ кьабзэ защIэ
Балигъхэр сщIыну сэри сыхэтщ.

Художественнэ образ телъыджэхэр къэгъэщIынымкIэ Анатолэ къигъэIурыщIэфа Iэмал гъуэзэджэхэм ящыщщ антонимхэмрэ синонимхэмрэ текстым зэуэ къызэрыщызэдигъэсэбэпыфыр:

ФэрыщIхэри зыгуркIэ насыпыфIэщ:
Зыр лIэкIэ зым дунейр къытемыункIыфIэ .

Щапхъэм хэт *лIэкIэ* (и пэщIэдзэ формэр: «лIэн») псалъэр синоним хуохъу *дунейр къытемыункIыфIэ* (и пэщIэдзэ формэр: дунейр къытеункIыфIэн) псалъэ зэпхам. Ауэ а псалъэ зэпхам щымыIэныгъэм и префикс ***мы***-зэрыхигъэувэм къыхэкIыу ар *дунейр къытемыункIыфIэ* псалъэ зэпхам антоним хуохъур.

Куэдяхэткъым ди усакIуэхэм ар яхуэзфIэкIауэ. Ари и нэщэнэщ зи усэ гъуэзэджэхэмкIэ цIыхум фIыуэ яльэгъуа Мыкъуэжь Анатолэ лъапэ мазаукIэ лъэпкъ утыкум ихьэу лъэ быдэкIэ адыгэ поэзием и щыгу зэриувэфам.

Сэмэгумкlэ къыщыщlэдзауэ: **тхакIуэхэу Уэрэзей Афлик, Хьэх Сэфарбий, журналист Багъэтыр Аркадий, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ**. *1984 гъэ*

Сэмэгумкlэ къыщыщlэдзауэ: **филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ игъэхьэзыр нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр, филологие щIэныгъэхэм я доктор Бищlо Борис, Щоджэнцlыку Алий и цIэр зэзыхьэ ФIыщIэ фондым и унафэщI Щоджэнцlыкlу Леонид, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ**. *2016 гъэ*

Згъуэткъым адэжь лъахэм екIун псалъэ

80

УсакIуэ Гъубжокъуэ Лиуан
(1932 - 1988 гъгъ.)

УсакIуэ цIэрыIуэ Гъубжокъуэ Лиуан къызэрагъэпсыхурэ илъэс 80 ирокъу. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ гупсысэ кууркIэ гъэнщIэ усыгъэ купщIафIэ куэд, ахэр хабжь къэбзэрдей поэзием и лъагапIэм.

Гъубжокъуэ Лиуан Мухьэмэд и къуэр Жэмтхьэлэ къуажэм 1937 гъэм мазаем и 23-м къыщалъхуащ, Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухащ, Республикэ библиотекэм, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм щылажьащ.

Лиуан и усыгъэхэм щыгъуазэ дыщыхъуащ «Шэрэдж толъкъунхэр», «Насыпгуэш», «Жэщ гупсысэхэр», «Зэманым и джэрпэджэж», «Дыгъапсэ», «Иужьрей уафэхъуэпскI» уэ тхылъхэм, абыхэм я фIыпIэр щызэхуэхьэсащ 2008 гъэм къыдэкIа «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» сборникым.

УсакIуэр 1988 гъэм дунейм ехыжащ.

ИГъащIэ лъандэрэ дызэрыцIыхуу, ди къызэдекIуэкIа пэтми, Лиуан сэрэ нэхри нэхъ зэгъунэгъуж, ди натIэ зэтыпа щыхъуар а тхьэмыщкIэр дунейм щехыжыну и пэ къихуэу илъэсипщIырат - зы лэжьапIэ пэшым дыздыщIэсащ, цIыху зыпIытху дыхъууи, езымрэ сэрэ ди закъуэуи. Ди пэшхэр нэмыбгъуэ тхуащIуэ зыщыдгъэшьи, хэт и гъусэу щIэсыну нэхъ кьищтэрэ жаIэу щыщIэупщIэхэм, сэ занщIэу жэуап стащ: «Езыр арэзымэ, Лиуан сэрэ зы пэш дыщIэвгъэтIысхьэ». Дунейм ехыжам и гуэныхь сыту сщIын? «Хьэуэ» кьыхихугъэкIакъым абыи. Сэ сщIэрт Лиуан тутынкр зэрыфIэфIыр, езыми ищIэрт сэ тутын Іугъуэр сызэрижагъуэ бзаджэр. Ауэ сэ мыри сщIэрт: Лиуан укIытэ зиIэ, нэмыс зыхэлъ цIыхут, абы, зэрыжаIэу, езым нэхърэ зы хьэнтхъупс шынакIэкIа нэхъ мыхъуми нэхъыжьым пщIэ хуищIырт, фIэлIыкIырт. Ди тхакIуэ нэхъыжьхэм ялъагъуу ар тутын зэремыфэри, уцIыкIуэу, зигъэжьзыжьуэ зэрышымытри щыщIэр ди закъуэтэкъым. УдагъэгурыкIуэну, удэлэжьэну абы нэхърэ нэхъ цIыху тынш гъэутыгъуейт. Езыр Іэсэт, сабырт.

ЗызыгъэусакIуэшхуэу, сэ схуэдэ дэнэ щыIэ жиIэу Іэджэ къыщыхьэрт ди лэжьапIэм. Лиуан нэхъ къеГэщIыIапIэр усыгъэрти, абы и деж къекIуалIэрт зыгуэр зыуцIырхьа дэтхэнэ зы «классикри». Апхуэдэжкъэм ятхар зэрымыхъуар я фIэщ пщIын щхьэкIэ, дамэкъуэ куэд пкъутэн хуей хъурт. Ауэ мис абыхэми зэрепсэлъэн бзэ Іэфl Іурылът Лиуан - я жагъуэ зэримыщIымын пылъу, кIыхьу, хэбгъэзыхьмэ, кIыхьлIыхьу ябгъэдэст абыхэм.

Гъубжокъуэ Лиуан Іуэуэгу сытригъэзащ, сэбэп къыхсухэзыащ жызыIэн куэд яхэту къыщIэкIынщ блыщI гъэхэм къыщыщIэдзэуэ ди литературэм кьыхьахэм. Сэ сльа-цIыху Іей гуэрым, щыIэм щыгъуэ... Ар дауэ цIыхум и жьэм кьыжьдыкI: «Сянуэ-кIэ, хуейми, удэи кьремыкI...». ФIы фIэкIа, сыт хужьпIэн мы усэм? Ар куэдым ягу ирихьащ, литературэ критикэм абы гулъытэщхэу хуищащ. Псалъэм папщIэ, усэм теухуауэ ТхьэгъэзитI Зубер итхыгъащ мы псалъэ гуапэхэр: «Гъубжокъуэм и тхыгъэ гъуэзэджэ «Си Іыахэ - си удэ дахэр», си гугъэмкIэ, ди адыгэ литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм, нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ, ди лирикэм и фIыпIэщ. Усэм кьиIуатэ гупсысэр куущ, пщыгъупщэжьнкIэ Іэмал имыIэу, зы псалъэ, мыр мыбдежьым щымытащэрт е ар нэгъуэщIкIэ зэсхъуэкIынт хужьпIэну абы кьыхэгъуэтэгъуейщ...» Апхуэдэ псалъэхэр зыхуатха икIи зыхуэтхыпхъэ усэ купщIафIэ куэдыкIей иIэщ Гъубжокъуэм.

Усыгъэм зи гумрэ зи псэмрэ хьэлэлу езыта Гъубжокъуэм и зы Іэдакъэщ Іэкъым нэхъуэ адрейр, и зы текIуалъым нэхъ я кьыкIэлъыкIуэр нэхъыфI хъуурэ екIуэкIащ. Абы щыхьэт тохъуэ и усэ щэ бжыгъэхэм нэмыщI, и поэмэ гъуэзджэхэри, рассказ хьэлэмэтхэри, публицистикэ тэмгъэ хьащIэзыхьэхэри.

Гъубжокъуэ Лиуан 1963 гъэм СССР-м и Журналистхэм, 1969 гъэм ТхакIуэхэм я зэгуэхьныгъэхэм хагъэхьауэ щытащ. А кьалэн лъапIэхэр и псэр пытыху щIыхь пылъу абы итщэзыщIащ. И пэмкIэ Іэфlымрэ и дуней текIыгъ дахэмрэ я кьалъытэри, 1988 гъэм Гъубжокъуэм кьыфIащащ «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Лиуан тIэунейрэ къратащ «За освоение целинных и залежных земель» медалыр, ВЛКСМ-м и ЦК-м и щIыхь тхылъыр.

ЗэфIэкI дзгъуэ кьиIуэлъагъуэу илъэс зыбжанэкIэ лъэпкъ литературэм хэзыгъэсащ. Гъубжокъуэ Лиуан, ауэ ищIэну псом хунэмысу усакIуэ гъэзэджэр 1988 гъэм фокIадэм и 3-м дунейм ехыжащ, и тхылъ купщIафIэхэмрэ и кьуэ закъуэмрэ кьиIэрпнэкIри. Аизр Лиуан и фэеплъ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ, икIи Гъубжокъуэ лъэпкъри, благъэ-Іыхьлъэхэри, гуаузшхуэр зытепсыха и щхьэгъусэ Рити зэрыгушхуэ икIи зэрыпагэ хъуи фэеплъу кьэлъытапхъэщ.

ЕРЖЬБ Аслъэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.
2013 гъэ

Нэхъ цIыху тынш гъуэтыгъуейт

Налшык паркым зыщагъэпсэху Гъубжокъуэ Лиуан, Шортэн Аскэрбий, Къагъырмэс Борис, Арбузов Игорь, Хьэх Сэфарбий сымэ. *1976 гъэ*

Хэкуми лъэпкъми ящыгъупщэнукъым

ДУНЕЙМ дахэу, гуапэу трильагъуэ псоми щыгуфIыкIыу, «Гъэгъахэр гъунэгъу Іыхьэу» кьригуэшэкIыу, гумащIэу, псэ дахэ иIэу усакIуэм и гущIэлъапсэм «кьриха» - «Си Іыахэ - си удэ дахэ» усэм фIэкIа имытхами, ди гум кьыщIитхъыу зи ГащIэ пшынальэр зэпыча Гъубжокъуэ Лиуан зэрыусакIуэ нэсыр гъуэщIнутэкъым.

Псэкlэ зыхимыщIауэ, и псэм къыбгъэдэмыкIауэ Лиуан зы уси итхакъым. Усэ тхыпхэр зэи и эштегъэупIэу щытакъым. И «губампIэр» (фIы ирехъу, Іей ирехъу, и гум къыдрихьеяр) «зэригъэтIысхьэ» гурыщIэ псалъэт усэр.

Лиуан дунейм ехыжа нэужь къыдагъэкIыжауэ щыта «Иужьрей уафэхъуэпскI» усэ сборникым ит усэхэм иджы дыдэ щIэрыщIэу сыкъеджэжащ. А тхыпIым нэхъ пасэу сызэмыджа иткъым, сыту жыпIэмэ Лиуан щIалэ дыдэу япэ лъэбакъэу поэзием щича зэманым кьыщыщIэдзауэ и творчествам зэрызиужьам сыщыгъуазэщ, илъэс зыбжанэкIэ «Іуащхьэмахуэ» журналым дыщызэдэлэжьащ. И усэхэм хуэдэу, езы Лиуани гумащIэу, гуапэу, «макъ щабэу», фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылIу зэрыщытам сыщыгъуазэщ. Лиуан и хэтIыр, и макъыр нэгъуэщIхэм яхэгъуэщэнкIэ Іэмал зимыIэщ. Абыхэм яхэтлъ гурыщIэм, гупсысэм «укъызэщIаIэтэ» хуэдэйкъым, атIэ щIыхъэми дунейгъэми пыщIа къэхьгъэхэм куууэ урагъэгупсыс. Езы Лиуан игу хэщIу зэриткьыжауэ, адэIэ щабэ жьыхуаIэр зи щхьэфэм кьытемыIэба, гу щимыхуэу зи анэр пасэу зыфIэкIуэда усакIуэм и мащIэкъым щIыхур зыгъэгумащIэ, гущIэгъулы зыщI, нэщхьеягъуэм и ныбжь мащIэ зытелъ, плъэмыкIыу уи нэпсыр кьыщIэзыху усэ гумащIэхэр. Гъубжокъуэм егъэлеяуэ куэд имытхами (ар зэи хущIэкъуакъым усэ нэхъыбэ зэритхыным), абы кьыщIэна усэ телъыджэхэр адыгэ усыгъэм лъэужь дахэу кьыхэнащ, тхылъеджэхэм я гум гуапэу кьинащ.

Быдэу ди фIэщ мэхъу: Лиуан хуэдэ усакIуэ хэкуми лъэпкъми ящыгъупщэн хуейкъым.

ШЭВЛОКЪУЭ Пётр,
1997 гъэ

Гъубжокъуэ Лиуан и усыгъэхэр

Шэпсы и Іуфэм

Къурышыс цIыкIу,
Мэз бжэну лъакъуэ псынщIэ,
Адыгэш мыгъасэм ещхьу Іэ,
Удыхьэшхи угъэи кьысхуэмыщIэ,
Хэт кьыпхэзыльхьар апхуэдэ хьэл?

УкъыщIэж кьысфIощIыр анэ бгъафэм,
Уэ анэ быдзышэу сыт бдагъуэн?!
Ди адэжьхэм шыр псы щрагъафэм,
Ягу ирихьу, цIэ кьыпфIащагъэнщ.

ПхуащIащ жыгей мэзыр цIэфIыщ джанэ,
Ар адэжь фрешльыд - зыщызмыгъэнщI,
ЦIыгъасыкIэ жьыбгъэи я къудамэр
Ди бзэмкIэ Іущащэу сэ кьысфIощI.

Уахуэзэшкъэ адыгэ шууейуэ
Уи псы Іуфэм щепсыхьу щытам,
Е зи щхьащыр льэдакъэпэм теуэу,
Псыхьэ кьакIуэу уи Іуфэм Іутам?

Ноби, анэм кьыкIэрыхуэ шыщIэу,
Ахэм уакIалъыжьэуэ ущыщ,
Шэпсы цIыкIу,
ЦIэ щIэткъым уэ унгу щыщIэм,
ЩIумыгъуэткIэ абыхэм ящыщ.

Зэуэ къуедэри аркъэну толькъунхэр,
Тенджыз ФIыщIэм укъегъэувыIэж,
Щогъэтыжри шууейхэм лъыхъуэныр,
Нэщхъеят укъэхъуауэ зошыIэж.

Шэрэдж толькъунхэр

Зэтеублэраныкъ уи толькъунхэм
Пфlощl щIэгъажьауэ купрауэ.
Шэрэдж, ущоижьри кьыр блынхэм
Уэ ущоятэ ди ауэ.

Алъп емыльджу, Іумпейуэ.
Уи нэпкъ задитIым уопыкъуэкъу.
Уи лъэдэныныгъэр щIыпну пIуэ,
Дапщэщи ныджэм ухущIокъу.

Зэран къыпхуэхъуу къыпшэувым
ЛъэкIампIэщIэуэ зыхуобощI,
Гуэугуанэм пфIэфIкъым ущыгуныгъу...
Лъэщагъэшу уиIэм зэи хэмыщI.

УоIунщI турбинхэм нарт кьарухIи,
Хуогуэшыпщ нэхъу унатрыгъэ кьэс,
Бутх ткIуэнс пIащэр хъуауэ хъуаскIэ,
Уи кьуакIэ кIыфIхэми лъоIэс.

Си ныбжьэгъуэхэм

Кьыфхуокlуэ фэри си махуэр,
Ныбжьэгъуэхэ, -
Зэкlэлъхьэужьу анэхэр фIэщIокI.
Адэалым зэримыIэр зы гущIэгъуи
Зэман-зэманкIэ
Фэри фи нэгу щIокI.

Фи анэхэр кьысхуэхъурт анэ пащIэ,
Сшхащ куэдрэ ахэм я ныгъупIастэ Іэфl.
Анэпшэщ, жаIэу
Нэхъ кьысхуэгумащIэу,
Нэ лейкIэ сэ кьызэпIуэ,
Сигу схуагъафIэ.
Севгъэблэгъэмэ,
Куэдым кьыщIэупщIэт,

Ягу хэхъуэрт

Дыхэгъэсэу яльагъуху,
Дыжеижамэ,
ПIхьыныхэр кьытщIауупщIэрт,
Нэху щыщим,
Дэр фIэкI, нэгъуэщI я мыIуэхут.

КIуэ пэтми хощI ана гулъытэу дгъуэтым.
Сошынэ фыанэпшэу сыфIупIуэн.
Зэкъуэшхэм хуэдэу дызэкъуэвмыгъэтым,
Дэ щIыIи гуауи нэхъ кьыттегупIэнщ.

Лъахэм и щIыхуэ

Елбудэ бгыпхуэм тыгъэ схуищIт мел кIанэ,
Истхэм пащIэ псалъэхэр дохэм,
ЗгъэлъэпIэнкIэ кьысщыгъэт зи Іанэ,
Уэрэд зэхэслъхьафу сэ сыхъуам.

Жэмтхьалэпсыр сэ кьызэIущащэт,
ЗызгъэпскIыну абы сыхьыхьэу,
Усэ зэрыхуейри зызингъащIэт,
И дауд дахащэмкIэ сихьэхут.

Ди Жыгъакъуэ мэзри жэуап хуейуэ,
Кьыгуугу макъкIэ куэдрэ кьызэджащ,
Сэ си жэуап псалъэр гъуэтыгъуейуэ,
Си гуи си щхьи Іэджэрэ зэбгъажащ.

Си макъ щабэ зэрымыубыдамкIэ
Зэрыслъэкlкlэ лъахэм сеIун псалъэ,
Си кьалэмыр сэ згъэбакъуэу дамэкIэу,
Гугъэм Іэплlэ хуэсщIын сигу ильащ.

Ауэ згъуэткъым лъахэм екIун псалъэ,
Кьысхуищlахэр зэрыспшыныжьын,
Сощlэ, лъахэм сэ и щIыхуэ стельу,
Елбудэ лъапэ сыщыщIалъхьэжьинщ.

Автобус къэувыIэпIэм деж

Магъыр щIалэ цIыкIур зэгуэрду,
Джашым хуэдэу, кьолъэлъэх и нэпс,
Автобусым блишащи и адэр
Кьыкlэлъыкlуэ къэувыIэпIэм нэс.

Магъыр сабийр зыми хуэмыудэIуу,
«Папэ» фIэкI и макъым кьимыкIыж...
Иджыпсту абы и гуэвэкlэм
ПIыщIрэ зы гъэр сэ сигу кьегъэкIыж...

Дыкъыкъуанэу анэм и кlэ кьуагъым
МафIэгуакъэм мащIэм дыхана?!
Псыхэкlуадэу сабийм ди гъы макъыр
Дэ адэншэу дапщэ дыкъэна?!

Абы щыгъуэ мафIэгухэм я Іугъуэу
Ди адэхэм я нэкlу зыгъэпщкlуар
Нобэм кьэсеки хэлъкъэ атIэ тхъугъэу
Фызабэхэм я щхьэм кьыхэнау!..

Ей, шоферхэ, мафIэгузехуэу щыIэ!..
Фи гулъэфым, марэкэ, фыхуэсакъ,
Фытемылъэкъуклыу фыкlэуфыIэ,
Кьэмыу щIыкlэ сабийм я гъы макъ!

ЩIблэр топ уэ макъым зыкIи хуейкъым,
Кьыхэмыщту ахэр ирежей...
ЩIыми, псыми, уэгуми фыщIызекIуэ,
Зауэ гъуэгур кьыхэвмых къудей!

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзщ.**

Хамэ уэрэд ар зэи ежьууакъым

ЗЭМАН мащIэщ ар адыгэ литературэм зэрыхэлэжьыхьар, ауэ абы куэд хуэзфIэкIащ - хамэ уэрэд емыжьууэ, езым и лъагъуэ, лирик нэсым и лъэужь литературэм щыпхишыни кьехъуIащ. Хуэзфlэкlащ, фыуэ илъагъу и Іэщlагъэм хуэпэжти, хуэIэижьти, и гъащIэри и гушIэри щIыхь зыпылъ а Іуэху лъапIэм триухуати.

Гъубжокъуэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ адыгэ усыгъэми сабий литературэми. Абы и фIыщIи и щытхъуи хэлъщ адыгэ уэрэдым игъуэта зыужьыныгъэм.

УсакIуэ Гъуэзэджэм и тхыгъэхэр мыкIуэдыжьын ящIащ абыхэм япкърылъ гупсысэ куум, гурыщIэ кьабзэм, я художественнэ гъэпсыкIэ щIэщыгъуэм. Гъубжокъуэм и дэтхэнэ зы псалъэри абы и псэ хьэлэлым кьыбгъэдэкIырт, игу кьабзэм и хуабагъкIэ гъэнщIат. УсакIуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэр лъэпкъ хабзэ-нэмысым, хьэл-щэн дахэм, абы и гъащIэм щыщ Іэхуигъуэ нэхъыщхьэхэм ятеуухуащи, аращ ахэр мыкIуэдыжьын зыщIыр, цIыхупсэм щIехуэбылIэр, цIыхугум фIыкIэ кьыщIинэр.

Гъубжокъуэ Лиуан сабиигъуэ дахи, щIалэгъуэ тыншы, балигъыгъуэ хуэупсэгъуи иIакъым. Абы и щхьэусыгъуэр куэд мэхъу, ауэ нэхъыщхьэр зыхалъхуа зэманыр гугъуэу зэрыщытамрэ ар адэншэу кьыззэрыхуамрэщ. Гъубжокъуэр ящIащ Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр кьиплъыщIа щIалэ цIыкIухэм. Ар кьыщыхъуащ Жэмтхьэлэ, езым хуэдэ щIалэ цIыкIухэм яхэту. Сабиигъуэм щхьэкIэ Гъубжокъуэм итхыгъащ: «Сэ сыхалъхуащ етIуанэ илъэситхум, Анэ быдзышэ губгъуэм сыщсфащ, СабийгъэудэIум си гущэ хъыринэр Хьэсэлэ жьауэм деж щыщIиупскIащ». И адэр щхьэщымытами, ар зеиншэ дыдэу кьэнакьым, ар щIэтт и анэ гумащIэм и жьауэм. Лиуан чэнджэщгъуи дэIэпыкIуэгъуи кьыхуэхэмрэ щытащ и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, гъунэгъуэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

Кьуажэ школым щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм фIыуэ илъагъуу щытащ бзэ щIэныгъэхэмрэ литературэмрэ, псом хуэмыдэжу адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Аращ Лиуан кьуажэ еджапIэр нэхъыфIхэм ящыщу кьиуха ноужь, 1954 гъэм Къэбардей къэрал пединститутым щыщIэтIысхьар.

Институтым щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм куууэ иджащ адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, абы кьыдэкIуэу, уриус литературэр, дунейпсо усыгъэр, тхыдэр, философиер, логикэр.

Тхущ Іэгъэхэм я етIуанэ Іыхьэм тохуэ Гъубжокъуэм тхэн щыщIидзар. Абы и усыгъэ щхьэхуэхэр газет зэмылIэужьыгъуэхэм кьыттрадзэу хуэжьэ, иужькIэ ахэр «Іуащхьэмахуэ» журналым кьытохуэ. Аузэ ар усэным дехьэх. Гъубжокъуэм тхэн кьыззэрыщIидзар усэкIэщ, ауэ абы тхьилъеджэхэм я пащхьэм япэу ирилъхьар и рассказхэр щызэхуэхьэса «Ди кьуажэ щIалэ цIыкIуэр» тхылъырщ. Абы иужькIэ Лиуан и тхылъ зыбжанэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшыкрэ Москварэ кьыщыщдэкIащ.

УсакIуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэр цIыхубзыр, ягу щIрихьыр абыхэм япкърылъ пэжагъ инырщ, ахэр гъащIэм щыщ Іыхьэу, езыхэм гъащIэр фIыуэ кьыщыгъэпсэгъуи илъэсыгъуаузэщ Гъубжокъуэ Лиуан и лирикэ усэр зыхуэдэм, абы и усыгъэ псалъэ щэрыуэм кьарууэ бгъэдэлъым, Іэзагъэдэхуэ хэлъу усакIуэм литературэм и адрей лIэужьыгъуэхэми зэрыхэлэжьыхьам.

Рассказ нэхъыфIхэр урысбзэкIэ зэдзэкIауэ иту Москва и «Детская литература» тхылъ тедзапIэм фIыуэ илъагъуу щытащ бзэ щIэныгъэхэмрэ литературэмрэ, псом хуэмыдэжу адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Аращ Лиуан кьуажэ еджапIэр нэхъыфIхэм ящыщу кьиуха ноужь, 1954 гъэм Къэбардей къэрал пединститутым щыщIэтIысхьар.

Институтым щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм зэдзэкIауэ и ту Москва и «Детская литература» тхылъ тедзапIэм фIыуэ илъагъуу щытащ бзэ щIэныгъэхэмрэ литературэмрэ, псом хуэмыдэжу адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Аращ Лиуан кьуажэ еджапIэр нэхъыфIхэм ящыщу кьиуха ноужь, 1954 гъэм Къэбардей къэрал пединститутым щыщIэтIысхьар. Ар мыиними, абы зыугъуауэ кьыщыгъэпльэгъуащ Къэбардей лъахэм и нобэрей гъащIэри, и цIыху гъуэзджэхэм я Іэзхущlафэхэри, и щIыуэпс дахащэри. Тхылъым ит дэтхэнэ зы рассказри гукъинэщ, псом ящхьэраци, ахэр купщIафIэщ, сабийхэм я гущIэм пльэIэсу худжественнэ пэжагъ ин яхэлъщ, тхакIуэм и псалъэр ягъэкIуэ цIыкIуэм я гумрэ я псэмрэ дохьэ».

Апхуэдэу Лиуан и тхыгъэхэм щыщхэр зэрадзэкIащ балъкъэрыбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ, кьэжэрыбзэкIэ, латышыбзэкIэ, монголыбзэкIэ, украиныбзэкIэ, нэгъуэщIбзэхэмкIи. Езы Гъубжокъуэми Іэкlуэльакlуэу адыгэбзэм кьригъэзэщIащ і нэгъуэщI лъэпкъ усакIуэшхуэхэу Пушкин Александр, Есенин Сергей, Бараташвили Николоз, Тихонов Николай, Джалиль Мусса, Симонов Константин, Гамзатов Расул, Кулиев Александр, Кулиев Къайсын сымэ, нэгъуэщIхэми я Іэдакъэщlэкlэхэр.

Гъубжокъуэм и критикэ, публицистикэ тхыгъэхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ кьытехуэу щытащ ди лъахэм кьыщыщIэкI газетхэмрэ журналхэмрэ. Езы усакIуэм и лэжьыгъэм, абы и тхылъ щхьэхуэхэм ятеуха тхыгъэ куэд я Іэдакъэм кьыщIэкIащ ди адыгэ тхакIуэхэм ящыщ зыбжанэм. Апхуэдэхэщ КъаГырмэс Борис, Тхьэгъэзит Зубер, Щоджэн цIыкIу Іэдэм, Мысачэ Пётр, Бицу Анатолэ, Гъут Іэдэм, Сокъур Мусэрбий сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэ купщIафIэхэр.

Лиуан и лирикэм и «Іэпкълъэпкъыр» гурыщIэщ, и Іуэ и кьеуэ макъыр псэкIэ зыхьобощIэ, абы цIыхугъэ лъагэрэ нэмыс инрэ хэлъщ, гурыщIэ кьабзэкIэ зэщIэуэзэдащ. Гъубжокъуэм и усэхэр ГащIэм быдзу пыщIащ. И лирикэм и кьарурщIэмыIэн пащIэ, усакIуэм мыхэму Іэмалыщ Іэхэр кьыпIыхьуащ икIи ар кьехъуIэу щытауэ убж хъунущ.

ИкIыкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Іэузгуфуэ кьыщIыуэтащ «Си Іыахэ - си удэ дахэ» усэм. Тхыгъэр зыгъэпсэлъыхьыщIэщIэщIыгъуэщи, куэдым урегъэупсыс, псэр егъэпIейтей: «Сяужькlэ, хуейми, удэи керемыкI...» - жиIат жи, цIыху Іей гуэрым, щыIэм щыгъуэ... Ар дауэ цIыхум и жьэм кьыжьдыкI: «Сянуэ-кIэ, хуейми, удэи кьремыкI...». Фы фIэкIа, сыт хужьпIэн мы усэм? Ар куэдым ягу ирихьащ, литературэ критикэм абы гулъытэщхэу хуищащ. Псалъэм папщIэ, усэм теухуауэ ТхьэгъэзитI Зубер итхыгъащ мы псалъэ гуапэхэр: «Гъубжокъуэм и тхыгъэ гъуэзэджэ «Си Іыахэ - си удэ дахэр», си гугъэмкIэ, ди адыгэ литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм, нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ, ди лирикэм и фIыпIэщ. Усэм кьиIуатэ гупсысэр куущ, пщыгъупщэжьнкIэ Іэмал имыIэу, зы псалъэ, мыр мыбдежьым щымытащэрт е ар нэгъуэщIкIэ зэсхъуэкIынт хужьпIэну абы кьыхэгъуэтэгъуейщ...» Апхуэдэ псалъэхэр зыхуатха икIи зыхуэтхыпхъэ усэ купщIафIэ куэдыкIей иIэщ Гъубжокъуэм.

Усыгъэм зи гумрэ зи псэмрэ хьэлэлу езыта Гъубжокъуэм и зы Іэдакъэщlэкlэм нэхъуэ адрейр, и зы текIуалъым нэхъ я кьыкIэлъыкIуэр нэхъыфI хъуурэ екIуэкIащ. Абы щыхьэт тохъуэ и усэ щэ бжыгъэхэм нэмыщI, и поэмэ гъуэзджэхэри, рассказ хьэлэмэтхэри, публицистикэ тэмгъэ хьащIэзыхьэхэри.

Гъубжокъуэ Лиуан 1963 гъэм СССР-м и Журналистхэм, 1969 гъэм Тхакlуэхэм я зэгуэхьныгъэхэм хагъэхьауэ щытащ. А кьалэн лъапIэхэр и псэр пытыху щIыхь пылъу абы итщэзыщIащ. И пэмкIэ Іэфlымрэ и дуней текIыгъ дахэмрэ я кьалъытэри, 1988 гъэм Гъубжокъуэм кьыфIащащ «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Лиуан тIэунейрэ къратащ «За освоение целинных и залежных земель» медалыр, ВЛКСМ-м и ЦК-м и щIыхь тхылъыр.

ЗэфIэкI дзгъуэ кьиIуэлъагъуэу илъэс зыбжанэкIэ лъэпкъ литературэм хэзыгъэсащ. Гъубжокъуэ Лиуан, ауэ ищIэну псом хунэмысу усакIуэ гъэзэджэр 1988 гъэм фокIадэм и 3-м дунейм ехыжащ, и тхылъ купщIафIэхэмрэ и кьуэ закъуэмрэ кьиIэрпнэкIри. Аизр Лиуан и фэеплъ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ, икIи Гъубжокъуэ лъэпкъри, благъэ-Іыхьлъэхэри, гуауэшхуэр зытепсыха и щхьэгъусэ Рити зэрыгушхуэ икIи зэрыпагэ хъуи фэеплъу кьэлъытапхъэщ.

ЕРЖЬБ Аслъэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.
2013 гъэ

Гамзатов Расул и щытхъу дахэ

ЛИУАН и литературэ лIыхъужьыр щIэпсэур мыхьэнэншэу, Іуэхукlэ мыгъэнщIауэ и гъащIэр ирихьэкIыну аратэкъым, атIэ лэжьыгъэкIэ, ари Іэпщэ къару лэжьыгъэ къудей мыхъуу, псэмрэ акъылымрэ я зэпымыуэ лэжьыгъэкIэ гъэнщIауэ щытынырт.

Гъубжокъуэм и щIэр жьыжьэ нэIусат. Сигу къокIыж РСФСР-м и тхакIуэхэм я III съездым сызыщыхуэзза Гамзатов Расул къызжиIауэ щытар. «Хэт Гъубжокъуэ Лиуаныр? Щыпсэур, щылажьэр дэнэ?» Жэуап еста нэужь, Гамзатовым жиIащ: «Фбыщ апхуэдэ усакIуэ щIалэ гъэщIэгъуэнхэр фиIэ зэрыхъур. Сэ сыкъеджащ Лиуан и усэ гуп «Дружба народов» журналым тету. Нэгъэсэуэ усэфIэхэщ!»

ТХЬЭГЪЕЗИТ Зубер,
КъБР-м и цIыхубз усакIуэ.

Тхьэм цIыхур гъунэгъу зэрызыхуищI Іэмал

УЭРЭД жиIэ зэпыту псэуа закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Гъубжокъуэ Лиуан. Сабиигъуэ гурыфIыгъуэншэмрэ щIалэгъуэ хьэлъэмрэ кьэкIэпхрыкIа, псэуну щIидзауэ кьыщыфIэщым, гъащIэр зэуэ кьытеункIыфIа пэтми...

Поэзие - аращ Лиуан псэуху жиIа уэрэдым зэреджэр. Бохьшэм иплъхьэ е кьыгуэдзэкъыкI мыхъу псоми пщIэ лъэпкъ щхьэмыщIым мы ди зэманым щэщIауэ ущIытепсэлъыхьыну щымыIэу кьэпщэхуу Гъубжокъуэм гъащIэ гъуазэу иIа поэзием. Сыту жьпIэмэ усыгъэр Тхьэм цIыхур гъунэгъу зэрызыхуищI Іэмалщ. Іэщэ нэщэнэхэр тепщэ щыхъу зэманэм дежи пшэжьэм щIэхъуиIэ дыгъщ. ЯгъэнщIыуэр фIэкIа дунейм и фIымрэ и Іеймрэ зэхэзымыхуфхэм кьапхугурымыгъэIуэн икIи пхуазыхемыгъэщIэн телъыджащ. Ауэ, Тхьэм и шыкуркIэ, щIыIэщ, Лиуан хуэдэу, а дыгъэр ноби зи гум кьыщIэзыхьэкI цIыхуэр.

ИкIи щIэнэщ.

ІУТІЫЖ Борис,
КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ.
2007 гъэ

КъШР-м и усакIуэ цIэрыIуэхэу Хьэнфэн Алимрэ Байрамуковэ Хьэлимэтрэ Налшык къеблэгъащ.
1970 гъэ

Литературэ институтым и курс нэхъыщхьэхэм щыщеджэ зэманым. *1972 гъэ*

БЖЭІУМЫХ Барисэт:

ПСЭКІЭ КЪЫХЭСХА ІЭЩІАГЪЭМ СЫХЭПЭЖЩ

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм щыхь зиІэ я артистхэ, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэ Бжэ-Іумых Барисэт ильэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлІэу «Адыгэ псалъэ» газетым къедгъэблагъэри, и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ тедгъэпсэлъыхьащ.

• ДифІ догъэлъапІэ

- Барисэт, укъызыхэкІа унагъуэм, къыбдалъхуахэм я гугъу къытхуэщІыт.

- Къуажьыкъуей Ищхьэрэ (Щэрэдж Ищхьэрэ) къуажэм дэса, адыгэ хабзэ дахэр щызекІуэ къызэрыгуэкІ унагъуэщ сыкъыщыхъуар. Си адэ Гъумаррэ си ана Забиянрэ къуажэм пщІэшхуэ щаІэу щытащ. Си адэр курыт еджапІэм тхыдэмрэ обществознаниемкІэ егъэджакІуэу щыІэжьащ, си анэр унэгуащэт. Ди адэ-анэм фІыщІэ яхуэфащэщ зэдэлъхуэзышхьэхэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ кьиІэзыдатам папщІэ. Ди адэр Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтахэм, Берлин нэсахэм ящыщщ. Абы хуэдэхэр зырызыхэт. Ар цІыхухэм, псом хуэмыдэу и гъэсэнхэм, фІыуэ кьалъагъут. Курыт еджапІэм абы щиІа пэшым иджы музей къыщыхэІуахащ. Абы щызэхуахьэсащ къуажэм и тхыдэм, абы дэса цІыху гуащІафІэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр, тхыльхэр, пасэрей Іэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр.

Си шыпхъу нэхъыжь Тамарэ цІыху Іущт, щІэ куэдым сыхуриІэбдзэрт. Ар ипэщІыкІэ республикэ сымаджэщым нэм щІэзэз и къуадамэм, иужькІэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щылэжьащ. Си дэлъху Мухьэмэд ухуакІуэт. Си шыпхъу Галинэ Налышк дэт Онкологие диспансерым и дохутыр-лаборантщ.

Ди жагъуэ зэрызыунщи, си адэ-анэри, си шыпхъу нэхъыжь Тамари, си дэлъху Мухьэмэди дунейм ехыжащ. Абыхэм я фэеплъыр зыщыдгъэгъупщэркъым.

- Артист Іэщ1агъэр къыхэпха зэрыхъуамрэ абы уэрыхуеджамрэ сфІэгъэщІэгъуэнщ.

- Артист Іэщ1агъэм апхуэдизкІэ пасэу сыдикьэхащи, ар къыздамыльхуауэ си фІэщ уэрыкъым. Къуэжькьыкъуей Ищхьэрэ къуажэм и курыт еджапІэм и 2-нэ классым сыщІэсу абы Гуащэ театр къыщызэІуахащ. Абы сэ езым си жэрдэмкІэ сыхьхьауэ щытащ. ЕджапІэм щагъэпъагъуэ теплъэгъуэхэм кьыщинэмыщІауэ, махуэшхуэхэм ирихьэлІэу Щэнхабзэмкіэ унэм утыку къыщрахьэ спектаклхэми жыджэру сыхэтт.

Щукин Борис и цІэр зэрихьэу Москва дэт театр институтым ягъэкІуэну еджакІуэхэр къызэрыхахьым теуауэ хьыбарегъащІэ газетым кьытехуауэ срихьэлІащ. Зэпеуэм цІыхушхуэ хэтами, зи насып къихьахэм сахэхуащ. Ящэ ильэсым нэхъ гугъу Руслан, Дэбагъуэ Роман, Теувэжькъуэ Владимир сымэ. Дэтхэнэми сыхуэзарэзыщ, лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр, щІэщыгъуэхэр къызэрыкъуагъэфащам папщІэ. Режиссёр къэс лэжьыгъэм Іэуку еплъыкІэ щхьэхуэ хуащІащ. Абыхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэм уигу къэмыкІ гъэщІэгъуэн куэдым гу лъыуагъэтэ.

Нэхъ пасэхэм сыэхъуапсэу щыта роль куэд щыІащ. УтепсэлъыхьыжкІэ мыхьэнэ имыІэмэ, ми зыр къыхэзгъэщынщ. Ар театрым щамыгъэува Жанна Д'Арк и роль лырщ. Сыщыщ1аІэм а образыр схуэщІыну си къарум сыкъигъэгъэрт икІи а ролым уха6жьу сехьуапсэрт. Ауэ Жанна Д'Арк адыгэ театрым зэрытпэжьжьэр арауэ къыщІэкІынщ а лэжьыгъэм зыми зыщІримыпщытар.

Институтым дыщызыгъэджахэм хуабжьу сахуэарэзыщ. Іэхум нэхъ куууэ дызэрыхагъэгъуэзэным хущІэкъуэу ахэр къыддэлэжьащ. Еджэныр хъарзынэу къызэухри, щыху 24-рэ хъу ди гупым сахэту 1975 гъэм Налшык къэзгъэзэжащ. Абы лъэндэрэ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым сыщолажьэ. Ящыныкъуэхэр хэти телевиденэм, хэти Урыс къэрал драмэ театрым щыІэхэщ. Зэдеджакэр дэнэ Іэнатіэ Іымытми, дызэрымыгъэкІуэду дызэкІэтхьокІуэ, дызэрольагъу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди гупым щыщ зыбжанэ я ныбжькІэ щІалэу дунейм ехыжащ.

- Барисэт, артист Іэщ1агъэр сыт уи дежкІэ?

- Гурэ псэкІэ къыхэсха Іэщ1агъэм сыхуэпэжщ. Уи Іэщ1агъэм ухуиІуэщІамэ, нэгъуэщІ умылъыхъуэу урилэжьэнущ, цІыхухэм ягу уэзрыдыхьэм, я гукъыдэжьым зэрыхэбгъахъуэм нэхъри зыуиГъуэзэщІу, кьырууцІэ къыпхилъхьэу. Нэхъыщхьэр, уи Іэщ1агъэм уэзрыхуэІэжьыр, абы уэзрыхуэфащэр бгъэнаІуэу, цІыхухэм я фІэщ хъуэу утыкум ущыджэгунырщ.

- Артистыр зыщІэхъуэпс ролыр къыльысыныр куэдкІэ зэлъытар режиссёрырщ. Апхуэдэу узыдэлэжьа режиссёрхэм я щІэ къытхуипІуамэ арат. ИтІанэ, бгъэзэщІэну уехьуапсэу, ауэ щхьэусыгъуэ гъэрхэмкІэ къыпІэныместа ролыщІэ?

- Режиссёр зыбжанэм садэлэжьащ. Апхуэдэхэщ Ерчэн Леонид, Теувэж Сулътан, Кьубатий Мухьэмэд, Шэрджэс Мухьэмэд, Фырэ Іуэрыпсэ, Дзэгъуэ Роман, Теувэжькъуэ Владимир сымэ. Дэтхэнэми сыхуэзарэзыщ, лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр, щІэщыгъуэхэр къызэрыкъуагъэфащам папщІэ. Режиссёр къэс лэжьыгъэм Іэуку еплъыкІэ щхьэхуэ хуащІащ. Абыхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэм уигу къэмыкІ гъэщІэгъуэн куэдым гу лъыуагъэтэ.

Нэхъ пасэхэм сыэхъуапсэу щыта роль куэд щыІащ. УтепсэлъыхьыжкІэ мыхьэнэ имыІэмэ, ми зыр къыхэзгъэщынщ. Ар театрым щамыгъэува Жанна Д'Арк и роль лырщ. Сыщыщ1аІэм а образыр схуэщІыну си къарум сыкъигъэгъэрт икІи а ролым уха6жьу сехьуапсэрт. Ауэ Жанна Д'Арк адыгэ театрым зэрытпэжьжьэр арауэ къыщІэкІынщ а лэжьыгъэм зыми зыщІримыпщытар.

Институтым дыщызыгъэджахэм ди художественнэ унафэщІу щыта Коленовский Владимир къызжиІауэ щытащ сыт хуэдэ ролри схуэщІыну, комедие, трагедие, драмэ е нэгъуэщІ жанр ирехъуи. Нобэр кьызэдэсым сыт хуэдэ спектаклми сыщоджэгу. Роль щІыкІуэри, ролыщхуэхэри, роль нэхъыщхьэхэри сщІащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, дэтхэнэми, цІыкІуми инми, зэхуэдэу уолэжь, зэман тыбогъэкІуадэ. Уи гугъуехь хьымылъхьауэ зи роли кьохъулІэнкъым. ЦІыкІущ жыпІэу щхьэфэду образым убгъэдыхьэ хъункъым.

- Театрым уэзрыщІылажьэ зэманым кьриубыдэу роль 50-м щІигъум екъулІэныгъэхэр уиІэу ущыджэгуащ. Нэхъ уигу кьинэжа лэжьыгъэхэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Хуабжьу сигу кьинэжащ си диплом лэжьыгъэр. Ар алыдж драматург Евгипид и пьесэм кьытращІыкІа «Ипполит» спектаклым пащтыхь гуащІэу хэт Федрэ и образырщ. Теувэж СулътІан фІыщІэшхуэ хузощІ Шоу Бернард и «Пигмалион» пьесэм хэт Дулитл Элизэ и ролыр кьызэрызитам папщІэ. Апхуэдэу абы кьыскуигъэфащауэ щытащ Юджин О'Нил и «Любовь под вязами» спектаклым хэт Абби и ролыр. Ар икІи ролышхуэт икІи гугъут. ИтІанэ сигу кьинэжащ Фырэ Руслан игъэува «Лъагъуныгъэм итхьэкъуэхэр» спектаклым хэта Катрин и ролыр. Шортэн Аскэрбий и «Ящэмрэ кьэзышхэмрэ» пьесэм кьытращІыкІа спектаклым щысщІа Гупэ и образри гукъинэж сщІыхьауэ. Теувэжькъуэ Владимир игъэува «Сыукі иджы, си дуней нэху» спектаклми роль нэхъыщхьэр щызыІащ. Кьаныкъуэ Заринэ и «Нагъуэ и унагъуэр» пьесэм кьытращІыкІа спектаклым Нагъуэ и ролыр щызгъэзэщІащ. Іутпыж Борис и «Кхъужьеибэ» пьесэми сигу дыхьэ образ кьыщІислъысащ. Толстой Алексей и тхыгъэмкІэ ягъэува «Пащтыхьымрэ пащтыхь анэмрэ» спектаклым Ефросиньеу сыщыджэгуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, дэтхэнэ си лэжьыгъэри гукъинэжщ. Псоми щхьэхуэу я гугъу пхузощІынуц.

- Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэхэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу пщІэ, нэмыс, зэгурыІуэ фи зэхуаку дэлъу фызэрызэдэлажьэм сыщыгъэзащ. Уи лэжьэгъуэхэм я гугъу кьытхуэщІыт.

- Ди гупыр гъуэзэджащ. Ди нэхъыжьхэмрэ зи гъусэу седжажэмрэ зыми яхуэзгъадэркъым. Ауэ, щІалэгъуалэ дахи ди ужь итщ. Апхуэдэхэщ Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и къэрал институтымрэ Щукин Борис и цІэр зезыхьэ институтымрэ къызэрыхьу къызыгъэзэжа ди щІалэхэмрэ зыхьджэбзхэмрэ. Адыгэ унагъуэ зыкъызэрыхэкІар Іупщу, хабзэрэ нэмысрэ яхэлъщ, зэфІэкІрэ щІэныгъэрэ ябгъэдэлъщ. Гъэзэбгъуэ къэхуми, гуфІэгъуэ щыІэми зэдыдогъуэщ. Псом нэхърэ сэркІэ нэхъ пІалпІэрэ и гупым щыщ дэтхэнэри зыхуэлажьэ адыгэ театрым, лъэпкъым зэрахуэпэжырщ.

- Языныкъуэхэр Барисэткіэ, адрейхэр Бэллэкіэ къызэроджэр сфІэгъэщІэгъуэнщ. Сыт ар къызыэкІар?

- Си анэ шыпхъу нэхъыщІэ Барисэт цІыху гуакІуэт. Си анэшхуэм а цІэр сэри къысфІищащ, абы ещхь сыхъуну хуейти. А цІэр дахэ-дахэу куэдым зэрахужьмыІэм къыхэкІыу нэхъыбэр Бэллэкіэ къызэджэрти, абы сыкъытенащ. ЕджапІэр къыщІызухым, си паспортым Барисэт итми, си дипломыр Бжэ1ымых Бэллэу къызатыжащ. Абы щыгъуэм Шыбзыхъуэ Басиррэ сэрэ унагъуэ дыхъуакІэт. Щхьэгъусэ сызэриІэр, Шыбзыхъуэ унэцІэр зэрызэсхьэр яжесІа пэтми, театрым щылажьэ зэрагъэшхуэкъам щІэ лей къызэращтэр щапхъэу къыскухахьщ, си хъыджэбз унэцІэр зэратхам и зэран къызэмыкІыну кьалъытэри, схуэзэрахъуэкІыжакъым.

- Унагъуэри лэжьыгъри зэдзэпхъ щІыхубзым и пщІэ къаІэныщхуэ къыдохуэ. Абы и іэныгъуэкІэ куэд и уасэщ щхьэгъуэсэмрэ бынхэмрэ уи Іуэхуэр къыбдаІыгъыныр.

- Басиррэ сэрэ зы Іэнатіэ дыІутщи, дэчых ди зэхуаку дэлъу, зыр адрейм дыкьыгурыІуэу дыкъыздогъэгъуэгурыкІуэ. ЩІалэрэ хъыджэбзрэ - Аслъэнрэ Жанэрэ - диІэщ. Аслъэн артист Іэщ1агъэм хуеджэну и мурадами, щхьэусыгъуэу гъэрхэмкІэ кьэнащ. Юрист Іэщ1агъэр къыхихащ. Иужькіи ГъуэзджэмкІэ зритыну хущІэкъуащ. Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и къэрал институтым режиссёр Іэщ1агъэм щыхуеджащ. Басир и хьэл-щэн куэд зыдэплъагъу Жаннэ артист хъуну хуэдгъэфащэрт, арщхьэкІэ нэгъуэщІ Іэщ1агъэщ къыхихиар. Абы кьиухащ КъБКъУ-м хьэщІщІ Іуэхум туризмэмкІэ и факультетыр. Нэхъыщхьэращи, ди бынхэм дызэхащІыкІ, ди лэжьыгъэм и пщІэр кьагурыоІуэ.

Епсэльар
ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Къып Іэмырбий Нухь и къуэр

2017 гъэм мазаем и 21-м Москва зэуэзэпсэу щыІащ Къып Іэмырбий Нухь и къуэр - атлетикэ хьэлъэмкІэ спортсмен щІэрыІуэр, СССР-м и рекордсменыр, СССР-м спортымкІэ дунейпсо класс зиІэ и мастерыр, атлетикэ хьэлъэмкІэ дунейпсо категорие зиІэ судьяр.

Къып Іэмырбий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1940 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м кьыщалъхуащ. Москва дэт энергетическэ институтым щеджащ, студенту щыщІта лъэхъэнэм атлетикэ хьэлъэмкІэ спортым кууэу хьхьащ. Мыгувэу абы ящэ екъулІэныгъэхэри къыхьащ, зэхьэзэхуэ инхэм щытекІуэу щІидзащ. 70 гъэхэм ар зэпымыууэ хабжэу щытащ СССР-м килограмм 82,5-рэ зи хьэлъагъ и штангист нэхъыфІ дыдэу пщІым.

Къып Іэмырбий Москва тхуэнэйрэ и чемпионщ, СССР-м и кубокыр къэхьыныкІэ зэхьэзэхуэхэм «Буревестник», «Труд» спорт клубхэм, Москва кьалэм я командхэм хэту зыбжанэрэ увыпІэ икІи кьалащьхэм кьедза «Налшык» совхозым и унафэщІу илъэс пщыкІуэкІэ лэжьащ.

Пенсэм кІуа нэужь Къып Іэмырбий Москва дэс и унагъуэм, балигъ ахуэ и бынхэм я дэж игъэзэжри, къыхуэнэжа зэманыр абы щрихьэкІыжащ.

Зэи Іэщ1ыб имыщІыфа атлетикэ хьэлъэм зэуэзышырти, Іэмырбий судья Іэщ1агъэр зригъэгъуэтащ икІи дунейпсо категорие зиІэ судьяр Москва атлетикэ хьэлъэмкІэ и федерацэм и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ, «Москва и ныбжьыщІэхэр» спорт школым къекІуалІэ сабийхэр игъасащ.

Ди хэкуэгъум СССР-м атлетикэ хьэлъэмкІэ и спортсмен цІэрыІуэ дыдэхэр, дуней псом, Европэм, Олимп джэгухэм я чемпионхэу Жаботинскийрэ Леонид, Алексеев Василий, Ригерт Давид, Чыржын Мухьэрбий, Селицкий Борис, нэгъуэщІ куэди фІыуэ иціыхуу икІи игъэныбжьэгъуу, спортсмен лъэщ, СССР-м спортымкІэ и мастер, хьэлъагъэ нэхъ псынщІэм хэту СССР-м и чемпионатэхэм увыпІэ лъагэхэр куэдрэ щызыубыда Уянаев Владимир щІэхщІэхыурэ хуэзэу щытащ.

Къып Іэмырбий гъэсэныгъэрэ егугъуныгъэрэ зыхэлъ, къыхихиа Іэнатіэм нэгъэсауэ хуэпэж икІи унагъуэ дахэ зыІыгъ щытащ. Ар гугъуехь хэпха зэманым дэІэпыкъуну хьэзыр. Апхуэдэ цІыхугъэрэ гупылъэрэ зэрыхэлъым къыхэкІыу Къып Іэмырбий Нухь и къуэм дэлэжьа псоми пщІэшхуэ къыхуащІыт.

КъБР-м Спортымкіэ и министерствэ, КъБР-м Спортымкіэ и ветеранхэм я союз, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэ.

НЭГЪЭЦІУ ХЬЭСЭНБИЙРЭ КЪУЭШЫ МУЗЭЧЫРРЭ ЯГУ КЪАГЪЭКІЫЖ

• Фэеплъ зэпеуэ

Къэхъуэн дэт курыт еджапІэ №1-м Хэкум и къуажэмкІэм и махуэм щІыхуэхэр щыкуэдт. Сабийхэри балигъхэри къызэхуэсат щалъхуа щІынальэм и щІэр фІыкІэ зыгъэІуа я къуажэгъуэхэр иджыри зэ фІыкІэ ягу къагъэкІыжыну.

ИЛЪЭС къэс мы зэманым Къэхъуэн къуажэм щокІуэкІ Афганистаным щызэкІуэда Нэгъэцу Хьэсэнбий волейболымкІэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар ещІэщІанэу зэхаублащ. Иужьрей къэхьэнэм абы дыщІагъуащ курыт еджапІэ №2-м физкультурэмкІэ и ерыщагъэ щІыхьрэ иІэу куэдрэ лэжьа Къуэшы Музэчыр и щІэри.

Къэхъуэн дэт курыт еджапІэм и спорт пэшым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм къызэхуищэат Псыкуэз, Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу, Шэрэдж Ищхьэрэ, Аргудан къуажэхэм къикІахэмрэ хэгъэрейхэм я командитІрэ.

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы еплъыну къэкІуахэмрэ пэублэ псалъэ гуапэхэм-кІэ зыхуагъэзащ зэхьэзэхуэм илъэс къэс и къызэгъэпэщащІуэ Нэгъэцу Хьэсэнбий волейболымкІэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар ещІэщІанэу зэхаублащ. Иужьрей къэхьэнэм абы дыщІагъуащ курыт еджапІэ №2-м физкультурэмкІэ и ерыщагъэ щІыхьрэ иІэу куэдрэ лэжьа Къуэшы Музэчыр и щІэри.

Къэхъуэн дэт курыт еджапІэм и спорт пэшым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм къызэхуищэат Псыкуэз, Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу, Шэрэдж Ищхьэрэ, Аргудан къуажэхэм къикІахэмрэ хэгъэрейхэм я командитІрэ.

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы еплъыну къэкІуахэмрэ пэублэ псалъэ гуапэхэм-кІэ зыхуагъэзащ зэхьэзэхуэм илъэс къэс и къызэгъэпэщащІуэ Нэгъэцу Хьэсэнбий волейболымкІэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ емызэшыжь Гулэжьи Беслъэн, Къэхъуэн курыт еджапІэ №1-м и директор КъэхъупащІэ Іэмин, къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Хъуэст Замир, Аруан район администрацэм физкультурэмрэ спортымкІэ и кьудамэм и унафэщІ КІурашын Владимир, Афган зэуэм и ветеранхэм я Урысей союзым куейм щІэ я кьудамэм и пашэ Аргъэщокъуэ Аслъэн, Къуэшыкъэр НэгъэцІухэрэ я лІыкІуэхэм.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Кабалоев Мурадин ар зэраубзыхуа щыкІэм къызэхуэсахэр щыгъаззэ ищІащ.

Махуэ псом гуащІэу екІуэкІа зэпеуэм текІуэныгъэр къыщихьащ Къэхъуным и яп1э гупым. Бэнэныгъэ гуащІэм хэгъэрейхэр щефІэкІащ Старэ Шэрэдж кьуажэм къикІахэм. Шэрэдж Ищхьэрэм и волейболистхэм ещанэ увыпІэр къалъысащ.

ТекІуахэм фэеплъ кубокыр, дипломхэр, медалхэр, ахъшэ саугъэтхэр хуагъэфащащ.

Зэхьэзэхуэр екІуу къызэгъэпэщащІымкІэ икІи егъэкІуэкІыныкІэ дэІэпыкъуэгъу нэс къуажэщ Къэхъун къуажэ администрацэр, ДОСААФ-м и Аруан район кьудамэр, Афганистаным щыщІуэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэр, НэгъэцІухэрэ Къуэшыхэрэ я лъэпкъхэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч,
Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Бжэ зэІухахэм я махуэмрэ ЛІыгъэм и тхьэмахуэмрэ

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и лэжьакІуэхэм «ЛІыгъэм и тхьэмахуэ» Іуэхуэхэр ирагъэкІуэкІащ.

АРУАН, Лэскэн районхэм я еджапІэхэм щекІуэкІащ къэрал кІуэцІ Іэхуэхэр. Іэнатіэхэм я ветеранхэмрэ школакІуэхэмрэ я зэІухэр. Хабзэхъумэ нэхъыжьхэр тепсэлъыхьащ ОВД-м и лэжьыгъэм, къулыкъур щрахьэкІым нэхъ гъащІэгъэуну, гум имыхужу зрихьэлІахэм.

ЗэІуцІэм хэтахэм удз гъэгъахэр щагъэтІыпІыащ зи кьалэн зыгъэзащІэу зэкІуада хабзэхъумэхэм я фэеплъ пхъэбгъуэм деж, здащыІа еджапІэхэм щыцІадзахэм. А Іуэхум хэтащ зэкІуадахэм я Іыхьлыхэмрэ я ныбжьэгъуэмрэ.

Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм кьызэригъэпэща «Бжэ зэІухахэм я махуэ» Іуэхум къраГъэблэгъат республикэм и Аруан, Лэскэн районхэм я школакІуэ нэхъыжьхэр.

Ныбжьыщ1эхэм ирагъэлъэгъащ полицэм къигъэсэбэп техникэр, Іэмэпсымэр, Іэщ1ар. Абыхэм кьепсэльащ я лэжьакІуэ нэхъыфІхэр. Школакіуэхэр щыгъаззэ ящІащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ органхэм уэзрыхьэсфынум, кьулыкъур зэрыщІагъэкІыфынум, хабзэм кьемызэгъэкъэм, экстремизмэм.

ЗэІуцІэм щиухащ Нарткъалэ дэт кардодромым, къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ Іэнатіэхэм я ветеранхэмрэ зи ныбжь зэкІуэтахэмрэ зыхэта «Автодадзэхэ» зэхьэзэхуэр щекІуэкІам. Зэпеуэм щытекІуэхэм саугъэтхэр лъапІэхэмрэ дипломхэмрэ ирататащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.



• Лъэпкъ Іуэху

Бзэхэм заужьыным хуэгъэпсауэ

«Эльбрусоид» фондымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Іэщ1агъэлІэным я щІэныгъэм щыхагъахьуэ и институтымрэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу зэгъуэсу къызэрагъэпэща «ЦІыху куэдым зэгъуэсу ятх диктант» акцэр щекІуэкІащ.

НЫБЖЬКІЭ зэхуэмыдэмэ, гукъыдэж зиІэ дэтхэнэри хуитт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал бзищІымкІэ (адыгэбзэкІэ, балъкъэрбзэкІэ, урысыбзэкІэ,) диктант ятхыу я щІэныгъэр зДынэсым еплъыкІыну. Акцэм и хабзэмкІэ уи щІэ-унэцІэр къыумыгъэльагъуэми хъунут, ауэ уи ныбжьымрэ Іэнатіэ узыпэрытымрэ къыхэгъащІын хуейт.

Институтым и унафэщІ Анаев Мурат зэрыжиІамкІэ, мы Іуэхугъэр нэхъыбэу къыщІрахьэжьар бзэхэм я пщІэр нэхъ мащІэ зэрыхъурц. ИкІи мы ильэсым апхуэдэ акцэ къызэрагъэпэщкІэрэ, абы цІыхухэр къыхащэкІэрэ, анэдэлъхубзэм нобэ иІэ хъуа щытыкІэр яубзыхуну аращ.

Іуэхум хэтащ курыт школым, КъБКъУ-м щеджэхэр, анэдэлъхубзэ езыгъэджэхэр, газетхэм, журналхэм я лэжьакІэхэр, абыхэм къищынэмыщІауэ, бзэм и къэкІуэнум тегузэвыхь куэд.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщІ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдзыгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Залиф**, *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.).* *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Мариэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 3.673 • Заказ №228